



# TRIUMPH<sup>NC</sup>

## Gid Manyèl pou Paran/Gadyen

Yon gid referans sou règleman, pwosedi ak sèvis yo

Mizajou Jiyè 2024  
Septanm 2023  
Septanm 2024

\* Tanpri sonje ke mo “paran” ak “gadyen” yo se itilize yon nan plas lòt nan tout dokiman sa a.

Gid Manyèl Paran / Gadyen la te revize ak apwouve pa Konsèy Direktè ak Konsèy Politik la nan totalite li nan mwa Daout 2019.  
Mizajou apwouve nan mwa Oktòb 2022 pa tou de PC ak BOD; Out 2023

## KONTNI

<b>ENFÒMASYON JENERAL.....</b>	<b>3</b>
BYENVENI .....	3
SIT AK KONTAK YO .....	4
MISYON AK VIZYON .....	5
LISANS AK FINANSMAN FEDERAL.....	5
FÈMEN AK JOU FERYE.....	6
DEKLARASYON SAN DISKRIMINASYON .....	7
WÒL ANPLWAYE YO .....	8
KONFIDANSYALITE AK DOSYE TIMOUN YO .....	9
<b>ENSKRIPSYON, PREZANS AK PATISIPASYON .....</b>	<b>16</b>
ENSKRIPSYON AK OPSYON PWOGGRAM .....	16
ORÉ POU PARAN/GADYEN YO .....	17
PWOSEDI POU ARIVE AK DEPA.....	17
PREZANS.....	18
FRÈ EKOLAJ AK LÒT FRÈ .....	19
TRANZISYON.....	20
RENVWAYE OSWA RETRÈ .....	22
<b>PATENARYAL FANMI AK ANGAJMAN .....</b>	<b>22</b>
KÒD KONDUIT POU PARAN/GADYEN YO .....	22
ANGAJMAN FANMI .....	23
VIZIT LAKAY .....	25
REFERANS AK SIPÒ POU FANMI.....	26
SÈVIS TRADIKSYON YO .....	26
PARAN VOLONTÈ.....	23
PLENT POU PARAN OSWA KOMINOTE.....	26
LIMIT PARAN AK ANPLWAYE YO (GADRI AK MEDYA SOSYAL) .....	27
<b>ENFÒMASYON SOU SAL KLAS AK LAKAY.....</b>	<b>29</b>
EDIKASYON AK PWOGGRAM (KOURIKOULÒM) .....	29
OBJEKTIF POU SISKÈ LEKOL LA.....	30
SIPÈVIZYON TIMOUN YO.....	31
GID SOU KONPOTMAN AK JESYON TIMOUN YO .....	32
JWËT KI SOTI LAKAY .....	33
KÔD ABIMAN .....	33
ANIVÈSE NESANS AK JOU FERYE.....	33
KOUCHET AK TWALET .....	33
DOMI .....	34
TAN DEYO .....	35
PWOMNAD.....	35
TÈS DEPISTAJ AK REFERANS .....	35

ANDIKAP SÈVIS SANTÈ MANTAL.....	36
<b>SANTE AK SEKIRITE .....</b>	<b>38</b>
RAPÔ SOU ABIZ AK NEGLIJANS TIMOUN.....	37
ANVIWONMAN SAN FIMEN AK ABIZ SIBSTANS .....	40
VERIFIKASYON DOSYE .....	41
GID JENERAL POU SANTE TIMOUN.....	42
KONDISYON SANTE AK DOKIMANTASYON.....	42
VAKSINASYON.....	42
SWEN SANTE ORAL (BOUCHE) .....	43
IJYEN.....	43
EGZAMEN FISIK KI PA IJAN .....	43
RÈGLEMAN SWEN SANTE TIMOUN .....	44
ENFÔMASYON KONTAK .....	44
ENFÔMASYON IJANS .....	44
BLESI.....	45
MALADI.....	45
RESTRIKSYON SANTE .....	46
JESYON MALADI ENFEKTYE AK KONTWOL ENFEKSYON.....	47
ENFESTASYON PINEZ.....	47
ADMINISTRASYON MEDIKAMAN.....	47
PLAN SWEN SANTE ENDIVIDYEL.....	49
NITRISYON TIMOUN.....	49
ENFOMASYÔN SOU NITRISYON.....	49
SIPÔ NITRISYON PRENATAL.....	49
REPA AK TI GOUTE.....	49
SEKIRITE ALIMANTÉ E SANITASYON.....	50
AKOMODASYON REPA YO.....	50
TI BEBE.....	50
JESYON IJANS.....	50
KALITE REPONS YO.....	51
PREVANSYON DIFE.....	52
REYINIFIKASYON AK PARAN YO.....	52
PATENERI KOMINOTÈ AK VOLONTÈ.....	52

---

## **Enfòmasyon jeneral**

Chè Paran / Gadyen

Anplwaye Triumph Inc. ofri yon akeyi pou oumenm ak ptit ou (yo) nan pwogram nou an. Nou swete pou nou travay ansanm avek ou, pou pou prepare ptit ou a pou siksè nan lekòl e pi lwen pase Objektif nou nan Triumph Inc. Se pou bay bon jan kalite sèvis konplè pou timoun piti, kit se lakay yo, nan youn nan sant gadri nou yo, oswa nan youn nan patnè kominotè nou yo. Paran timoun yo, ak moun kap bay swen, yo jwe yon wòl enpòtan nan siksè pwogram nan. Nou espere ke ou ap pwofite opòtinite sa-a ke nou ofri pou patisipe nan edikasyon ptit ou.

Depi nan lane 1965, Triumph Inc, travay avèk Taunton e Raynham nan finansman federal Head Start (HS) ak sant Early Head Start (EHS). Se yon pwogram ki fèt lakay. Nou ofri sèvis edikatif pou fanmi yo ak timoun ki gen sis (6) semèn jiska laj senk (5) lane.

Manyèl sa a (Paran / responsab) te kreye pou fè ou konnen règleman, pwosedi, ak sèvis Triumph yo. Se kòmansman ak echanj enfòmasyon ki pral kontinye pandan tout patenarya nou avek ou. Tanpri konsève Manyèl sa-a, epi sèvi ak li kòm yon gid referans. Mèsi paske ou fè nou konfyans pou nou pran swen ptit ou yo. Mèsi paske w te konfyé nou swen ptit ou (yo). Nou espere ke nou va genyen yon relasyon ki long ak anpil siksè.

*Karen M. Ennis*  
**Karen M. Ennis**  
**Direktè Egzekitif**

## **Sit AK KONTAK YO**

Biwo Administratif:  
**Riverway Center**  
100 Hon Gordon Owen Riverway  
Taunton, MA 02780  
508-822-5388

### **Sit Yo:**

**Barnum**  
25 Barnum Street  
Taunton, MA 02780  
508-822-5388

**Riverway Center**  
100 Gordon Owen Riverway  
Taunton, MA 02780  
508-822-5388

**Quinn Center**  
62 Independence Drive  
Taunton, MA 02780  
508-822-5388

### **Kontak Direktè Egzekitif la:**

Name: Karen M. Ennis  
Address: 100 Honorable Gordon Owen Riverway. Taunton, MA 02780  
Phone: 508 822 5388  
FAX: 508 822 4894  
email: [kennis@triumphinc.org](mailto:kennis@triumphinc.org)

### **Ekip Jesyon**

Karen M. Ennis, Direktè Egzekitif  
Sandy Furtado, Manadjè Pwogram Kominote ki fèt Lakay: [sfurtado@triumphinc.org](mailto:sfurtado@triumphinc.org)  
Melinda Cabral, Manadjè Edikasyon pou Timoun Piti: [mcabral@triumphinc.org](mailto:mcabral@triumphinc.org)  
Lisa DeMaio, Manadjè Sèvis pou Timoun ak Fanmi: [idemelo@triumphinc.org](mailto:idemelo@triumphinc.org)  
Nancy Simmons, Manadjè Finans: [nsimmons@triumphinc.org](mailto:nsimmons@triumphinc.org)  
Kathleen Matteson, Manadjè Sante ak Sekirite: Pedyatrik [kmatteson@triumphinc.org](mailto:kmatteson@triumphinc.org)

## **Deklarasyon Misyon ak Vizyon**

Apwouye pa:

Manb Konsèy administrasyon an: septanm 2016

Manb Council yo: septanm 2016

Triumph sipòte edikasyon, byennèt ak oto-sifizans timoun piti yo ak fanmi yo nan yon bon jan pwogram pou timoun piti ki nan kominote a.

## **Filozofi Pwogram nan**

Triumph, Inc Head Start ak Early Head Start ak fanmi yo kwè nan wòl ke ou jwe pou amelyore devlopman ak karaktè timoun yo, ladrès ak konesans pou prepare siksè yo nan lekòl. Nou ankouraje devlopman chak timoun, depi yo fèt, jiska laj 5 an pandan nap travay pou bay yo bon jan levasyon nan yon anviwònman ki konsantre sou devlopman sosyal ak emosyonèl kòm fondasyon pou sipòte kwasans ak aprantisaj yo nan domen sa-a yo:

Devlopman Emosyonèl Sosyal, Bon sans, kapasite ak Devlopman Fizik, Kapasite mantal ak bon jan Konesans  
Metòd aprantisaj: Devlopman Langaj ak Alfabetizasyon

## **Lisans ak Finansman Federal**

Pwogram nou yo lisansye pa Depatman, MA: Early care and Education (EEC) Ou ka kontakte EEC pou ka gen plis enfòmasyon sou pwogram nan ak koman nou travay.

Ou ka kontakte nou nan:

Department of Early Education and care (EEC) (Biwo lokal)  
1 Washington Street  
Taunton, MA 02780  
Telefòn: 508.828.5025  
Web: [www.eec.state.ma.us](http://www.eec.state.ma.us)

Triumph, Inc. finanse pasyèlman pa yon sibvansyon akòde pa Biwo Head Start (OHS), kap travay pou timoun ak fanmi yo nan depatman sante ak sèvis imèn, nan bay bon jan edikasyon ak sèvis devlopman nan kominote Taunton ak Raynham. Triumph, Inc bay sèvis yo tankou sa dekri nan akò Head Start la sou kalite sèvis ak pèfòman Head Start bay jan sa ekri nan lwa 2007 la . Biwo Head Start responsab pou fè sipèvizon nan Triumph, Inc. pou asire ke nòm ak pèfòmans yo respekte e timoun ki enskri nan pwogram nan jwen bon jan kalite swen. Triumph, Inc bay sèvis konplè pou timoun ki enskri yo ak fanmi yo. Men sèvis yo: sante, nitrisyon, sosyal, mantal ak anpil lòt sèvis. Sèvis Head Start bay, yo dwe reponn a eritaj etnik, kiltirèl, ak lengwistik chak timoun ak fanmi yo.

Ou ka kontakte nou nan:

**Administrasyon pou Timoun ak Fanmi yo**  
**Rejyon 1**  
**JFK Bldg.- MA 29<sup>eme</sup> Etaj**  
**Boston, MA 02203**  
**(617) 565-1020**

**Disponibilite Règleman yo:** Triumph ,Inc. kenbe yon kopi nan lwa head start 2007 la ak you kopi règleman yo. sou lokal yo nan sant la. Triumph kenbe tou yon kopi règleman yo 102CMR 7.50: Nòm pou lisans lan ak Apwobasyon Swen gadri ak Pwogram Swen Timoun ki gen laj pou lekòl yo nan lokal yo nan chak sant.Toulède disponib pou ou sou demann. Si ou gen yon kesyon sou nenpòt nan règleman yo, tanpri mande ananplwaye nan biwo devan pou asistans.

---

## **Jou Ferye ak jou nou louvri**

### **Triumph fèmen pou obsève jou ferye sa-a yo.**

Janvye - Jou nouvèl an  
Janvye – Jou Matin Luther  
Fevriye - Jou Prezidan an  
Avril - Jou Patriyòt yo  
Me - Memorial Day

Jiyè - Jou Endepandans lan  
Septanm - Fèt travay (Labor Day)  
Oktòb - Jou C. Colonb (Columbus day)  
Novanm - Jou Veteran yo  
Novanm - Jou Aksyon de Gras Jou Ferye ak jou aprè  
Desanm - Jou Nwèl (plis 4 jou anvan ak aprè)

Anplis de jou ferye yo ke nou obsève, nou fèmen tou pou yon minimòm sink (5) lot jou nan ane a pou nou fè fòmasyon anplwaye nou yo oswa lòt ajans ki nan biznis. Triumph pral bay yon kalandriye espesial nan kòmansman ane lekòl la ki va reflete chanjman ak mizajou nan orè pou lane a. Yon lis konplè sou fèmti lekòl ana a, ki gen ladan kalandriye anyel nou, tanpri vizite sit entènèt nou an: [triumphinc.org](http://triumphinc.org)

### **Ijans ak fèmti pou move tan**

Pou nou asire sekirite fanmi ak anplwaye nou yo, Triumph, Inc. ka fèmen lekòl la si gen move tan oswa lòt ijans. Si nou pat anonse davans ke nap fèmen, nap rele nan telefòn tout fanmi ak anplwaye nou yo pou nou fè yo konnen sa. Se you pwogram telefòn otomatik ki gen nan lekol la kap fè travay sa-a. Nou va diw kilè nap fèmen epi kilè nap louvri. Se pou fanmi yo toujou tcheke telefòn yo pou wè si yo pa gen mesaj. Si ou pito resevwa mesaj tèks, tanpri fè Family Engagement Specialist ou oswa Visite Kay ou konnen. Ou dwe tcheke tou sit ki nan paj Facebook la: [www.triumphinc.org](http://www.triumphinc.org) pou dènye enfòmasyon yo.

## **Deklarasyon san diskriminasyon**

Apwouve pa:

Konsèy Administrasyon : Out 2018

Konsèy politik

Sa-a se pou nou fè tout moun konnen ke Triumph , Inc. pa fè diskriminasyon kont pèson moun kelkeswa ras li, koulè li, kwayans relijye li, orijin nasyonal li, sèks li, oryantasyon seksyèl li, laj li, zansèt li, enfimite oswa enfòmasyon jenetik ou byen eta sivil li, sèvis miltè, oswa idantite seksyèl nan dispozisyon pou gen aksè nan sèvis, travay ak lot aktivite. Sa an annakò avèk tout lwa federal ke leta aplike, ki gen ladan, Seksyon 504 nan Lwa sou Reyabilitasyon nan lane 1973, ki pa limite Atik 114 nan amandeman Konstitisyon Massachusetts la, Chapit 1518 ak 272 seksyon 92, 98 ak 98A nan Lwa Jeneral Massachusetts yo ak Lòd Egzekitif 227, 246 ak 253.

Anplwaye ke yo anboche pou pozisyon kote responsablite prensipal la se gadri (childcare) yo dwe gen laj 18 an. An akò ak règleman yo ki etabli pa DEEC.

Pou plis enfòmasyon sou règleman nou yo ak pwosedi doleyans pou rezolisyon plent yo, kontakte:

Direktè egzekitif, Triumph, Inc., MA 02780, 100 Gordon Owen Riverway. Taunton Telefòn: 508.822.5388

## **Wòl anplwaye yo**

**Biwo Egzekitif ak Fiskal:** Sipèvize sèvis ke nou bay tout kote Triumph gen pwogram nan Taunton ak Raynham. Nou ofri jesyon fiskal ak sipèvizyon, nou evalye sèvis ke nou bay yo e fè aranjman pou devlopman pwogram lan. Depatman yo asire ke tout bagay an règ avèk tout ajans regilasyon yo. Direktè Egzekitif la sipèvize ekip jesyon an epi travay an kolaborasyon pou asire yon bon jan kalite Pwogram. Konsèy administrasyon sipèvize Direktè Egzekitif la e bay li bon jan direksyon.

**Manadjè & Koòdonatè:** Chak manadjè sipèvize e dirije yon zòn an patikilye ansanm avek anplwaye yo ki travay nan zòn sa yo. Yo gen responsablite pou mete an aplikasyon règleman pwogram yo. e fè planifikasyon pou yo depatman Yo. responsab pou anbochaj, evalyasyon ak sipèvizyon. Gen kék manadjè ki jwen sipò koòdonatè pwogram nam ki ede yo nan ekzekisyon travay kap fet nan depatman yo.

**Anplwaye Edikasyon:** (personnel de l'education) yo te kreye position sa-a nan branch edikasyon an pou nou ka asire sipèvisyon ki konfòm ak siveyans kontinyèl nan depatman sa-a: EHS/HS koòdonatè, Pwofesè Dirijan yo (Direktè), pwofesè, ak asistan pwofesè yo, ak asistan endividylèl yo. Tout anplwaye edikasyon yo satisfè tout kondisyon yo ke se swa nan Biwo Head Start, EEC ak Asosyasyon Nasional pou edikasyon timoun piti pou pozisyon yo. Pwofesè Dirijan yo (Direktè), ak pwofesè yo responsab yon sal klas patikilye epi yo responsab tou pou mete ann aplikasyon kourikoulòm lan ak tout aktivite ki sipòte, amelyore aprantisaj pitit ou a. Pwofesè asistan yo travay avèk timoun yo nan plizyè salklas ak sipò pwofesè nan operasyon chak jou nan salklas yo. Ekip Edikasyon an itilize tou pwofesè ranplasan yo ke se swa nan pwogram kout tèm ou byen alontèm pou pòs vid yo. Pafwa nou ka bay you ti moun asistans endividylèl Nan ka ki ra, nou ka gen yonn-a-yonn asistan ki desyen pou bay yon timoun sipò siplemantè ak direktiv.

**Anplwaye Angajman Fanmi an:** Espesyalis Angajman Fanmi (FES) patnè ak paran e fanmi yo pou asire Sipò kontinyel ke pwogram nan bay nan kominate a. FES sipòte paran yo nan etabli, bon jan objektif pou tèt yo ak pitit yo. Yo kapab bay referans nan resous kominate a epi eksplor fason pou pi byen patisipe nan eksperians edikasyon pitit ou a nan Triumph.

**Anplwaye Sante ak Nitrisyon:** Espesyalis Sante a oswa enfimyè lekòl yo, yo la pou asire ke pitit ou an sante epi pare pou aprann. regilyèman yo kowòdone ak fanmi yo pou jwenn dokiman sou la sante ak dantè ki nesesè epi yo ka refere timoun nan sèvis sante. Anplwaye nitrisyon yo sipòte seleksyon repa nou yo ak distribisyon, asire ke sèvis sante ke yo bay li pa depaman ak nan liy direktiv rekòmande pa CACFP. Pèsonel sante ak Nitrisyon nou yo la pou sipò fanmi yo nan fè chwa lavi an sante.

**Anplwaye Developman Timoun:** Anplwaye sa yo travay sere sere ak salklas yo, timoun yo ak fanmi yo pou sipòte emosyon sosyal ak byennèt yo, nou sipòte tou timoun andikape yo. Anplwaye Developman Timoun travay an kolaborasyon avèk lekoliblik yo sou zafè sante mantal ak lot resous anko pou kontwole ak sipote bezwen edikasyon espesyal timoun yo. Yo travay avèk salklas yo pou fasilité entegrasyon timoun yo pandan nap satisfè bezwen yo pi byen. sipò nan salklas la pou satisfè bezwen pitit ou a pi byen.

**Anplwaye ERSEA:** Akwonym sa-a vle di: elijibilite, rekritman, seleksyon, enskripsyon ak presens (ERSEA). Anplwaye sa yo edew nan pwosesis enskripsyon ak tranzisyon. Yo kowòdone pèman ak kontra yo e kontwole prezans pitit ou a pou wè sil ranpli tout kondisyon règleman yo.

**Pwogram pou sipote anplwaye:** pwogram pou sipote anplwaye gen ladan asistan administratif yo, resepsyonis, chofè transpò ak monitè, anplwaye sèvis manje, ak antretyen. Yo bay sèvis ki nesesè chak jou pou asire, ke operasyon an fèt san pwoblèm avèk anpil efikasite.

## Règleman sou Konfidansyalite ak Dosye Timoun

Enfòmasyon ak detay sou timoun yo ak fanmi yo ka diskite ant anplwaye yo, nan reyinyon sipèvizon e avek konsiltan yo, konsa sèvis la ka pi byen jere. Tout anplwaye Triumph , estagyè yo ak volontè yo siyen yon akò konfidansyalite ki endike ki jan ak ki lè yo ka pataje enfòmasyon yo. Nan liyn anba yo nou va wè pwosedi pou pataje enfòmasyon ak fanmi yo ni sa ki ekri ak sa ki pa ekri.

### Objektif Pwosedi yo.

Bi Pwosedi sa a se pou Triumph (Triumph) Inc kenbe an sekrè tout dosye ak lot enfòmasyon konsènan timoun yo nan pwogram **Head Start / Early Head Start** nou an. Li etabli tou etap ke Triumph Inc. ap swiv *pou asire aksè paran yo nan dosye timoun ak enfòmasyon ki idantifye pèsonèlman (Pii), jan sa defini pi ba a. Li se yon pati nan pi gwo pwogram Triumph (Triumph Inc., apwòch pou asire jesyon pwogram nan ansanm avek done yo, yo disponib. Pou sipote entegrite ak sekirite done yo kom 45 C.F.R. &1302.101(b)(4)*

### Definisyon yo

**Dosye Timoun** vle di ke: (1) tout sa ki nan dosye a yo gen rapò dirèk avèk timoun nan, (2) se pwogram lan ki konsève-l, oswa yon pati kap travay pou pwogram nan. (3) gen ladan enfòmasyon ki anrejistre nan plizyè lòt fason, tankou: enprime, elektwonik, oswa digital ki vle di gen video ladan, imaj, oswa fòma odyo.

**Konfidansyèl** vle di yo dwe kenbe prive ak sèten pwoteksyon espesifik

**Konsantman** vle di apwobasyon alekri oswa otorizasyon ki siyen e ki dat. Li ka gen ladan yon dosye ak siyati nan fòm elektwonik ki: (1) idantifye ak otantifye yon moun an patikilye kòm sous konsantman elektwonik la, epi, 2) endike apwobasyon enfòmasyon sou menm moun nan. Konsantman ka anile pi devan.

**Divilgasyon** vle di pou bay aksè oswa liberasyon, transfè, oubyen lòt komunikasyon, moun ki kapab isentifye Enfòmasyon ki nan Dosye Timoun pa nenpòt mwayen, ki gen ladan oral, ekri, oswa elektwonik, bay nenpòt moun eksepte moun ki idantifye kòm moun ki bay oswa kreye dosye a.

**Pati** vle di yon antite oswa yon moun.

**Paran** vle di moun oswa ajans legalman otorize pou aji sou non timoun nan, tipikman manman, papa, oswa gadyen legal otorize yo aji nan plas manman an oswa papa.

**Enfòmasyon ki idantifye pèsonèlman (Pii)** vle di nenpòt enfòmasyon ki ta ka idantifye yon moun espesifik, men li pa limite sèlman ak non yon timoun, li gen ladan tou: non manm fanmi yon timoun, adres timoun nan, nimewo sekirite sosyal, oswa lòt enfòmasyon ki lye ak timoun nan.

### Pwosedi.

**I. Lokal PII.** Triumph (Triumph), Inc kenbe Dosye PII Timoun nan kote sa yo: baz done elektwonik yo, **Child Plus ak Teaching Strategies Gold, nan biwo ERSEA , nan biwo Espesyalis Sante ak nan salklas yo; nan Biwo andikap / Sante Mantal ak Biwo Transpòtasyon (si sa aplikab), ak nan Biwo Manadjè sou zafè Sekirite ak sante.**

**II. Sa w Bezwèn Konnen.** Tout divilgasyon fèt sèlman si "jije nesesè" pou objektif divilgasyon an. Nan Triumph Inc. nou pa divilge PII nan Dosye Timoun pou okenn rezon oswa nenpòt ki rezon. Nou gen yon pwosesis espesifik ki dwe swiv epi li depann de ki kalite PII sa ki te mande e pa ki moun. Pwosesis nou an limite kantite PII divilge a sèlman sa ki dwe bay, e pa gen anyen plis.

**III. Avi anyèl.** Triumph , Inc. egzije pou pwogram Head Start/EHS la, chak ane pou fè paran yo konnen dwa yo nan ekri pwosedi sa a, definisyon kle yo, ak eksepsyon pou lè Konsantman Paran yo pa nesesè Triumph , Inc. sèvi ak Avi Anyèl Konsèann PII ak Dwa Paran yo (atache) epi nou bay paran yo li **pandan premye reyinyon vizit lakay nou ak paran yo anvan, oswa nan premye semèn, prezans lan.**

**IV. Pwosesis.** Lè yon moun mande pou wè yon kopi dosye yon timoun ke se swa se yon ofisyè leta federal ou byen se yon oditè ou yon ofisyèl nan leta a, yon paran oswa yon lòt moun. Nou pa janm bay enfòmasyon sou yon timoun san nou pa swiv pwosesis nou an.

- a. Premyèman, nenpòt ki moun ki resevwa demann lan pou enfòmasyon an dwe dokimante resi demann lan nan Sèvis Sosyal Seksyon dosye timoun nan, epi ou note yo nan sistèm **done** elektwonik anba sèvis aksyon fanmi.
- b. Apre sa, moun ki te resevwa demann lan voye li bay Manadjè Sèvis pou Fanmi ak Timoun ou byen nan baz komimote sèvis manadjè pou revize li e asire ke li se yon demann ki valab. Si gen kesyon sou validite demand lan, li pral kontakte Direktè Egzekitif la ki pral voyel bay konsèy lokal yo.
- c. Anplis de sa, si demann lan vin jwenn nou atravè yon manda oswa sou lòd lakou (tribinal), manadjè Sèvis pou Fanmi ak Timoun oswa Manadjè Sèvis Kominotè a va voye manda oswa demann lan nan tribal bay Direktè Egzekitif la pou pale ak konsey lokal la pou konfirmasyon anvan yo apwouve demann lan
- d. Apre manm pèsonèl finn detèmine validite demann lan, yo va detèmine tou anba ki kalite PII demann lan tonbe (gade Seksyon V anba a pou Kalite PII Divilgasyon)
- e. Lè yo finn detèmine kalite deklarasyon PII a. Si sa ta bezwen yon konsantman ekri, yo kapab fè sa si Triumph . Inc pa deja genyen-l nan dosye.
- f. Si olye de sa, se ta yon avi ekri pou bay paran timoun lan ak posiblite pou si li ta refize, Triumph , Inc. dwe bay avi paran timoun lan sou deklarasyon an.
- g. Triumph , Inc. dwe kenbe yon dosye sou Divilgasyon PII nan Dosye timoun yo lè li dokimante nan papye timoun lan; dat la, non moun nan oswa twazyèm Pati antite, siyati, ak pozisyon moun ki bay enfòmasyon an, dat pòsyon enfòmasyon nan dosye a, bi pou distribisyon sa a oswa divilgasyon sa a, ak siyati non moun nan ki te bay enfòmasyon yo, Dosye sa a pa bezwen kenbe pou publikasyon ki fèt nan Triumgh, Inc Dosye sa a an efè, vinn empòtan nan dosye timoun lan.
- h. Yon kopi demann lan li menm dwe konsève tou nan Triumph , Inc. nan papye timoun nan sètadi nan sèvis sosyal seksyon, ak yon nòt "aksyon" ap fèt tou anba Sèvis Fanmi nan sistèm done elektwonik la.

**V. Kalite Divilgasyon PII.** Divilgasyon PII ka fèt bay paran yo (jan sa defini pi wo a) ki gen otorite legal anplis de sa, pou Divigasyon nan twazyèm pati, gen 3 kalite prensipal Divilgasyon nan PII pou Head Start/Early Head Start ke tryonf (Triumph), Inc. ka fè: 1) Divilgasyon san konsantman paran (Seksyon VI anba a). 2) Divilgasyon ki egzije Konsantman paran (Seksyon VII anba a). 3) Divilgasyon ki mande pou notifikasyon paran / opòtinite pou refize, (ki fè sa pa bezwen Konsantman) (Seksyon VIII anba a). Chak kalite Divilgasyon gen yon pwosesis diferan ki tabli anba a, e nou genyen diferan règ yo ki swiv yon lòt.

**VI. Divilgasyon san konsantman paran yo.** Triumph, Inc. dwe divilge PII nan dosye timoun san konsantman paran yo bay pati sa yo, ak limit yo swivan:

**a. Nan òganizasyon sa a pou objektif Head Start.** Ofisyèl yo nan Triumph, Inc. si Triumph, Inc. Detèmine li nesesè pou sèvis Head Start, ak Triumph, Inc. kenbe sipèvizyon ki gen rapò ak itilizasyon an, plis Divilgasyon, ak antretyen nan Dosye Timoun yon.

**b. Kontraktè oswa delege / sub-benefisyè pou objektif Head Start.** Ofisyèl yo ap aji pou Triumph, Inc. tankou kontraktè ak delege / sub-benefisyè yo, si ofisyèl la bay sèvis pou ki Triumph, Inc. Ta otreman itilize anplwaye yo, Triumph, Inc. detèmine li nesesè pou sèvis Head Start, ak Triumph, Inc.kenbe sipèvizon ki gen rapò ak itilizasyon an, Divilgasyon plis, ak antretyen nan Dosye Timoun, tankou atravè yon akò ekri.

**c. An koneksyon avèk yon kontwòl kontab (odit) oswa evalyasyon nan edikasyon, oswa nan developman pwogram timoun, oswa nan ranfòsman ki konfòm avèk egzijans legal leta federal.** Ofisyel yo nan **Triumph , Inc.** aji pou **Triumph , Inc.**, oswa yon lot moun ki sòti nan leta federal. An koneksyon avèk yon kontwòl kontab (odit) oswa evalyasyon nan edikasyon, oswa nan developman pwogram timoun, oswa nan ranfòsman ki konfòm avèk egzijans legal federal ak ekzijans ke Triumph fè. **Triumph , Inc.** kenbe sipèvizon ki gen rapò plis ak deklarasyon, ak antretyen dosye timoun nan, tankou nan yon akò ekri, pou mete fin ak akò PII a lè yo pa bezwen-l ankò. eksepte lè deklarasyon an otorize espesyalman pa lwa federal oswa pa ofisyel/responsab HHS;

**d. Pou amelyore kalite sevis nou ofri nan Triumph ak timoun yo oswa ak fanmi yo.** Ofisyèl yo nan **Triumph, Inc.**, aji pou **Triumph, Inc.**, oswa nan yo resulta rechech Pou timoun ak fanmin antite federal oswa leta, pou fè yon etid sou pi bon mwayen pou amelyore rezulta rechech ki fet sou timoun ak fanmi, ki vise pou amelyore kalite pwogram yo, pou, oswa sou non Triumph, Inc. Triumph, Inc. kenbe sipèvizon ki gen rapò ak itilizasyon, deklarasyon , ak antretyen nan dosye timoun, tankou atravè yon akò alekri, ki gen ladan destrikson nan PII la lè li pa bezwen ankò nan bi pou yo pibye.

**e. Pandan dezas oswa ijans ak sekirite/sante .** Antite ki koncerne yo (tankou depatman sante lokal yo, la polis, ponpye, EMS, elatriye) sou zafè dezas, sante, oswa ijans sekirite pandan peryòd ijans lan, oswa yon risk grav pou sante ak sekirite tankou yon manje ki bay alèji, Triumph , Inc. va jije si li necese pou bay deklaasyon ki soti nan PII sou dosye timoun pou pwoteje sante aswa sekirite timoun ak lot moun.

**f. Daprè Lòd Tribunal oswa Sitasyon.** An akò avèk yon lòd jidisyè oswa manda legal ke Triumph, inc. fè yon efò rezonab pou avise paran an sou tout sitasyon sa yo ak lòd tribunal la davans, sòf si:

- i. Yon tribunal te bay lòd ke ni manda a, ak sa ki ladan, ni enfòmasyon yo bay nan repons lan pa dwe deklare
- ii. Divilgasyon deklarasyon an li an konfòmite avèk yon lòd tribunal ansyen pati a te bay avoka jeneral nan Etazini (oswa reprezantan li pa pi ba pase yon Asistan Pwokirè Jeneral) konsènan envestigasyon oswa pouswit jidisyè nan yon ofans ki nan lis nan 18 U.S.C. 2332b (g) (5) XB oswa yon zak teworis domestik oswa entènasyonal jan sa defini nan 18 U.S.C. 2331.
- iii. Yon paran se yon pati nan yon pwosedi tribunal ki enplike dirèkteman sou abi ak neglijans sou timoun (jan sa defini nan seksyon 3 nan Lwa sou Prevansyon ak Tretman abi sou timoun (42 U.S.C. 5101)) oswa zafè depandans, ak lòd la yo pibliye nan kontèks pwosedi sa a, pwogram nan pa obligatwa pou voye yon avi adisyonèl bay paran an; oswa,
- iv. Triumph, Inc. inisyè aksyon legal kont yon paran oswa yon paran inisyè aksyon legal kont Triumph, Inc.Lè sa a, Triumph, Inc. ka deklare bay tribunal la, e san yon lòd tribunal oswa manda, Dosye Timoun yo ki enpòtan pou Triumph, Inc. yo aji kòm pleyan oswa akize.

**v. Si yo remèt dosye yon timoun, Anplwaye Angajman Fanmi an ap notife par an kap bay swen an yon apèl nan telefòn oswa an pèsòn nan lespas 24 èdtan apre ou resevwa manda a. Yon kopi manda a pral nan dosye timoun nan epi yap ekri yon nòt aksyon ap nan dosye elektwonik timoun nan.**

**g. CACFP Siveyans.** Pou Sekretè Agrikilti oswa yon reprezantan otorize nan sèvis siveyan pwogram Nitrisyon, evalyasyon, ak mezi pèfòmans pou Timoun ak Granmoun Pwogram Swen sou sou zafè Manje oswa lwa sou Lekòl Nasjonal Richard B. Russell sou Nitrisyon Timoun 1966, yo pral bay rapò rezulta yo nan yon fòm agraje ki pa idantifye pèsòn, kekeswa done yo kolekte dwe pwoteje nan yon fason ki pa pral pèmèt idantifikasyon pèsònèl elèv yo ak Paran yo pa yon reprezantan otorize nan Sekretè Agrikilti a, e nenpòt dosye PII dwe elimine lè done yo pa nesesè pou siveyans pwogram, evalyasyon, ak pèfòmans prinsip yo.

**h. Travayè swen adoptif.** Pou yon travayè sosyal oswa lòt reprezantan ki soti nan yon eta, lokal oswa ajans kap travay pou byenet timoun ki gen dwa pou gen aksè nan dosye yon timoun ki nan plasman swen adoptif, ajans sa-a legalman responsab pou swen ak pwoteksyon timoun nan, dapre lalwa leta oswa tribi, ajans lan dakò pou ekri you nòt poul pwoteje PII, pou itilize enfòmasyon ki soti nan plan ka timoun nan pou rezon espesifik ki gen pou wè ak besewn timoun yo, e pou elimine enfòman ki pa necesè ankò pou rezon sa-a yo. epi,

**i. Sispèk oswa Konnen move tretman Timoun.** Pati ki apwopriye tankou Sèvis Pwoteksyon Timoun pou pale ak moun yo sispèk oswa ki te bay timoun move tretman ki konsistan e aplikab avèk lwa federal, leta lokal yo, ak lwa tribi yo sou rapò abi ak neglijans sou timoun.

**j.** Nenpòt enstans ki anba direktiv espesifik ki tabli nan Seksyon VI (a) jiska (i). Triumph, (triumph) inc, Direktè Head Start Inc. oswa reprezantan li desiye va detèmine validite demann lan, li dwe asire ke kopi PII yo mande yo delivre bay Pati ki mande a men-a-men, o swa pa lapòs (first class mail), oswa lòt metòd serye.

**k. Malgre etap ki anro yo,** Triumph . Inc. konsève tout dwa pou detèmine si you deklarasyon pa nan enterè timoun lan epi yo ka chwazi kenbe konfidansyèl demann PII a, osi lontan ke li legal.

**I. Dwa Paran pou Kopi Dosye.** sou demann paran an Triumph , Inc. dwe bay paran an yon kopi inisyal deklarasyon dosye yon Timoun divilge bay twazyèm antite, gratis, sof si yon tribinal ta bay lòd ke ni manda a ak tout enfomasyon ki ladani, ni enfòmasyon yo founi kòm repons pa dwe divilge.

**m. Akò ekri.** Lè Triumph , Inc etabli yon akò ekri ak yon twazyèm pati ki enplike PII, tankou yon benefisyè (Delege) oswa kontraktè (anba VI (b) pi wo a), Verifikatè oswa Evalyatè Pwogram (anba Vi (c) pi wo a, oswa rehèch (anba VI (d) pi wo a). Triumph , Inc pral revize chak ane akò a epi mete li ajou si sa nesesè.

a. Tout akò ki enplike PII ap gen ladan: ke si twazyèm pati a vyole akò a, Lè sa a, Triumph , Inc ka swa bay twazyèm pati a yon opòtinite pou fè pwòp koreksyon-l oswa entèdi twazyèm Pati a poul pa gen aksè nan dosye yo pou yon ane. Tout sa va fèt sou disekrkresyon **Triumph , Inc.**

**n. Dwa paran yo pou enspekte akò ki enplike PII.** Sou demann paran an, Triumph , Inc dwe pèmèt li vini sou plas epi revize yon akò ekri ak yon twazyèm pati ki enplike Deklarasyon PII sou pitit yo. Nenpòt revizyon sa yo dwe fèt sou plas se paran an sèlman ki otorise pou revise akò a. men li pa dwe pran okenn foto, oswa fè kopi akò a. anvan nenpòt revizyon, paran sa yo nan yon akò ak Triumph, Inc. dwe re-ekri nenpòt pati nan akò a ki genyen tèm biznis, enfòmasyon ki sekrè (konfidansyèl), oswa lòt sekrè komèsyal , Triumph, Inc. va travay ak konsèy local si gen besewn pou sa

**VII. Divilgasyon ki egzije sèlman Avi paran / opòtinite pou refize.** Massachusetts entèdi distribisyon oswa lage enfòmasyon nan dosye yon timoun bay nenpòt moun "ki pa dirèkteman gen rapò ak mete ann aplikasyon plan pwogram lan san konsantman ekri Paran (yo) timoun lan oswa dapre yon lòd tribinal. Sepandan, Triumph, Inc ka divilge PII ki soti nan dosye Timoun san konsantman paran si PII a gen rapò ak enskripsyon yon timoun oswa transfere bay ofisyèl nan yon pwogram, lekòl, oswa distri lekòl kote timoun nan ap chèche oswa gen entansyon enskri oswa kote timoun nan deja enskri.

a. Pou fè sa, Triumph , Inc. dwe avize paran an pa yon apèl nan telefòn yon Espesyalis Angajman fanmi oswa Vizitè Kay. resime konvèsasyon an dwe enregistre nan dosye elektwonik timoun nan anba Sèvis Fanmi. Si paran refise yo va pran **nòt de sa**, Si yo pa rive jwenn pa telefòn, yon vizit lakay ou oswa lèt swivi ap voye bay paran an, Etap sa a pral konplete nan lespas 48 èdtan oswa 2 jou ouvrab depi lè a nan demann lan

b. **Triumph , Inc.** dwe bay paran an nenpot deklarason PII *anvan li bay lòt pati a.* se sou demann paran an, yon kopi PII nan Dosye Timoun yo dwe divilge, epi bay paran an *opòtinite pou konteste oswa refize* Divilge enfòmasyon ki nan dosye yo, *anvan pwogram nan voye dosye yo bay lòt Pati a.*

c. si you Antite ou byen yon paran mande pou divilge PII pou rezon enskripsiyon oswa transfè. **Triumph , Inc** dwe bay Paran an yon Avi PII sou Divilgasyon pou Enskripsiyon oswa Transfè Fòm avèk Refi PII paran ki akonpaye li a divilge nan pwogram oswa fòm lekòl la.

d. Avi sou Divilgasyon PII pou Enskripsiyon oswa Fòm Transfè pèmèt Paran timoun nan refize Divilgasyon an pandan lap swiv etap nan fòm lan, konplete epi voye tounen Refi paran an sou divilgasyon pwogram PII oswa fòm lekòl la.

e. Si paran an pa swiv etap sa yo nan delè ki tabli nan avi divilgasyon PII a pou enskripsiyon oswa Fòm Transfè pou refize Divilgasyon, Direktè Egzekitif **Triumph , Inc.** oswa reprezantan li dwe fè yon detèminasyon ke demann pou Divilgasyon an lejitim epi yo pral asire ke yo kopi PII yo mande nan pwogram nan, nan lekòl la, oswa nan distri lekòl la delivre men nan mem ou byen voyel pa lapòs (first class mail), oswa lòt metòd serye.

f. Malgre etap ki anwo yo, **Triumph, Inc.** konsève dwa pou detèmine ke Divilgasyon sa yo pa nan pi bon enterè timoun lan, epi yo ka chwazi kenbe konfidansyèl demann PII a, osi lontan ke non-divilgasyon an legal.

**VIII. Divilgasyon ki egzije konsantman paran yo.** Tout Divilgasyon PII soti nan Dosye Timoun ki pa anba yon ou lòt kategori ki site anwo yo (nan Seksyon VI oswa VII) egzije konsantman paran an pa ekri anvan **Triumph , Inc.** ka divilge nenpòt nan done yo.

a. **Triumph , Inc.** itilize Fòm Otorizasyon Divilgasyon PII pou dokimante konsantman ekri nan men yon paran. Fòm sa a: (a) presize ki Dosye Timoun yo ka divilge. (b) eksplike poukisa dosye yo pral divilge, ak (c) idantifye Pati /Pati yo ke dosye yo ka divilge. Li pèmèt tou anplwaye Triumph yo pale nan non òganizasyon yo pou kowòdinasyon sèvis yo.

b. konsantman ekri a dwe siyen epi date. tankou pou chak definisyon nan konsantman pi wo a. Si li pa yon reprezantan ki soti nan Triumph , Inc. li dwe kontakte paran an pou jwenn Fòm siyen ak date a anvan nenpòt Divilgasyon PII.

c. Pandan ke Fòm Otorizasyon Divilgasyon PII a gen ladan yon eksplikasyon ki bay konsantman volontè Paran an li ka revoke li (anile) nenpòt ki lè. Lè represantan Triumph , Inc. Bay paran an fòm sa-a li dwe eksplike yo tou pwen sa a.

d. Si yon paran anile konsantman volontè a revokasyon an pa retwoaktif sa vle di li pa ka tounen sou li ankò. Se poutèt sa, li pa aplike nan nенpòt ki aksyon ki te fèt anvan Konsantman an te revoke oswa anile.

e. Lè yo resevwa Fòm Otorizasyon Divilgasyon PII ranpli a, Direktè Egzekitif Triumph , Inc oswa represantan li dwe pran yon detèminasyon ke demann pou Divilgasyon an lejitim epi li pral asire ke kopi PII yo mande a dwe al jwen pati enterese a swa men nan men ou byen pa lapòs (first class mail) oswa nенpot lot metod serye. Otorizasyon sa a, va pèmèt tou ke anplwaye Triumph , Inc.yo pale ak pati ki konserne yo.

f. Malgre etap ki anwo yo, **Triumph , Inc.** konsève dwa pou detèmine ke desisyon sa a yo pa nan pi bon enterè timoun nan epi yo ka chwazi kenbe konfidensyal demann PII a, osi lontan kenondivilgasyon an legal. Nan ka sa yo. **Triumph, Inc** dwe eksplike pwoblèm nan avek paran legal/gadyen responsab la pou detèmine ansanm pwochen etap yo.

g. **Dwa paran pou gen yon kopi dosye. Triumph , Inc.** dwe bay paran an yon kopi inisyal deklarasyon dosye yon Timoun divilge bay twazyèm antite, gratis, ak konsantman paran yo.

## **IX. Timoun yo Refere oswa ki Resevwa Sèvis IDEA pou Andikape yo.**

a. **Triumph, inc.** ap swiv dispozisyon konfidansyalite nan Pati B ak C IDEA) (**ki nan pati 34 CFR 300 ak 303**) pou nенpòt timoun ki jwen sèvi nou ke yo refere oswa ki resevwa sèvis IDEA. Nenpòt ki lè, oswa nенpòt instans pou ki dispozisyon sa yo pi sevè pase sa Head Start / EHS ekzije nou pral swiv dispozisyon IDEA ki pi sevè.

## **X. Dwa paran yo pou enspekte (sipèvise) dosye timoun yo.**

a. Yon Paran gen dwa pou enspekte Dosye Timoun yo.

b. si paran an mande pou enspekte/sipèvise dosye pitit li. **Triumph , Inc.** dwe asire ke paran an jwenn yon opòtinite pou vini pou revize Dosye Timoun ki disponib nan bwo (2) jou ouvrab sof si paran an pèmèt yon peryòd tan ki pi long nan rammase enfòmasyon. **Triumph, Inc.** pa dwe pèmèt paran yo pran orijinal Dosye Timoun yo sou sit la, kopi sèlman.

c. si kèk nan dosye timoun yo gen yon dokiman ki gen enfòmasyon sou plis pase yon timoun. **Triumph, Inc** pral asire ke paran an enspekte/sipèvise selman enfòmasyon ki konsène pitit pal la Selman. yon Espesyalis Angajman Fanmi oswa Vizitè Lakay ap revise dosye timoun yo mande a anvan paran an vini epi yo va mete kopi dosye disponib pou paran an.

d. Anplis de sa, **Triumph, Inc.** pa pral detwi/elimine dosye yon timoun si gen yon demann eksepsyonèl pou enspekte ak revise dosye a anba seksyon sa a.

## **XI. Dwa Paran pou Mande pou Amande Dosye Odyans Timoun lan.**

### **a. Dwa pou mande pou modifye/amande.**

1. Yon Paran gen dwa mande **Triumph, Inc.** pou amande enfòmasyon nan dosye timoun nan ke Paran an kwè ki pa kòrèk, twonpe, oswa vyole vi prive timoun nan.

2. **Triumph , Inc.** dwe konsidere demann paran an nan 2 jou ouvrab. **Direktè egzekitif la oswa represantan li** responsab pou revize demann pou amande dosye timoun nan.

3. Si Direktè Egzekitif la oswa reprezantan li jwenn demand Paran an rezonab, **Espesyalis Angajman Fanmi oswa Vizitè la Kay** va note amandman an nan dosye timoun nan ki gen ladan dat amandman an, kontni amandman an, ak poukisa yo te fè chanjman an, ak non moun ki fè amandman nan dosye a. Nenpòt amandman ki fèt nan dosye yon timoun pap efase sa ki nan dosye a anvan, men yo va montre ki kote, ki sa, ak poukisa yo te fè chanjman an.

4. Sepandan, si yo refise demand paran an **Triumph, Inc.** dwe rann yon desizyon ekri bay paran an nan 7 jou ouvrab ki enfòme paran an sou dwa pou yon odyans.

#### b. Tande/Odyans

**1. Si Paran an mande yon odyans** pou konteste enfòmasyon nan dosye timoun nan, **Triumph, Inc.** ap pwograme yon odyans lan nan **7 jou ouvrab**, pou avize paran an, davans, sou odyans lan.

**2. Moun ki ap dirije Odyans lan.** Moun ki ap dirije Odyans lan pa ka gen yon enterè dirèk nan rezulta li yo. Kòm yon rezulta, **Triumph, Inc** pa pral pèmèt moun ki te fè notasyon inisyal dosye a, oswa desizyon pou pa amande dosye a jan paran an vle a dirije odyans lan

**3. Kontni Odyans lan.** Odyans lan dwe gen ladan yon opòtinite konplè epi ki jis pou paran an prezante prèv ki gen rapò ak pwoblèm yo.

#### 4. Rezulta Odyans lan.

i. Si moun kap dirije pwogram odyans lan detèmine nan prèv ki prezante nan odyans lan, enfòmasyon ki nan Dosye timoun nan pa kòrèk, twonpe oswa vyole vi prive timoun nan. Li pral fè **Triumph, Inc.** amande enfòmasyon yo epi avise Paran an alekri

ii. si olye de sa, moun kap dirije odyans lan detèmine nan prèv ki prezante nan odyans lan, enfòmasyon ki nan Dosye Timoun yo egzat, pa twonpe, oswa yo pa vyole konfidansyalite vi prive timoun nan, li pral enfòme Paran an sou dwa li genyen pou l fè yon deklarasyon ou byen yon komantè sou enfòmasyon yo konteste a, oswa li declare poukisa paran yo pa dakò ak desizyon pwogram nan ou byen li ka fè tou lè de.

**5. Deklarasyon Paran nan Dosye.** Si yon paran mete yon deklarasyon nan dosye pitit li, **Triumph, Inc.** ap kenbe deklarasyon an ak pati ki konteste nan dosye timoun lan pou toutotan nou kenbe dosye a, epi nou pral divilge deklarasyon an chak fwa nou divilge pòsyon nan dosye timoun nan ki Gen rapò ak deklarasyon an.

#### XII. Kenbe Dosye.

Ki konsistan/ki gen rapò avèk sa nou "Bezwen Konnen" baze pi wo a nan (Seksyon II), **Triumph, Inc.**, kenbe dosye timoun yo yon fason ki asire sèlman Paran yo, ak ofisyèl nan **Triumph, Inc.** oswa moun kap travay pou li gen aksè ak dosye Timoun nan, komsadwa. nou kenbe nenpòt dosye papye timoun PII anba kle e tout lot dosye elektwonik pwoteje ak yon modpas.

- a. Jan nou eksplike sa pi wo a nan Seksyon IV (g), nou konsève dosye Timoun yo, toutotan enformasyon ki nan dosye yo valab, enfòmasyon sou tout moun, ajans, oswa òganizasyon ke nou ka bay enfòmasyon sou timoun ki soti nan PII soti nan Timoun lan, e poukisa nou fè sa. (Sa a pa aplikab pou divilgasyon ki te fè nan pwogram ofisyèl nan ajans nou an ak paran yo)
- b. Jan sa eksplike pi wo a nan Seksyon XI(b) (5), si yon paran mete yon deklarasyon nan dosye pitit la, nou kenbe deklarasyon ak pati konteste nan dosye pitit la toutotan ke nou kenbe dosye a, epi nou pral divilge a deklarasyon chak fwa nou divilge pòsyon nan dosye timoun lan ki gen rapò ak deklarasyon an

**Triumph, Inc.** swiv Règleman Retansyon Dosye, sa vle di pou konbyen tan nou kenbe yon dosye, epi kilè nou ka elimine dosye Timoun nan. Annakò avèk direktiv Leta ak Federal ki di lè yo pa bezwen yo ankò oswa ekzije pou konsève yo. Pou plis enfòmasyon sou konbyen tan nou kenbe dosye yo, tanpri al gade **Règleman Retansyon Dosye** ki genyen nan Fiskal nou an Règleman ak Pwosedi yo

## **Enskripsyón, Prezans & Patisipasyon**

### **Enskripsyón & Opsyón Pwogram**

Apwouve pa: Konsèy administrasyon: septanm 2016

Konsèy règleman: septanm 2016

Lè yo fin enskri nan Triumph , Inc. yo bay timoun yo ak paran yo opòtinite pou vizite pwogram nan ak sal klas yo anvan timoun nan antre nan pwogram nan. Kòm yon pati nan oryantasyon sa a, nou chèche enfòmasyon sou timoun e bezwen ak enterè fanmi yo. Anplis de sa, nou mande paran/guardian pou pataje enfòmasyon sou tretman maladi, edikasyon, sévis sosyal, ak sipò timoun nan resevwa. Nou pale ak paran yo sou zafè developman epi yo metel ajou chak ane. Yo kenbe enfòmasyon sa yo nan dosye timoun nan.

Paran / Responsab pran randevou pou enskripsyón poul ka konnen si yo kalifye pou pwogram nan. Apre sa yo fé paran yo konnen ki opsyón pwogram ki disponib pou yo e kilé ak ki dat posib yap kòmanse. Yo mete timoun yo nan sal klas ki gen espas disponib ak estati lis datant (wait list). Pou fè enskripsyón nan HeadStart avek Early Head Start, gen yon krité ki baze sou kalifikasyon. Lis datant lan pa baze sou dat aplikasyon an, men sou bezwen fanmi an. Triumph , Inc sèvi ak lis datant lan pandan tout lane a. Si nou pa gen ouvèti kap fèt imedyatman. Yo bay paran yo opsyón pou yo mete yo sou lis datant EEC pou ouvèti ki disponib nan kominate a. Pandan paran/guardians yo kòmanse pwosesis enskripsyón pitit yo nan pwogram nan, yo bay paran yo opòtinite pou rankontre ak yon mamm pèsònèl la ki pral ede reponn nenpòt kesyon yo ka genyen. Nou va fè yon vizit lakay (adomisil) pou revize règleman ak pwosedi ki enpòtan yo. Nou bay yo opòtinite tou pou visite salklas yo avan premye jou a.

Sistèm done nou an egzije pou nou deziyen yon paran kòm "kontak prensipal la. Sa a se nòmalman moun ki vinn fè enskripsyón timoun nan. ki gen non li nan gadri a, elatriye. Si tou de paran yo vini nan reyinyon enskripsyón yo, yo va mete yo dakò sou ki moun ki pral nan lis la kòm prensipal. Malgre ke deziyasyon sa a pa gen okenn kote li ekri nan relasyon timoun ak paran. Si gen ijans nou va kontakte paran principal la an premye.

Lè yo fin detèmne ke yon timoun kalifye pou pwogram nan, yo ka enskri nan youn nan pwogram sa yo.

- **Early Head Start Baz Lakay:** Sèvis yo bay tibebe, timoun piti, fanm ansent ak fanmi yo. Fanmi ki nan opsyón ki baze lakay ka resevwa vizit chak semèn pou 90 minit ak opòtinite pou paran yo patisipe ak timoun yo nan pwogram gwooup edikatif osi byen ke vwayaj okazyonèl ak lot aktivite nan fanmi an. Fanm ansent va jwen visit de fwa pa mwa.

- **Early Head Start ki baze nan sant yo:** Opsyon sa a disponib pou tibebe ak timoun piti ke fanmi kalifye pou recevwa sipo lajan. Timoun ki ale 5 jou pa semèn 6 èdtan pa jou. Pesonel anseyan ap visite fanmi an yo 2 fwa pa semen nan visit lakay. e Espesialis visit fanmi ap vizite yo 4 fwa chak ane e yo va bay yo resous ak sipo ke yo besewn.
  - **Pwogram Heard start nan sant yo:** Opsyon sa a disponib pou fanmi ki kalifye pou recevwa èd financyè. Triyon bay timoun ki poko gen laj pou ale lekol sink (5) demi jounen nan sant pèsosel anseyan an va vizite fanmi an de (2) fwa chak ane ak pou pi piti kat (4) visit adomisil pa espesialys angajman timoun pou bay yo sipò ak resous.
  - **Pwogram tout lajounen.** Pwogram sa-a li disponib pou paran ki gen timoun nan Early head start ak Head start kap travay oswa ki ale lekol a plen tan. E ki kalifye pa leta Massachusetts nan zafè gadri. Nou chaje you frè si tout fwa paran an ta depase lè nòmal la ki se 6 èd tan. pèsosel anseyan an va vizite fanmi an de (2) fwa chak ane ak pou pi piti kat (4) visit adomisil pa espesialys angajman timoun. Gen posibilité pou paran yo ki gen yon bon DTA pwolonge jou yo, oswa atravè you kontra leta-a.
- 

**Pwogram Swen Pou Timoun Ki Pa nan Head/EHS.** Triumph genyen yon kantite limite pou timoun ki gen laj 6 semèn jiska laj 5 an ki pa kalifye nan head start ou byen nan Early Head Start. Fanmi an dwe satisfè direktiv MA EEC pou sibvansyon sou revni gadri oswa yo dwe peye pou sèvis yo annakò avèk orè frè nou an. Anplwaye ki vle enskri pitit/yo nan pwogram nan ka resevwa rabè adisyonèl sou ekolaj kòm yon pati nan pake benefis anplwaye a, epi si gen disponiblite enskripsyon. Tanpri gade Règleman "Swen Timoun Anplwaye yo" ansanm ak adisyon rabè aktyèl la nan Manyèl Règleman Anplwaye a pou plis enfòmasyon. Travay nan Triumph pa garanti plasman nan pwogram gadri nou an.

### Orè Paran / Gadyen

An akò avèk Head Start nivo Pèformans 1302.11 (B)(X1)(iii) Triumph dwe ranmase enfòmasyon sou moun kap bay swen nan lekòl yo, orè fòmasyon oswa orè fòmasyon pou timoun ki enskri yo. Enfòmasyon sa a ede nou ak planifikasyon nou an Rapò pèsosel pou konfòme li avèk règleman leta ak federal yo. Presans timoun yo nan sal klas yo pral detèmine sou baz bezwen ak sèvis yo.

### Pwosedi sou Arive ak Depa (rantre ak sòti)

Lè arive kapab yon tan enteresan ak ajitasyon nan jounen an. Chak fanmi dwe asire ke chak timoun rive an sekirite nan salklas yo. Lè w ap antre nan biling nan, tanpri mene chak nan timoun ou yo nan salklas dezigne yo. Pwofesè yo ap mande w siyen (swa elektwonikman oswa sou papye) lè pitit ou a rive nan salklas la. Ou dwe tou (nègman) siyen non w sou papye a pou nou ka konnen ki moun ki te depoze pitit ou a. Tanpri pa kite pitit ou a (yo) jiskaske pwofesè a we ke pitit ou a rive. Pitit ou a dwe vijilan e pa ta dwe sanble I manke dòmi le lap antre nan lekòl epi pou valide timoun nan an sante ase pou l antre lekòl la. Si pitit ou a ap dòmi lè I rive, nou pral mande w pou w reveye I epi rete jiskaske li kapab fe tranzisyon nan salklas la an sekirite.

Pou asire sekirite pitit ou a, tout moun ou otorize pou vinn pran pitit ou a dwe gen yon foto idantifikasiyon valab lel vin cheche timoun nan. Yo pap pèmèt okenn timoun kite sit la sof si yo prezante idantifikasiyon ki kòrèkteman matche ak enfòmasyon ekri ou bay nan dosye. Pou fanmi ki gen frè ak sè ki pi gran oswa manm fanmi k ap ede yo pran yo, nou kite li nan diskresyon fanmi an pou pèmèt li. Sepandan, Triumph aksepte sèlman yon idantite ak foto lekòl segondè oswa paspò yon timoun ki enskri nan lekòl segondè pou lage timoun ki enskri yo san danje. Tanpri fè pwofesè pitit ou a oswa Espesialis Angajman Fanmi konnen kilè gen nenpòt ajou ki pou fèt. Paran timoun nan dwe gen yon modpass kòm cle poul ka randre nan gadri kote timoun nan ye a. Ou dwe bay modpass la ak moun ki otorize pou pran pitit ou a, moun kap travay devan nan biwo chak sant ka plis ede ou avèk sa. Tanpri, pran pasyans ak respè pou pèsosel kap travay nan biro devan an paske yo gen obligasyon nan travay yo pou mande pou idantifikasiyon nan men tout moun ki pa gen yon Kòd PIN pou antre nan buiding la, menm si yo se gadyen legal la.

Pou sekrite ak byennèt, nou dwe kapab kontakte ou tout tan. Nou bezwen nimewo telefòn egzat pou ou menm ak tout kontak ijans. Yo ka mete yon foto idantifikasiyon nan sistèm baz done nou an pou ede idantifye moun k ap pran swen timoun nan.

Chanjman vèbal nan kontak ijans timoun lan / aranjman pick-up yo entèdi. Ou dwe pale ak FES ou a pou fè chanjman sa yo epi ranpli yon fòm chanjman. Chanjman sa a pran yon minimòm de 1 jou ouvrab e jiska 48 èdtan poul vinn aktif.

**Paran/gadyen, Gad / Dwa Legal:** Nan moman premye admisyon an, yon kopi batistè timoun ou an va rete nan dosye timoun nan kòm garanti ofisyèl enskripsyon an. Batistè va rete nan dosye tankou yon prèv ke ou se paran lagal timon nan. Si pou nenpòt ki rezon, gad la chanje depi lè pitit la fèt, se pou bay papye nouvo gad la. Non Parent/guardians ki nan lis sou batistè yo pral ajoute nan kat ijans yo sòf si dokiman legal leta yo ta di yon lot bagay.

#### **Prezans-Absans, Anreta oswa Vinn Chache an Reta**

Sous finansman yon fanmi ak sa fanmi sa a bezwen detèmine orè lekòl yon timoun. Sous finansman yon fanmi ak sa yon fanmi bezwen detèmine orè lekòl yon timoun. Timoun ki nan Sant yo resevwa 6 èdtan swen epi Timoun Tout Jounen yo ka resevwa jiska 10 èdtan swen (bon, DCF, peman prive, revni elijib oswa menm jan), dapre orè paran yo.

---

### **Prezans:**

Prezans enpòtan pou timoun yo patisipe totalman nan salklas la pou yo ka benefisyé pi plis nan eksperyans edikasyon yo. Se pou timoun yo prezan chak jou pou yo ka gen opòtinite pou yo aprann devlopman sosyal/emosyonèl. Orè pratik enfliyanse devlopman sosyal emosyonel ak entèlektyel timoun yo. Yon orè ki byen etabli ede timoun yo santi yo an sekirite e konfótab. Konsa tou, yo ede timoun yo konprann sa soyete a ap tann de yo, epi amelore pwobleme konpòtman yo.

Règleman Triumph genyen pou prezans, depoze ak vin chèche yo ekri pou non sèlman ankouraje yon sans konsistans pou pitit ou a, men pou kòmanse devlope ladrès ki nesesè pou fanmi yo tranzisyon nan lekòl leta yo.

Absans repete twò souvan, rive an reta, vinn chache timoun anreta petèt ka rezon pou mete fen nan pwogram nan. Timoun EHS/HS yo dwe ale lekòl regilyèman. Estanda pèfòmans Head Start la mande pou nou gen omwen 85% prezans nan pwogram nou an. Si sa vin tounen yon pwoblèm nou va kontaktew pou bay sipò oubyen devlope yon plan pou amelyore prezans, oubyen voyew nan yon lot pwogram.

Si pitit ou an reta souvan lekòl li pap benefisyé pratik edikasyon ak enstriksyon ki enpòtan pou devlopman endividiyèl pitit ou a ak preparasyon pou klas jadandanfan. Si ou pa te notifyé biwo devan an ke pitit ou a ap an reta, souvan gen reta san rezon, oswa si ou rive yon tan ke yo detèmine ke pitit ou a pap benefisyé konplètman de rès pratik ansèyman ak woutin yo, li ka pa kapab prezan lekòl jou sa-a.

Pwofesè pitit ou a ak Espesyalis Angajman Fanmi an ap enfòme ou si sa se yon pwoblèm kontinyèl e ap ede ou devlope yon plan pou fè pitit ou rive lekòl alè.

Lè timoun ou yo pap vini lekòl la (absan), ou dwe kontakte resepsyonis la nan sant kote ou asiyen epi bay rezon an. Si yon timoun absan, biwo a oswa Espesyalis Angajman Fanmi an ka rele pou konnen sa ki fè pitit ou absan. Si yon timoun absan pou plis pase 3 jou youn apre lòt, Espesyalis Angajman Fanmi ou ap kontakte ou pou diskite sou prezans pitit ou a epi ou ka oblige devlope yon plan prezans. Si yon timoun absan plis pase 3 jou, oswa li ta lopital pou kelkeswa rezon an (operasyon oswa entène lopital) li dwe pote yon nòt ki sòti nan lopital la pou ka retounen lekòl. Paran timoun ki nan pwogram jounen konplè a te siyen yon kontra ki endike kondisyon espesifik pou prezans yo. Fanmi yo dwe respekte règleman sa yo pou yo ka kenbe plas na pwogram jounen konplè a oswa enskri nan pwogram nan.

### **Mezi ki pral pran sou rive anreta twò souvan ou byen vinn chache anreta**

1<sup>ye</sup> ensidan- Rapèl (avètisman vèbal) dokimante nan nòt ka yo.

2<sup>em</sup> ensidan- Ekri avètisman mete nan dosye, ED oswa reprezantan avize, notifikasiyon posib nan sous finansman.

3<sup>em</sup> ensidan- Reyinyon pou etabli plan /objektif epi detèmine si Triumph ap bay fanmi yo sèvis ke yo besewn.

**Timoun yo pa dwe rive lekòl pita pase 9:00 a.m.** Si w ap rive apre 9:00 a.m. ou dwe rele resepsyón an nan sant ou a pou fè resepsyoni la konnen. Sa a pa ta dwe nòmal la, epi li ta dwe sèlman rive nan ka ki ra. Tanpri pa rele sal klas timoun nan paske sa distrè pwofesè yo lè y ap pran swen timoun yo. Yo atann pou timoun yo rive alè pou yo kòmanse jounen edikasyon yo. Enstriksyon nan salklas nou an kòmanse egzakteman a 9:00 am. Early Head Start ak pwogram Head Start gen egzijans strik pou yon minimòm 6 èdtan ansèyman pa jou e pa pitit. Yon konte egzat nan timoun yo mande tou pou nou prepare bon kantite manje pou nourir timoun yo.

### **Notifikasiyon Paran/Pwogram**

Kominikasyon efikas ak paran/moun k ap pran swen yo ak anplwaye yo ankouraje sekirite ak byennèt timoun yo tou de nan anviwònman gadri ak deyò. Kominikasyon alè asire ke timoun yo kontab san pèdi tan.

Dapre règleman EEC ak règleman Head Start, lè yon timoun pa rive alè epi paran an oswa gadyen an pa bay notifikasiyon absans oswa reta, pwofesè salklas la make timoun nan absan, epi yo voye yon avi alekri bay resepsyoni la oswa reprezantan ki nan chak bilding. Lè li resevwa notifikasiyon sa a, resepsyoni la pral tcheke

avèk salklas la si timoun nan pa t rive oswa si paran an pa t notifye salklas la oswa FES dirèkteman sou absans/reta. Lè sa a, resepsyonis la ap kontinye kontakte paran/gadyen an pou l konfime epi l ap note rezon absans la. Si resepsyonis la pa kapab kontakte fanmi an, **E** timoun nan se yon timoun ki nan gwo risk (pa egzanp, referans DCF, konsyans sou vyolans domestik oswa pwoblèm gad) resepsyonis la ap konsilte Espesyalis Angajman Fanmi an. Si yo jije sa nesesè, yo pral rele kontak ijans SELMAN pou rasanble enfòmasyon sou ki kote paran an ye pou kontakte yo. Si pa ka jwenn paran an oswa kontak ijans yo, epi yo toujou poko konnen ki kote timoun nan ye, FES avek yon lòt manm pèsonèl la pral fè yon vizit byennèt nan kay la. Si FES toujou pa kapab fè kontak nan moman sa a, yo pral kontakte polis lokal la pou fè yon chèk byennèt nan kay la. Pou tout lòt fanmi yo, yo pral fè yon vizit byennèt apre 48 èdtan absans san eskiz apre yo fin itilize menm pwosedi ak anwo a pou fanmi ki gen gwo risk.

**Lè depa:** Baze sou sant: **Quinn & Riverway:** 2:30pm

**Timoun tout jounen yo** - pita ke 5:30 pm, depann sou orè endividyle ou a. Tanpri eseye rive a 5:20 pm pou pwofesè/anplwaye yo ka fèmen salklas yo epi fè yon dènye tcheke sekirite nan biling yo.

**Si ou rive apre lè ke ou te sipoze vini pou pran pitit ou wap peye \$1.00 kòm frè pou chak minit e pou chak timoun.**

Ou dwe pran pitit ou chak jou a lè. Nou pa pèmet ke ou vini anreta. Si ta gen ijans oswa sikontans enprevi, tanpri rele sant la imedyatman. Se responsabilite fanmi an pou fè lòt aranjman pou ale chache pitit ou. Kondisyon pou lisans Triumph egzise sèten rapò pwofesè-pitit epi ranmasaj an reta pral afekte rapò sa yo.

#### **Triumph , Inc. kondisyon prezans pou Early Head start ki baze lakay.**

Fanmi ki enskri nan pwogram Early Head Start ki baze lakay yo dwe rankontre ak vizitè lakay yo asiyen yo chak semen pou 90 minit. Anplis de sa, Triumph Inc. ap ofri 2-3 eksperyans sosyalizasyon chak mwa nou ankouraje fanmi yo patisipe. Nou konprann ke fanmi yo ka bezwen anile vizit kay yo de tanzantan akòz malady, vakans, e elatriye, tanpri konprann ke yo pral bay ou yon period tan pou kapab anile visit ou yo tout fwa sa posib. Se va menm bagay pou moun kap fè visit lakay yo va besewn anile kek randevou pou akòz malady, fòmasyon e latrìye Sepandan, anile twòp vizit ka lakòz revokasyon nan pwogram lan. Tanpri notifye vizitè lakay ou lè ou konnen ou dwe repwogramme oswa anile vizit lakay ou.

Li obligatwa pou nou kenbe orè regilye nan vizit lakay yo. Se poutèt sa, moun kap fè visit adoisil la ap travay avèk ou yo kreye yon plan prezans si fanmi ou ta gen difikilte pou vizit la. Plan asistans lan pral va fè yon lis de tout sa ki ta konsidere kòm baryè pou patisipe nan pwogram nan ak solisyon posib. Plan an ap konsidere tou atant ou nan pwogram nan pou nou kapab fè vizit yo siyifikatif e ki gen anpil valè pou ou menm ak fanmi ou. Si vizit adomisil yo kontinye reprezante yon defi pou ou apre yo finn enplante plan prezans lan, manadjè visit adomisil la ak moun ki konn vizitew la va travay avèk ou daprè eksperyans yo pou chache mwayen edikatif ki pi benefik pou ou ak pitit ou..

#### **Pou fanmi ki gen plis pase yon timoun ki enskri nan pwogram lakay nou an:**

pou pitit ou yo benefisyé pwogram nan, vizit adomisil yo dwe pwogramme nan yon fason ki gen ladan ase tan pou bay sipò endividyle pou chak timoun ki enskri. Se poutèt sa, nou pral travay avèk ou pou kreye yon plan ki pral pèmèt Triumph delivre (bay) sèvis konplè ak endividyalize pou tout fanmi ou. Tanpri konnen ke tout vizit adomisil yo dwe

dire pou pi piti 90 minit. Pou nou ka bay bay yon sèvis konplè. Men (sepandan), si se nesesè, yo ka ajoute plis tan pou satisfè tout bezwen fanmi an.

### Pou Fanmi kap tan you bebe:

Pandan gwosès ou, nou ka travay avèk ou pou kreye yon orè endividylè pou vizitew lakay ou. Gen kèk fanmi ki pral benefisyè sipò chak semèn: gen kek lòt moun ki ka mande pou vizit pi kout oswa pi long. Tanpri etabli plan avek vizitè adomisil ou a, lè timoun nan fet, nap kontinye travay avèk ou pou bay sipò ki nesesè pandan nap respekte e sipòte bezwen fanmi an ak akeyi ti bebe a ki fèk fèt la. Tanpri mete ou alèz ak vizitè adomisil ou a. sou tout bezwen ou yo. Enfimyè Triumph la pral vizite ou menm ak nouvo tibebe w la pou nou ka pote plis sipò nan lespas de 6 semèn apre li finn fèt. Nou va fè tranzisyon pou fanmi an soti nan gwosès (pwogram fanmi lespwa) pou ale nan pwogram plasman. Sèvis sa-a va fèt an akò ak sa yo ekzije nan pwogram nan.

**Ekolaj ak Frè:** Depatman Early Edikasyon ak Swen (EEC) bay asistans finansyè pou fanmi ki elijib kap chache swen nan Early edikasyon ak swen oswa ki soti nan pwogram tan lekòl la. Fanmi yo dwe ranpli kondisyon revni ak aktivite necesè pou yo kalifye pou asistans finansye EEC. Akòz nou pa gen anpil lajan (finansman limite), fanmi ki elijib yo prale sou lis atant EEC jiskaske asistans finansman vin disponib. Tanpri al gade nan tablo revni sou elijibilite a EEC pou konnen si ou bon jan kalite.

Triump, Inc. pa f è peue okenn frè pou patispe nana Head Start oswa Early Head Start pou fanmi ki enskri ki baze nan sant oswa lakay yo. [Gade paj 16 pou definisyon]

Frè opsyon pwogram tout jounen pou moun ki elijib yo evalye e chaje sou baz Depatman edikasyon Early Start ak sou echel Frè tablo revni sou eligibilite. Ou ka ale sou li nan lenk sa-a <https://www.mass.gov/doc/smi-income-eligibility-fy2018> pouw ka konnen si revni fanmi an satisfè ekzijans kritè kalifikasyon revni EEC.

Si ou bezwen asistans adisyonèl pou detèmine elijibilite ou pou jounen pwolonje oswa pwogram sèvis ki sibvansyone a tanpri kontakte Biwo enskripsyon an oswa pale ak espesyalis Engagman Fanmi ki gen revni ki depase pou kalifikasyon EEC ka enskri pitit yo an akò avèk orè frè sa yo. (efikas 1<sup>ye</sup> septanm 2023)

Opsyon	tibebe	timoun piti	lekòl matènel
5 jou	\$336.00	\$330.00	\$233.00
3 jou	\$202.00	\$190.00	142.00

Nenpòt fanmi ki mande enskripsioun pou mwens ke 3 jou, dwe toujou peye orè salè 3 jou a. **Amand pou vinn chache anreta:** Triumph ap fèw peye \$ 1.00 pou chak minit. Frè pou anreta a dwe peye anplen pou timoun ka rete nan gadri a (eksepte head start/Early Head Start)

**Depo sekrite:** 1- semèn (frè ekolaj) peye davans, anvan premye jou an

**Rabè frè ak sè pou peman prive:** 10% rabè pou paran ki gen de oswa plis timoun nan program nan.  
(Rabè yo bay se pou ekolaj timoun ki pi gran an)

Nouvo fanmi yo oblige peye yon depo sekrite ansanm ak frè gadri a premye semèn lan.

Deklarasyon sou balans kont yo bay nan kòmansman chak semèn. Fok ou peye balans total ou dwe a vandredi anvan semèn sèvis gadri a kòmanse. Pèman yo ap fèt nan biwo ki devan chak biling yo. Pou chak pèman y ova baw yon resi.

Si yon fanmi pa peye frè a nan dat delè a, yap voye yon lèt avètisman ba li ki deklare balans total la ou dwe peye vandredi apre dat la. Tanpri kontakte Kòdonatè Fiskal la nan Quinn Center si ou bezwen fè aranjman pou pèman espesyal, si ou pa peye tout kob la yon sel kou jan lwa sou règ legal EEC reklame. Nap voye yon avi revokasyon bay fanmi an e lap gen 2 semèn poul mete balans li a zewo, oswa yo pral pèdi plas tout jounen an, depi yon fanmi rive nan faz revokasyon pa gen okenn aranjman espesyal ki ka fèt. Baz Sant Head Start ka ofri fanmi an yon plas si li kalifye pou Head Start.

Tout paran/gadyen yo oblige peye swen pou tout jou pwogram nan pwogramme pou ouvri nan kalandriye chak ane lekòl la. Jou fèmen EEC apwouye ki gen ladan jou ferye, jou devlopman pwofesyonèl anplwaye yo, jou fleksib, ak 3 jou move tan/jou fèmti ijans ap peye pa EEC, epi yo p ap kolekte frè nan men paran yo nan jou sa yo. Yo p ap bay okenn kredi ekolaj pou fèmti move tan apre twa jou yo. Pri enskripsyon yo baze sou yon pri anyèl pou chak timoun ki apre sa divize pa 52 pou detèmine kantite peman chak semèn nan.

Frè pou chèk ki retounen: Triumph (Trumph), Inc ap chaje yon S25.00 frè pou tout chèk ki retounen. Yon moun ki gen chèk retounen yon 2<sup>em</sup> fwa ap oblige peye lajan kach oswa money order sèlman. Yo pap aksepte chèk ou ankò.

---

**Tranzisyon** Triumph, Inc kowòdone yon pwogram nesans-a-senk ak entegrasyon tout Triumph, Inc. opsyon pwogram yo nan yon pwosesis san problem. Gen tranzisyon pandan tout ane yo lè yon timoun enskri nan Triumph Head Start/Early Head Start sant baz ak Early Head Start yon achantiyon pwogram adomisil. Chak kalite tranzisyon mande planifikasyon ki baze sou bezwen endividyèl fanmi an. Enfòmasyon demografik sou tout fanmi enskri nan nenpòt nan pwogram, yo pral Suivi sistèm done nou pou ranfòse komunikasyon ak kowòdone sèvis pou fanmi yo.

---

**Tranzisyon ki soti nan Triumph EHS opsyon Pwogram pou Fanmi kap tann yon bebe.** Fanmi kap tan yon bebe ki enskri nan pwogram Triumph (Trumph) EHS gen opòtinite pou yo chwazi nan yon meni (lis) opsyon timoun piti. Tranzisyon an ka kòmanse nan baz-sant lan oubyen lakay ou lè ti bebe a gen sis semèn. Plan pou ede fanmi pou tranzisyon sa a ta dwe kòmanse nan moman ke fanmi an te enskri nan opsyon pwogram EHS. Nap fè tout sa nou kapab pou nou asire apre timoun nan finn fèt ke pwogram nan gen posiblite pou ede ak besewn fanmi an.

---

**Tranzisyon ant EHS ak Pwogram Models:** Si fanmi yon timoun enskri nan Early Head Start sèlman chwazi pou ale nan modèl, Lè sa a, yo va kreye yon plan tranzisyon konplète endividyalize e aplikel osito ke fanmi an enfòme pwogram lan entansyon-l. nap ankouraje Fanmi an tou pou vizite nouveau site la epi rankontre nouveau manm pèsosel la. Espesyalis enskripsyon an ap travay avèk fanmi an e ak manm pèsosel la pou kominike pòs ki vid yo. Manadjè yo ka revize dosye fanmi an anvan tranzisyon an pou yo ka pin byen sipòte bezwen fanmi yo.

**Tranzisyon soti nan EHS pou ale nan HS:** Triumph dwe revize elijibilite sou revni pou timoun ki ap fè tranzisyon soti nan EHS a [HS Head Start Act 645A (b) (71)]. Tranzisyon kòmanse sis mwa anvan twazyèm anivèsè nesans timoun nan lè nou kòmanse pale ak paran/guardians sou pwosesis la, revizyon nan evalyasyon ak obsèvasyon salklas, angajman timoun nan tranzisyon aktivite ak dènye misajou visit paran/gardyen.

**Tranzisyon sòti nan Head Start pou ale nan jadandanfan:** Pandan tout ane a, pwofesè yo swiv kwasans ak devlopman yon timoun epi revize evalyasyon timoun nan (3 checkpoints chak ane) avèk paran/gardyen an pou asire ke timoun nan ak fanmi yo pare yo pou kòmanse jadandanfan pandan sezon otòn lan. Triumph (Triumph), Inc, pral kowòdone pwosesis enskripsyon jadandanfan an nan lokal LEA a pou asire ke fanmi yo konprann epi swiv enfòmassyon ki nan dokiman an ak kote yo mete timoun ki nan pwogram jadandanfan an.

**Tranzisyon pou timoun ki nan IFSP ak timoun ki nan IEP :** Tout timoun ki ap resevwa sèvis yo ap patisipe nan tout aktivite tranzisyon ki site pi wo a ki divize tout pwogram tranzisyon an. Anplis pwogram aktivite regilyè yo, nou ka fè kek aktivite espesyal pou timoun ki gen besewn. Pa egzanp, EHS/HS ak paran/gadyen timoun yo ka rankontre ak anplwaye LEA nan sezon prentan pou detèmine plasman (kote) ki apwopriye pou lane pwochen. Nou ankouraje paran/gadyen ki gen timoun ki nan IEP/FSP aktyèl yo pou yo bay nouvo lekòl yo a yon kopi IEP/IFSP pou anpeche yon reta nan sèvis yo ofri nan nouvo anviwònan lekòl la. Sèvis tranzisyon yo gen obligasyon pou moun ki gen Andikap Edikasyon Lwa (IDEA) epi yo ka gen ladan reyinyon, evalyasyon, ak kowòdinasyon wth patnè kominate yo. Tranzisyon pou timoun ki poko enskri nan sèvis Pati C a ak paran ki eksprime enkyetid yo pral gen asistans pou mande yon evalyasyon menm si lekòl publik yo detèmine si wi ou non pitit yo pa ta kalifye pou sèvis edikasyon espesyal.

**Mete fen nan Triumph:** Lè yon fanmi chwazi pou kite EHS/HS, Espesyalis nan Angajman Fanmi ki nan Triumph oswa Vizitè adomisil EHS ap sipòte tranzisyon sa a. Paran/gadyen an ka mande kopi dosye yo, epi yo ka mande paran an yon entèvyou depa (sòti) ki tou kout pou yo kolekte enfòmassyon sou rezon ki fè fanmi an chwazi kite pwogram nan. Lè afanmi an pa patisipe nan yon entèvyou depa (sòti), rezon ki fè revokasyon toujou ekri sou papye. Si fanmi an chwazi pou fè sa, yo ka pran yon randevou ak Espesyalis nan konsomasyon pou pran konesans sou lòt gadri ki gen bon jan pwogram nan zòn nan. Pwofesè yo ap travay avèk fanmi yo, sou kòman pou di orevwa ak zanmi yo nan salklas.

**Tranzisyon pandan ete a:** Pwogram Triumph Head Start la pran repo nan ete a. Fanmi ak timoun ki nan pwogram EHS kap gen 3 zan pandan vakans ete a, yap evalye yo epi Ekip ERSEA a ap detèmine bezwen yo pou gadri ak tout disponiblite yo. Tout pwosedi tranzisyon yo pral swiv kòm sa dwa.

**Aktivite pou sipòte politik tranzisyon:** Aktivite ak opòtinite sa yo disponib pou fanmi yo lè y ap fè. Yon chanjman nan enskripsiyon yon timoun. Patisipasyon nan aktivite sa yo ap baze sou bezwen endividyle fanmi an pou sipòte yo pandan tout pwosesis la:

- Yon Espesyalis Angajman Fanmi oswa EHS Vizitè Lakay, ki nan pwogram nan ap akonpaye paran/gadyen an nan reyinyon aplikasyon an ak nouvo opsyon pwogram nan:
- EHS Vizitè adomisil ki nan modèl ap akonpanye paran/gadyen nan yon ti pwomnad nan tout sant lan.
- Orè vizit adomisil yo pral pataje ap opsyon pwogram yo pou yo ka pwogram "tranzisyon" visit adomisil yo.

- Lè yon fanmi gen yon "doub enskripsyón" (sa fè referans ak EI ou byen Espesyal Ed. Lekòl Matènèl) nap fè tout efò pou ka kenbe tou 2. Si sa pa posib, enfòmasyon yo pral pataje ant fanmi an travayè/defansè yo sou sa ki sòti nan reyinyon an.
  - Reyinyon ak paran/gadyen sou tranzisyon jadandanfan yo ap fèt ak Triumph , Inc. LEA, e avèk reprezantan edikasyon Triumph, Inc. ak anplwaye sèvis sosyal preznan lè sa aplikab.
  - Manje Pwofesè Jadandanfan fèt chak ane kote enfòmasyon yo pataje ant Triumph ak salklas kap resevwa pwofesè jadandanfan pou byen sipòte transisyon timoun yo nan jadandanfan.
  - Si orè yo pèmèt, nou bay chak timoun ki ap fè tranzisyon nan jadandanfan yon opòtinite pou vizite lekòl pèspektiv yo Triumph, Inc. ap fè ti pwomnad ak yo pandan tout period la.
  - Manadjè Edikasyon an, oswa Manadjè Sèvis Timoun ak Fanmi, oswa reprezantan li pral obsève yon sosyalization oswa jwe an gwoup pou asiste timoun ki nan tranzisyon soti nan EHS Head Start
- 

## **Revokasyon oswa retrè**

Timoun ki enskri nan pwogram Triumph , Inc. la ka eskli oswa sispann pou nenpòt nan rezon sa yo:

1. Fanmi ki pa kapab bay oswa pa kenbe dokiman pwogram ki nesesè anakò avèk sa ki di nan pwosedi pwogram nan ( prèv revni, estati vaksinasyon oswa enfòmasyon anyèl, egzamen fizik, kòm egzijans lokal, leta, oubyen ajans federal yo)
2. Fanmi ki pa an konfòmite avèk orè frè kalandrye pwogram lan (si li aplikab)
3. Absans twò souvan nan Head Start/ Early Head Start.Timoun yo dwe vini lekòl regilyèman. Estanda Pèfòmans Head Start yo mande pou nou kenbe omwen 85% prezans nan pwogram nou an. Nou pral kontakte ou si sa ta vin tounen yon pwoblèm pou nou ka sipòte ak devlope yon plan pou amelyore prezans
4. Si yo konsidere ke Aksyon Parent/gadyen yo vyole nenpòt politik oswa deskripsyon pwosedi oswa kod konduit yo ki nan manyel Parent/gadyen la ka yon rezon pou ranvwa.
5. Konpòtman timoun nan se yon menas kontinyèl pou li menm, lòt timoun yo, oubyen manb pèsosel. (Gade gid prinsip konsèy timoun yo) y ova bay paran yo Sipò ak rekòmandasyon nan plasman ki pi apwopriye.

Si ta gen yon sispansyon oubyen revokasyon, si sa te mityèlman dakò, yon reyinyon pral fèt ak paran/gadyen yo pou diskite sou sa epi revize dokiman alekri ki endike rezon espesifik pou sispansyon pwopoze oswa revokasyon pou timoun nan ak sikonstans kote timoun nan ka retounen, si genyen.

## **Patenarya & Angajman Fanmi**

### **Kòd Konduit Paran / Gadyen**

Apwouve pa:

Konsèy administrasyon: septanm 2016

Konsèy reglèman: septanm 2016

Nou kontan pou gen paran ki sipòte epi ki enplike nan Triumph , Inc. Paran/gadyen nou yo rekonèt ke edike timoun yo se yon pwosesis ki enplike patenarya ant lakay ak lekòl epi ki konprann enpòtans nan yon bon relasyon kap travay pou ekipe timoun yo ak kapasite ki nesesè pou siksè yo. Pou rezon sa yo nou akeyi e ankouraje paran yo ak moun kap bay swen yo patisipe konplètman nan tout aktivite ajans lan ofri.

Gid sa a sipòte aplikasyon yon akò Lekòl-lakay. Triumph, Inc espere parent/gadyen yo ak moun kap bay swen yo pou montre respè ak enkyetid pou lòt moun nan:

- sipòte e respekte kilti Ajans nou an, nan bay bon egzanp nan pwòp diskou nou ak konpòtman nou anvè tout manm lot lekol ki nan kominote a.
- travay ansanm ak tout anplwaye pou benefis timoun yo: sa gen ladann apwoch lekòl la pou rezoud nenpòt pwoblèm epi diskite ak klarifye kek aktivite espesifik pou nou ka rive jwen yon solisyon pozitif.
- korije konpòtman agresif oswa danjere pitit ou, espesyalman an piblik siw pa fè sa, sa ka mennen yon konfli.
- respekte anviwònman lekòl la, kenbe lekòl la pwòp pa jete dechè.
- swiv règleman sou kondwi machin ak pakin epi se pou montre anpil koutwazi lè ou mennen pitit ou lekòl ou byen ou vinn chachel.
- mete restriksyon sou utilizasyon telefòn selilè lè wap antre nan biling nan.
- Echanj lajan oswa machandiz ak yon anplwaye pou sèvis tankou gadri, transpò, oswa tretman espesyal.

Pou asire lapè ak sekirite nan anviwònman lekòl la, Triumph, Inc pa pral tolere:

- move konpòtman ki deranje travay kap fet nan yon sal klas. nan zòn biwo lokol la, nan machin yo, oswa nenpòt ki lòt kote ki se pwopriyete Triumph.
- moun kap pale byen fò, kap jouré moun, moun ki malonèt ki ankolè ki pale ak yon ton agresif.
- menas domaj oswa itilize agresyon fizik kont yon granmoun oswa yon timoun. Sa gen yon efè negativ lèw korije pitit ou oswa yon lot moun nan local lekòl la.korije pwòp pitit o (Gen kèk aksyon ki ka konstitye yon atak ak konsekans legal)
- domaje oswa detwi pwopriyete lekòl la.
- menase oswa abise Imèl, telefòn oswa mesaj rezo sosyal yo.
- fimen ak konsomasyon alkòl oswa lòt dwòg oswa aksè nan sit lekòl la pandan ou entoksike oswa distribisyon / vant (sa ka gen konsekans kriminèl)

Konpòtman sa-a yo ki site anwo a sou pwopriyete Triumph , oswa pandan yap fè yon vizit lakay ou, yo pral rapòte bay otorite apwopriye epi yo ka entèdi yon granmoun ki ap insilte moun antre nan lakou lekòl la pou pwoteje kominote lekòl nou an oswa mennen nan sispansyon/revokasyon nan pwogram, aktivite, oswa sèvis nou yo. Nou kwè ke paran/gadyen yo pral ede Triumph (Triumph), Inc ak aplikasyon politik sa a epi nou di ou mèsi pou sipò kontinyel ou.

### **Angajman Fanmi**

Pwogram Head Start yo dwe entegre yon estrateji pou angaje paran ak fanmi nan tout sistèm ak sèvis ke nou bay pou sipòte byennèt fanmi an epi ankouraje developman ak aprantisaj timoun yo.Tout kote Head Start ye li responsab pou mete an aplikasyon estanda Pèfòmans Angajman Famly yo. Pou Kominike regilyèman e postivman avek fanmi Head start yo, se kle nan siksè patisipasyon moun kap bay swen yo.

Gen plizyè fason pou fanmi yo patisipe nan pwogram nan e nou ankouraje w rantre e patice nan tou de planifikasyon yo (pwogram)! Salklas nou yo sipòte yon "politik pòt louvri. Nou ankouraje w rete pou manje maten, ede pitit ou bwose dan oswa fè sa nan pou jounen an. Tanpri gade anba Règleman Volontè pou plis enfòmasyon.

Anba-a se yon lys pasyèl nan fason Triumph pral angaje fanmi yo:

Triumph, Inc. itilize volontè nan tout mezi posib.Yo bay tout volontè regilye yon vast (gran) oryantasyon anvan yo ka kòmanse èdtan volontè yo. Sa fèt pandan tout ane lekòl la.

**Paran/gadyen Volontè:** Triumph kenbe yon politik pòt louvri ak paran yo oswa gadyen legal yo. Nou ankouraje w sèvi kòm volontè nan salklas nou yo, nan pwomnad, kòm envite rakonte istwa, nan aktivite espesyal ak nan lòt fason ankò. Nou bay tout volontè nou yo valè! Rete pou ede pitit ou a nan jounen an sa ede ni ou ni pitit ou a. Tanpri kontakte Espesyalis Angajman Fanmi oswa Koòdonatè Resous Imèn lan si ou vle kòmanse sèvi kòm volontè sou yon baz regilye. Yo bay yon vast (gran) oryantasyon ak tout volontè regilye yo anvan yo ka kòmanse èdtan volontè

yo, tou kòm yon tchèk anprent dijital CORI/SORI si gen yon potansyèl pou volontè a rete sou obsèvasyon ak lòt timoun yo.

**Edikasyon Paran, Kourikoulòm, ak Aktivite yo:** an akò avèk Nòm Pèfòmans HS, Triumph pral ofri divès opòtinite pandan tout ane a, pou paran yo patisipe nan yon rechèch ki baze sou yon curriculum (pwogram) pou paran yo gen plis konesans epi ofri yo opòtinite pou pratike ladrès paran yo.

**Opinyon Paran/gadyen yo:** Nou ankouraje paran/gadyen yo pou yo patisipe aktivman nan edikasyon pitit yo. Triumph gen anpil opòtinite pandan tout ane a pou rankontre endividyleman ak pwofesè pitit ou a e avek espesyalis Angajman Fanmi an oswa Vizitè adomisil (visit laKay pou revize pwogrè pitit ou a nan pwogram nan. Nou ankouraje paran/gadyen yo tou pou yo fè tou sijesyon sou kek aktivite ki ta ka ede pitit yo reyisi lekòl.

**Reyinyon ak Paran/gadyen yo:** depi paran/gadyen yo kòmanse pwosesis enskripsiyon pitit yo nan pwogram nan, yo bay yo opòtinite pou yo rankontre ak yon manm pèsonèl la ki pral ede reponn nenpòt kesyon yo ka genyen. Tipikman, sa a se Espesyalis Angajman Fanmi yo oswa anplwaye ERSEA. Yo ba yo tou opòtinite pou yo ale nan salklas pitit yo anvan premye jou a.

**Patenarya Fanmi:** Vizyon nou pou fanmi yo se kreye yon anviwònman patenarya ak respè mityèl ki pral enlike tout fanmi an nan tout aspè nan pwogram nou an. Nou sipòte paran/gadyen kòm edikatè prensipal pitit yo e nou onore efò yo pou nouri pitit yo. Nou ankouraje paran yo defann pitit yo epi travay pou asire yo ke tout paran yo gen yon opòtinite pou yon patisipasyon enpòtan nan pwogram nou yo. Nou ankouraje Paran/gadyen yo pou bay opinyon nan règleman ak desizyon pou pwogram nou an epi patisipe nan komite konsilitatif nou yo. (edikasyon, CFCE konsilitatif, sante, elatriye). Sa a se fondasyon sikse nou.

**Aktivite pou Fanmi:** Triumph, Inc ede sipòte paran/gadyen pase bon jan kalite tan ak timoun yo epi li bay opòtinite pou yo aprann ak pran plezi ansanm. Yo pral distribye feyè yo pou anonse aktivite sa yo.

**Politik Règleman (policy council):** Politik Règleman an se yon gwooup paran/gadyen ke yo eli ak manm kominote a ki enterese ki aji kòm Komite lekòl la pou pwogram Head Start ak Early Head Start nou yo. Yo fè politik pwogram ak desizyon pou bidjè epi ede nan evalye ki janpwogram nan ka pi byen satisfè bezwen yo nan Head Start ak Early Head Start fanmi nan kominote Raynham ak Taunton. Yo reyini yon

fwa chak mwa nan lè ke yo chwazi.

Yo rambouse paran yo ki peye pou ede avèk nenpòt depans pou gadri ak transpò. Politik Règleman dwe gen ladani 51% paran ki nan pwogram nan, e tout opsyon pwogram yo dwe reprezante.

**Komite paran:** Chak sant/pwogram gen reyinyon komite chak mwa kote yo envite tout paran/gadyen resevwa dènye nouvèl ki soti nan konsèy règleman politik la, bay opinyon sou sijè fòmasyon ak resous kominote. Aktivite ki pi enpòtan nan reyinyon sa-a yo se sijesyon paran yo pou fè rekòmandasyon pou aktivite salklas yo nan salklas la. Malgre ke nou akeyi tout lide, nou rezève nou dwa pou chwazi aktivite ki sipòte objektif edikasyonèl ak preparasyon pou lekòl nou yo.

**Pwogram Evalyasyon & oto-Evalyasyon:** Chak sezon prentan, nou mande paran/gadyen yo pou ede nou evalye pwogram nou an pou nou ka amelyore sèvis yo ke nou bay paran ak timoun yo. nou mande Paran/gadyen yo revize sondaj ke yo voye lakay ou. Oto-Evalyasyon se lè pwogram nan sanble avek done yo kolekte pandan tout ane a ede nou pran desizyon sou devlopman pwofesyonèl ak chanjman ak amelyorasyon nan pwogram ki pi byen sipòte fanmi nou yo.

**Kalandriye mansyèl ak Bilten Nouvèl:** Chak mwa ou pral resevwa yon kalandriye ki pral idantifye tout sa ki enpòtan ki pral rive nan kalandriye pwogramme nan. Tanpri poste kalandriye sa a nan yon kote ou ka wèl chak jou pou asire ke ou konnen tout aktivite kap fêt yo. Triumph fè soti yon bilten jounal regilyèman ak enfòmasyon enpòtan pou fanmi yo. Si nenpòt lè paran/gadyen yo ta gen yon atik ou byen on lide yo ta renmen wè nan bilten jounal la, yo ta dwe kontakte Asistan Egzekitif nan Sant Riverway a. Tout salklas timoun yo ak tout vizitè adomisil yo ap voye bilten nouvel la ak kalandriye a lakay paran yo pou fè yo konnen sa kap pase espesyalman nan salklas ptit ou.

**Dosye Kominikasyon yo:** Yap bay Paran/gaden yo, yon Dosye (katab) Kominikasyon Lekòl/lakay koulè oran nan kòmansman ane lekòl la. Gen de pòch nan katab la, yon ki make "kenbe nan kay la" ak lòt la ki make "retounen nan lekòl. Li enpòtan pou paran yo tchyèke katab chak jou, epi se pou voye tounen sa ki make retounen lekol la chak jou ptit ou ap vinn lekol. Sa a se fason ke yo kominike enfòmasyon kritik avek paran yo. Dokiman ke yo mete nan "katab Kenbe lakay" se pou paran/gadyen kenbe nan kay la epi li gen enfòmasyon ki enpòtan. Dokiman yo mete nan poch "retounen nan lekòl la jeneralman egzije paran/gadyen yo siyen epi voyel tounen. si nenpòt ki lè paran/gadyen yo ta bezwen voye enfòmasyon nan lekòl la poul fè pèsønel la konnen you bagay enpòtan sou ptit li, mete yon nòt nan poch katab "retounen lekol la". Pwofesè a ap jwen li nan maten. Paran Early Head Start yo va recevwa yon fèy kominikasyon ke pwofesè a va voye pou li ki gen ladanl enfòmasyon sou ptit ou a pou jou sa-a.

**Resèch lekol sistèm otomatik:** Paran/gadyen yo ap mete ajou regilyèman enfòmasyon pandan tout ane a lè yo sèvi ak Sistèm otomatik lekol la, sou anons ki gen rapò ak move tan ou byen si pa gen lekol. Nou ankouraje paran yo pou yo toujou gen yon kontak telefòn ajou sou dosye ak Espesyalis Angajman Fanmi ou oswa Vizitè laKay yo pou yo ka resevwa apèl telefòn sa a yo otomatikman.

**Konferans Paran/Gadyen ak Pwofesè:** Rankont endividylè Gadyen / Pwofesè yo pwogramme omwen twa fwa pa ane pou diskite sou pwogrè ak devlopman ptit ou a. Reyinyon sa yo ka pwogramme kòm yon visit adomisil (lakay) oswa nan sant la. Nou ankouraje w pou vizite sant nou yo nenpòt ki lè, men ou ka rele nou pou pran yon randevou pou rankontre ak pwofesè a chak fwa ou gen kesyon oswa enfòmasyon pou pataje.

**Revize dosye fanmi:** Nan lide pou nou ka bay bon sèvis nan pwogram yo, pwogram nou yo itilize yon sistèm jesyon pou ka. Sistèm sa a gen pou revize bezwen ptit ou ak fanmi yo ak tout sa anplwaye ki travay ak piti oswa ak fanmi an fè chak mwa. Revize dosye fanmi ka gen ladanl tou enfòmasyon evalyasyon, revize objektif, pwogrè ki fèt an rapò ak objektif yo, referans aktyèl, elatriye. Li ka gen ladan tou kek ka endividylè reyinyon pou analyze/etidye sitiasyon timoun sis a nesesè. Nou ankouraje paran yo pou yo enplike nan pwosesis sa-a. Yo ka envite paran an nan yon reyinyon oswa yo pral ba li yon opòtinite pou bay opinyon nan vizit adomisil (lakay) ak rankont yo sis a nesesè. Pou plis enfòmasyon wè ak pwofesè a ou byen espesialis angajman fanmi.

**Rapò Ensidan ak Aksidan:** Lè yon evènman rive kote ptit ou a blese ou frape, oswa konpòte li nan yon fason ki merite yon entèvansyon. Ou va resevwa yon rapò ekri ke yo pral diskite avèk ou. Paran yo oblige siyen epi retounen dokiman sa-a lekòl la pou dosye nou. Ou ka kenbe yon kopi tou. Siyati ou endike, ke nou te fèw konnen sa ki te pase.

### Vizit Lakay yo

**Vizit Edikasyonèl Adomisil:** Paran/gadyen ki gen timoun ki enskri nan pwogram Sant Baz nou yo, pwofesè a ap vizite yo 2 fwa lakay. Pwofesè yo pral vizite timoun ak paran / gadyen lakay yo sof si yon paran/gadyen pa ta vle sa. Pandan vizit sa yo, paran / gadyen yo kapab revize rezulta endividyle ptit yo epi fikse objektif pou developman ptit yo avèk pwofesè yo pou ane a. Fanmi ki pa enskri nan pwogram Head Start oswa Early Head Start pap resevwa vizit adomisil yo. Men yo ta dwe santi yo lib pou kontakte inite Edikasyon nou an si ou ta vle fikse kek objektif sou developman edikasyon ptit ou a.

**Angajman Fanmi Vizit Adomisil:** Paran/gadyen ki gen ptit yo enskri nan Head Start/Early Head Start nan Sant baz Pwogram yo yon espesialis ki asiyen nan angajman fanmi ap vizite yo. Espesyalis Angajman fanmi yo ap pran randevou pou vizite adomisil yo avèk gadyen yo nan lè kap bon pou yo. Pwogram Head Start/EHS lan enskri, resevwa 4 vizit adomisil chak ane, e pou fanmi k ap resevwa Depatman Sèvis pou Timoun ak Fanmi, 1 fwa pa mwa. Lòt vizit adomisil ka fèt nenpòt ki lè gen bezwen pou sa. Espesyalis Angajman Fanmi an pral travay avèk fanmi yo pou devlope Plan Patenarya Fanmi epi aji kòm yon avoka ak kòm resous e kòm you ajan referans.

Fanmi ki pa enskri nan pwogram Head Start/Early Head Start yo ka mande tou sèvis vizit adomisil yo oswa mande sèvis sipò ak referans lè w kontakte inite Angajman Fanmi an.

**Vizit Adomisil Baz Lakay:** Pandan vizit lakay yo yon fwa pa semèn pou 90 minit, anplwaye Triumph travay avèk paran yo ak ptit yo pou sipòte aprantisaj la. Vizitè adomisil la ansanm ak paran yo gade epi reflechi sou timoun nan. Yo planifye fason pou ede timoun nan aprann itilize entèraksyon paran-ptit, woutin chak jou, ak materyèl nan kay la

Vizit nan kay yo ka ranvwaye oswa konplete vityèlman si gen yon sitiyasyon ijans oswa si gen yon maladi kontajye prezan.

### Referans & Sipò pou Fanmi

Triumph ap travay an kolaborasyon avèk fanmi yo pou idantifye pi bon resous posib pou ptit yo ak fanmi yo. Lòt resous ki disponib pou fanmi yo men pa limite a: asistans ijans, bezwen debaz yo (manje, kay, rad, gaz asistans ak edikasyon), opòtinite fòmasyon (GED, ESL. edikasyon paran), fòmasyon travay WIC, asistans tranzisyonèl oswa ajans travay. Tanpri enfòme Espesyalis Angajman Fanmi ou oswa Vizitè adomisil yo si ou bezwen nenpòt nan resous sa yo. Sèvis tradiksyon yo disponib sou demann.

### Sèvis tradiksyon / entèpretasyon

Triumph , Inc. ap ofri yon anviwònman akseptab ki sipòte ak respekte sèks, kilti, lang, ras (etnisite), ak konpozisyon fanmi an; sèvi manje ki reflete preferans kiltirèl ak etnik; komunikè avèk fanmi nan yo lang pa yo oswa atravè yon entèprèt. Triumph vize anboche anplwaye ki pale menm lang fanmi nou reprezante yo. Nou ankouraje patisipasyon fanmi yo nan aktivite ki gen rapò ak alfabetizasyon lang angle ak lang matènel yo.

## **Enkyetid Paran oswa Kominote a ak Doleyans yo: (Tanpri gade konfidansialite ak règleman prive yo)**

### **Enkyetid yo:**

Triumph (Trumph), Inc. apresye fidbak paran nou yo ak kominote a ban nou. Pè tèt gen de lè ou pa satisfè pandan tan ou ak nou oswa ou ta bezwen plis klarifikasyon sou yon pwosedi oswa sou règleman prensip yo. si ou menm oswa manm nan kominote a gen yon pwoblèm ak sèvis yo ke yo bay-w oswa manm fanmi ou, yo ta dwe fè tout tantativ pou rezoud pwoblèm nan nivo ki pi ba nan otorite, ak kantite mwayen ki pi piti posib ke pwogram dispoze. Triumph (Trumph), Inc. ak anplwaye yo pran plent ak enkyetid paran yo oswa kominote a pote trè seryezman epi yo pral chache jwenn solisyon an byen vit.

Pa egzanp, si ou pa kontan sou yon sèten aspè nan salklas la, ou dwe di sa drèkteman ak pwofesè salklas la anvan yo pote l bay sipèviziè pwofesè a. Si ou pa kontan ak manje yo, ou ka pale avek anplwaye nitrisyon yo. Fidbak enfòmèl sa a ap ede nou amelyore sèvis nou yo. Nou pral fè pi byen pou rezoud pwoblèm sa a epi asire ke ke ou satisfè ak sèvis nou yo. Tanpri, pa pote pwoblèm pèsonel la bay espesialis Angajman Fanmi. FES ak lòt anplwaye yo se kòlèg, yo dwe kenbe konfydans.

Si ou pa kapab rezoud pwoblèm nan apre diskisyon an avèk manm pèsonèl la, tanpri kontakte sipèviziè a direkteman. Apre diskisyon sa a, si pwoblèm nan pa rezoud, ou ka mande pou rankontre avèk Direktè Egzekitif la pandan tan sa a, nou ka jwen yon akò oswa yon konsansis.

Akizasyon zak kriminèl oswa nenpòt danje eminan pou timoun yo ap trete imedyatman pa **Direktè Egzekitif la** afè a pa bezwen swiv chèn sipèviziòn ak pwosesis la. (Tanpri gade referans sou Abi Enstitusyonèl, anba Abize Timoun ak Neglijans)

**Yon Doleyans** se yon plent ke yon moun ki pa yon anplwaye Triumph ekri, ki pretann ke Règleman pwogram Head Start yo ak Règleman Pwosedi yo oswa Règleman CEE yo **entansyonèlman** pa swiv oswa yo aplike yo yon fason ki pa jis (inegal), oswa yo te administre nan fason ki abitèrè oswa enjist. Kopi tout règleman ak nòm yo disponib nan sant nou yo sou demann. Triumph (Trumph), Inc. opere tou sou yon seri règleman ak pwosedi ki apwouve, anpil nan yo dekri nan Manyèl Paran/gadyen an tout disponib. Nenpòt paran/gadyen ki enskri ka jwen li sou demann oswa nan sit entènèt nou an: [triumphinc.org](http://triumphinc.org). Tanpri al gade dokiman sa a si ou gen yon kesyon.

Fè tout efò pou rezoud pwoblèm nan anvan ou ale nan yon pwosesis doleyans fòmèl. Si apre ou fin swiv pwosedi ki endike anwo a, ou santi yon prensip, yon pwosedi oswa règleman te vyole, swiv etap sa yo:

Tanpri soumèt enfòmasyon alekri siyen ak dat bay Direktè Egzekitif la. Chak fwa sa posib, règleman ou kwè ke ajans lan vyole a ta dwe sèvi kòm referans. Nou pap konsidere plent anonym. Yo ka rele temwen yo selon diskresyon pati ki enplike yo.

Direktè Egzekitif la ap gen 7 jou ouvrab pou reponn.

Si apre repons sa a, ou toujou pa satisfè, direktè Executive la pral soumèt doleyans ekri ou a bay Konsèy Administrasyon oubyen Triumph, Head Start/ Early Head Start Konsèy règleman nan sa ke gen pou wè avek Head Start/Early Head Start sou règleman Pwogram 7 jou ouvrab la. Li obligatwa, tout plent yo dwe fèt alekri. Repons ak rekòmandasyon kò gouvène yo pral final ak obligatwa.

Ka gen kek sitiyasyon ki pa kouvari pa yon oubyen lot nan prensip ak pwosedi ki deja egziste yo. Si sa nesesè, ekip jesyon an, ansanm avèk konsey reglaman/BOD ka devlope nouvo règleman oswa pwosedi ki aplike nan kalite sitasyon sa-a yo de tan zan tan.

\*Si enkyetid la oswa doleyans la enplike Direktè Egzekitif la, enfòmasyon alekri yo ta dwe soumèt dirèkteman bay Prezidan Konsèy Direktè a, ki gen enfòmasyon kontak ki disponib sou sitwèb nou an, [www.triumphinc.org](http://www.triumphinc.org)

**Tanpri sonje bagay sa yo:** Rekòmandasyon pou nouvo règleman pwogram yo oswa pwosedi yo ta dwe diskite nan reyinyon komite paran yo. Si ou pa kapab patisipe, ou ka ekri sijesyon ou epi bay FES ou oswa HV pou pote nan reyinyon an. Sa va pèmèt diskisyon nan mitan moun ki nan lot pwogram ansanm ak anploye ak manm konsey reglemam yo va diskite e pataje lide ak enfòmasyon yo konsènan chanjman politik yo pwopoze a. Lè sa a, reprezantan PC a pral pote rekòmandasyon yo nan Konsèny Règleman Head Start/Early Head Start nan reyinyon paran an, oswa pa yon manm pèsonèl la. Li enpòtan pou vinn abitye ak Tablo òganizasyonèl Triumph la, ki disponib tou sou sit entènèt Triumph la.

#### Paran & Limit anplwaye:

**Medya Sosyal:** Règleman sa yo se pou paran/moun kap bay swen ak patisipasyon timoun ki enskri nan medya sosyal. Medya sosyal gen ladan men li pa limite ak sa yo: blog pèsonèl, sit entènèt, Facebook, Linkedin, Snapchat, Instagram, Twitter, oswa parèy yo. Règleman sa a aplikab men si ou se moun kap bay swen ou non ki afiche komantè sou sit pèsonèl yo, oswa sou sit Triumph oswa sou sit lòt moun. Afiche Medya sosyal yo pèmanan epi yo ka ale "sou medya yo" nan you bat je. Afich ki pa awopriye kapab kreye domaj imedyat e dirab pou Ajans lan.

An plis devwa nou pou pwoteje timoun yo, li esansyèl pou kenbe vi prive ak sekirite tout fanmi nou yo sekrè. Nou mande ke pa gen okenn foto yo pran nan anviwònman lekòl la oswa nan aktivite espesyal pou afiche an publik eksepte foto pwòp pitit ou. Paran yo avize yo ke yo pa gen dwa pou fè foto nenpòt lot moun oswa pou yo telechaje foto pitit nenpòt lòt moun. Yo entèdi afiche foto timoun san konsantman paran yo. Tanpri dwe okouran de "konfidansyalite" ak "sekirite" paramèt sou tout kont rezo sosyal ou yo pou enfòmasyon pataje yo gen restriksyon pou sèlman moun ou vle wèl kap wèl.

Paran/moun kap bay swen yo dwe evite pòste tout sa ki gen movèz efè sou travay Ajans lan tankou: asèlman, avilisa (degradan), oswa kreye yon anviwònman ostil pou nenpòt ki manm pèsonèl la, deranje oswa detwui imaj ak repitasyon ajans lan. Pa gen diskisyon publik oswa kòmantè sou medya sosyal yo konsènan timoun yo, Fanmi yo oswa anplwaye ki ta ka gen yon enpak negatif sou repitasyon Ajans lan. Tanpri swiv tout princip Triumph yo ki ta dwe aplike tou nan medya sosyal sa vle di: Konfidansyalite Dosye Timoun, Kòd Konduit Paran, oswa Plent & doleyans. Tout règleman sa yo gen potansyèl pou yo ta vyole nan move itilizasyon medya sosyal.

Paran yo pa dwe sèvi kòm referans enfòmasyon pèsonèl pou yon lòt timoun, paran oswa anplwaye nan òganizasyon an. Non medya Sosyal ou, pa ka enkli nan non oubyen nan logo Triumph. Employe yo nan Triumph (Trumph) pa ka "zanmitay" oswa aksepte yon "demann zanmi nan non yon elèv aktyèl, yon paran, oswa moun kap bay swen. Paran yo ki zanmi yon ak lot ta dwe rete pwofesyonèl, sèvi ak bon jijman epi yo dwe egzat ak onèt nan komunikasyon ou youn ak lòt. kenbe nan tèt nou Kòd Konduit Paran an tout tan.

Sèvi ak medya sosyal ka enplike nenpòt kalite aktivite kriminèl oswa domaj sou dwa lòt moun ka lakòz pouswit kriminèl jidisyè oswa responsabilite sivil a moun ki ofanse a, oswa tou lè de.

Triumph gen dwa pou yo retire tout kòmantè oswa pòs nenpòt ki lè ki pa konfòme avèk estanda medya social yo. Triumph gen dwa bloke tout sa yon utilizatè mete sou sit yo ki pa konfòme estanda sa yo. Triumph gen dwa pou sispannenpòt kont medya sosyal nan nenpòt ki lè na prop jijman pal. Nou menm tou nou jwenn pèmisyon alekri nan men ou (sou Fèy Kontak Paran an) pou itilize imaj pitit ou a.

Malgre ke sit rezo sosyal yo ka parèt fason ki pi rapid ak pi fasil yo eksprime fristrasyon oswa enkyetid sou lekòl la ak moun ki asosye avèk li, li pa apwopriye pou fè sa. Swiv chèn nan kòmandman ak pwosedi yo nan Manyèl pou Paran yo se yon fason pi efikas pou adrese bezwen ou yo. Triumph (Trumph) konsidere egzanp sa-a yo kòm fason apwopriye pou itilize sit rezo sosyal. (Lys sa a pa konplè epi li gen entansyon bay egzanp sèlman)

- Nonmen timoun oswa afiche nenpòt kòmantè sou timoun ki ale nan Triumph Inc.
- Fè akizasyon sou anplwaye oswa nenpòt lòt moun ki konekte ak lekòl la.
- Fè nenpòt ki pòs ki ta ka konsidere kòm entimidasyon.
- Fè plent sou lekòl la oswa anplwaye nan lekòl la.
- Fè deklarasyon difamatwa sou lekòl la, anplwaye nan lekòl la, oswa timoun oubyen lot fanmi nan lekòl yo
- Afiche kòmantè negatif oswa ofansif sou anplwaye oswa nenpòt lòt moun ki konekte nan lekòl la.
- Afiche kòmantè rasis, seksis oswa tout lòt kalite langaj oswa kòmantè diskriminatwa
- Afiche kòmantè ki menase vyolans
- Afiche kòmantè oswa angaje diskisyon an lyin ak timoun ki pa pitit ou.

### Gadri

Triumph , Inc. rekonèt enpòtans paran/gadyen yo, nou fè yo konfyans pou pran swen timoun pèonel ansèyman ak lyezon ki fèt ant pwofesè ak timoun. Sepandan, manm pèsònèl la pa pa gen otorizasyon pou bay timoun sèvis andeyò travay yo (tankou gadri oswa transpòtasyon) sof si anplwaye a se yon manm fanmi an epi paran/gadyen yo mande pou yo ajoute anplwaye a nan lis ranmasaj la (pick up). Anplwaye ki enskri pitit yo nan pwogram nou an gendwa mete yon kòlèg travay sou lis pou vin chèche a oswa ede ak swen andeyò lè travay yo, toutotan pa gen okenn echanj de lajan oswa machandiz. Anplwaye yo ta dwe gade kòd etik konduit la pou klarifikasyon. Nou mande pou tout paran yo respekte règleman sa a epi yo pa besewn kòmanse nan gadri oswa sèvis kontak ijans anplwaye nou yo, paske se yon ofans ki ka lakòz revokasyon travay anplwaye a. Yo ka retire ansyen anplwaye ki nan lis Fèy Kontak pou Fanmi an si li nan pi bon enterè ajans lan.

Yo raple paran/gadyen règleman sa a sou oryantasyon nan pwogram nan. Règleman sa a dekri an plis detay nan Règleman Pèsònèl pou anplwaye yo.

## **ENFOMASYON SOU SALKLAS & LAKAY**

## Règleman edikasyon ak pwogram

Tout espas fizik nan salklas yo ka modifie pou ankouraje rekòmandasyon sante ak sekirite epi pou facilite aktivite pou kontwole enfeksyon.

Pwogram nou an bay fè fòmasyon ki ankouraje kwasans timoun yo, aktivite ak entèraksyon ki baze sou laj ak nivo devlopman chak timoun. Gen yon pakèt ekipman ak materyèl pou timoun tout laj. Kèk nan materyèl yo gen ladan sab ak tab dlo yo, jwèt kastèt, jwèt dramatik, pikèt. Jwèt Matching/sorting, penti, coupe, materyèl pou desen, ekipman pou grenpe, liv, mizik, ak zouti syans.

Manm pèsonel nou an trè kalifye epi yo patisipe plis pase kantite pwofesyonel developman ke eta a egzije pou èdtan yo Chak ane.

Nou bay anpil opòtunite ak tout paran/gadyen yo pou rankontre ak pwofesè pitit yo pandan tout ane pou adiskite sou pwogrè ak devlopman pitit yo. Paran/gadyen ap resevwa yon kopi ak yon lòt kopi ap rete la nan dosye timoun yo. Rapò yo baze sou obsèvason / dokimantasyon timoun nan, nan yon seri aktivite ki gen ladan echantyon travay timoun nan. Baze sou tout enfòmasyon yo ranmase nan staf kap travay avèk pitit ou, pwofesè a ap ranpli 3 a 4 rapò sou pwogrè pou chak timoun.

### **Sant pou Timoun Piti pou Timoun ki Baze sou Pwogram Kourikoulòm Kreyatif & Gid**

Salklas Early Head Start nou yo itilize yon Kourikoulòm (pwogram) kreyatif pou tibebe ak timoun piti yo. Pwogram sa-a ede pwofesè nou yo apresye e jwen satisfaksiyon chak jou nan ansèyman timoun piti yo. Kourikoulòm sa-a fasil pou konprann epi li ede pwofesè yo realize pi bon pwogram pou timoun ki poko gen 3 zan. entèraksyon timoun yo, ankourajan, konsistan, eksperyans travay ede anpil nan kwasans ak developman timoun piti yo. Nan yon anviwonman konsa, timoun yo ap aprann fè konfyans ak kè kontan, eksplorè anviwònman yo fè dekouvèt ak devlope bon sans e kwè nan tèt yok e yo gen kapasite pou aprann kòm moun. kourikoulòm sa a ede pwofesè yo kreye aktivite chak jou, eksperyans ak anviwònman ki bay zouti pou alfabetisation devlopman. Nou itilize relasyon ki ankourajan, koute pale, dekouvri mond lan nan mo ak eksperyans, son, im, rit, ak chan yo. Kourikoulòm sa a se princip avèk Nòm Pèfòmans Pwogram Head Start la epi li baze sou bon direktiv devlopman timoun sou fason timoun yo grandi ak aprann.

Orè Tibebe chak jou: Pandan yo fèk rive, pwofesè yo akeyi paran/gadyen yo ak timoun yo; aktivite yo louvri pou timoun yo. Paran/gadyen resevwa enfòmasyon chak jou sou aktivite pitit yo fè nan maten. Egzanp tipik aktivite chak jou yo ka gen ladan: konvèrsasyon paran/gadyen/pwofesè, feeding/breakfast/snack, kouchèt/twalèt chak de zè de tan ak sou demann, siveyans ti dòmi, aktivite endividylèl ki baze sou objektif timoun, aktivite an ti gwoup. mouvman kreyatif / konsakre ta pou yon activite, chante ak jwe dwèt, kontwole emosyon nou, manje/ 'ti goute, chak de zè de tan sou demann, ti dòmi pou 10 a 20 minit nan apre midi, aktivite endividylèl ki baze sou objektif chak timoun, aktivite ti gwoup, mouveman kreyatif. (Timoun ki pran otobis yo ale epi depa timoun ki rete yo kòmanse).

### **Kourikoulòm Early Head Start Baze Lakay**

Pwogram ki baze lakay la aplike yon kourikoulòm ki rele Growing Great Kids™. Pwogram nan itilize yon apwòch konplè ki baze sou fòs pou devlope relasyon nourri paran-pitit e sipòte devlopman an sante timoun. Growing Great Kids kòmanse ak bati relasyon paran-pitit la. Anplwaye Triumph sipòte paran an (yo) nan devlope yon attachman emosyonèl ak pitit yo. Anplwaye yo ak paran yo devlope relasyon respè youn ak lòt pou ede paran yo eksprime ak sipòte sa yo vle pou pitit yo. Gwoup jwèt sosyalizasyon yo bay yon opòtinite pou pwolonje aprantisaj la avek lòt timoun ak paran yo

### **Kourikoulòm Lekòl Matènèl**

Sal klas Head Start yo itilize yon kourikoulòm ki rele Opening the World of Learning (OWL). Pwogram sa-a se yon gid pou pwofesè yo pou enplemente 6 inite òganize avek fanmi, zanmi, van ak dlo, koulè mond lan, lonbraj ak

refleksyon, bagay ki grandi, e Zanmi bêt ak lènmi. Pwogram sa-a develop langaj ak konpetans, entegre nan tout domèn de aprantisaj bonè, enkòpore liv, chante ak poem ke timoun yo pi renmen. Nou bay tou yon kourikoulòm konplè pou opsyon fòma pwogram tout jounen e demi jounen yo. Nan tablo pi baa nou ba ou yon apèsi sou sa ki nan pwogram OWL sal klas yo chak jou.

Center Time (tan sant) bay plan pou mete e oryante timoun yo nan aktivite yo chwazi yo ki pèmèt yo eksplor, fè eksperyans, apwofondi konpreyansyon yo sou novo konsèp, ak pratike ladrès pou konsti.	Let's Find Out About It (ann chèche konnen sou sa) batì konesans fondamantal elèv yo lè I sèvi avèk enfòmasyon ki soti nan tèks ki pa fiksyon ak eksperyans pratik.
Story Time (tan istwa) gide pwofesè yo pandan klas la li ak diskite youn oubyen de liv. Yo li chak liv de fwa nan yon period de tan.	Let's Talk About It (ann pale sou sa) lan se yon karakteristik altène ki adrese sijè ki gen enpòtans sosyal ak emosyonèl pou timoun ak pwofesè yo.
Songs, Word Play, Letters (Chante, jwèt mo, lèt alfabè) ogmante konsyans fonologik timoun yo, konesans lèt alfabè yo, ak vokabilè ak aktivite amizan nan sèk alfabetizasyon.	Small Group (Ti gwoup) bay twa aktivite ti gwoup yo chak jou pou travay matematik, ekriti, lang, ekri lèt detache, sians ak resèch nan liv.

Pandan yo rive, pwofesè yo ap akeyi paran ak timoun yo, epi gen anpil aktivite pou timoun yo. gen yon kalandriye aktivite nan jounen pwogram nan jan sa te konn fèt anvan, ki gen ladal: reinyon nan maten, tan pou fè listwa, transaksyon sible, chante ak jwet, an nou chache konnen yo, an nou pale de yo: ti kabicha, ti goute, manje, e tan deyò

Kek lot pwogram ke nou te ka itilize nan sal klas la pou sipote OWL se: Lively Letters (Lèt Vivan), Kourikoulòm Sekirite Pyeton; Kourikoulòm Sante ak Disiplin Konsyan

### Objektif pou Siksè Lekòl la

Triumph , Inc. Head Start ak Early Head Start e fanmi yo kwè nan wòl Ke yo jwe pou amelyore kondisyon developman karaktè, ladrès, ak konesans pou prepare siksè timoun yo nan lekòl. Nou ankouraje developman chak timoun depi yo fèt (nesans) jiska laj 5 lane pandan nap kreye yon anviwònman edikasyonel ak developman sasyal kòm fondasyon pou sipòte kwasans ak aprantisaj timoun yo nan domèn sa yo:

### Developman Sosyal Emosyonèl:

- Timoun yo ap angaje yo epi kenbe bon jan relasyon ak entèrakson pozitif, timoun adult.
- Timoun yo ap angaje yo epi kenbe relasyon ak entèpositif ki positif ak kanmarad yo.
- Timoun yo ap idantifye ak eksprime pwòp emosyon lòt moun.
- Timoun yo ap montre konpòtman ak emosyon ki apwopriye pou sitiyasyon yo avèk plis endependans.
- Timoun yo pral demontre yon konpreyansyon sou woutin ak atant ki gen ladan règ konvèrsasyon yo.
- Timoun yo pral jere aksyon yo ak sa yo di yo ak plis endependans.
- Timoun yo rekonèt pwòp tèt yo ak lòt moun tankou moun ki gen pwòp kapasite yo, karakteristik yo, emosyon ak enterè yo.

### Motè, developman fizik ak sansoryèl:

- Timoun yo demonstre itilizasyon efikas ak kontwòl gwo misk pou mouvman kreyatif, pozisyon ak eksplorasyon
- Timoun yo itilize enfòmasyon ki vrè pou gide entèrakson yo ak eksperyans yo avèk objè ak lòt moun.
- Timoun yo demonstre itilizasyon efikas, fòs ak kontwòl ti misk yo.
- Timoun yo demonstre pi gwo enterè nan abitid manje ki bon pou sante ak fè chwa manje ki nourisan.
- Timoun yo demonstre konpòtman ki an sante ak endependans kòm yon pati nan sa yo fè chak jou.

- Timoun yo demonstre konesans nan pratik sekirite ak woutin.

### **Entèlijans ak Developman Konesans Jeneral**

- Timoun yo ap devlope epi itilize ladrès mantal yo pou yo sonje, adapte yo epi aplike enfòmasyon yo pou yo ka obsève yo fenomèn nan mond lan bò kote yo.
- Timoun yo pral sèvi ak eksplorasyon, obsèvason ak manipilasyon pou poze kesyon (vèbal oswa non vèbal) pou yo jwenn pi bon konpreyansyon enfòmasyon ak aktivite nan nan anvirònman yo.
- Timoun yo ap fè matematik regilyèman nan woutin chak jou pou konte, konpare, klase sa ki sanble ak lot, idantife modèl ak rezoud pwoblèm.

### **Apwòch Aprantisaj**

- Timoun yo kenbe konsantrasyon ak atansyon soutni piti piti sipò adilt yo ap diminye
- Timoun yo montre plis pèsistans nan pwosesis enfòmasyon ak fè travay yo
- Timoun yo ap demonstre plis fleksibilite ak kreyativite nan aksyon ak konpòtman yo
- Timoun yo pral eksplore divès kalite modalite aprantisaj - atizay, mizik, mouvman, jwet kreyatif
- Timoun yo pral eksplore mond lan bò kote yo ak kiryozite ak inisyativ

### **Lang ak Devlpoman Alfabetizasyon.**

- Timoun yo pral kominike bezwen ak nesesite ki pa vèbal y oswa eksprime yo nan lang prensipal yo oswa anglè.
- Timoun yo ap koute, reponn ak konprann langaj de pli zan pli konplèks nan konvèrsasyon avèk lòt moun nan lang prensipal yo oswa angle
- Timoun yo pral demonstre ke lang pale se son yo ka konbine yo fòme mo ak fraz ak ogmante pwogresyon developman.
- Timoun yo fè mak ekri epi sèvi ak yo pou reprezante mo pale, objè, aksyon, lèt oswa mo avèk yo bagay konplike de pli zan pli enpòtan
- Timoun yo ap demonstre konpreyansyon nan iterature oral oubyen a lekri nan rakonte/chante, powèm ak liv
- Timoun yo pral demonstre yon konpreyansyon kap grandi nan estrikti ak fonksyon nan lang ekri nan eksperyans varye ak tèks ak ilistrasyon.

### **Sipèvizon Timoun yo**

Timoun yo dwe resevwa sipèvizon dirèk toutan. Sipèvizon dirèk vle di ke edikatè yo dwe kapab wè ak tandé timoun yo san entèferans. Pa gen timoun ki pral rete pou kont li nan nenpòt ki lè. Pwosedi yo dferan de yon sant a yon lot sant

Nan pwomnad pou timoun ki base lakay yo, yon paran/gadyen responsab dwe asiste ak sipèvize pitit yo nan tout tan.

Tout anplwaye yo resevwa fòmasyon nan sa yo dwe fè si yon timoun ta pèdi nan salklas yo, lakou rekreyasyon an oswa yon pwomnad.

Yon timoun yo pa wè (ki pèdi) se pa sèlman pou avise polis lokal yo, men se pou yo avise tou ajan yo ki travay pou Triumph, biwo Head Start ak Depatman Edikasyon Early Head Start, epi departman edikasyon ak swen.

## Gid jesyon/Konpòtman Timoun

Jesyon konpotman se pa pou pinisyon ak disiplin men se ansèyman. Atravè ranfòsman pro-aktiv pozitif. Nou pèmèt timoun yo aprann ladrès pou tout lavi. Ranfòsman pozitif satisfè bezwen sekirite yon timoun epi ede nan devlopman ak rezoud pwoblèm, pran desizyon, komunikasyon sante, ak fason pozitif yo eksprime emosyon yo, koperasyon, pran risk ki rezonab, ak respè pou otorite. Ranfòsman pozitif kontribye nan devlopman ak kontwòl tèt yo, li anseye senpati ak oompassion, ki chita nan yon relasyon ki baze sou respè mityèl, pou timoun santi konpetan ak siksè nan aprantisaj yo.

Triumph, Inc. itilize pi bon pratik nan men ekspè nan timoun piti nan Biwo Head Start, Asosyasyon Nasional pou Edikasyon pou Jèn Timoun (NAEYC) ak direktiv Sant sou Fondasyon Sosyal ak Emosyonèl pou Aprantisaj Bonè (CSEFEL) pou devlope pwotokòl nou yo pou sipòte devlopman sosyal/emosyonèl ak abòde konpòtman difisil.

Triumph Inc. itilize yon zouti aprantisaj sosyal emosyonèl ak jesyon salklas ki baze sou prèv ke yo rele Disiplin konsyan (CD). Sa a se yon apwòch ki baze sou prèv, ki enfòme sou chòk ki bay yon seri estrateji jesyon konpòtman ak estrikti salklas ke edikatè yo ak paran yo ka itilize pou fè sitiyasyon chak jou yo vin opòtinite aprantisaj. Atravè Disiplin Konsyan, nou fè efò pou kreye yon Fanmi Lekòl nan itilize woutin, rituèl ak estrikti ki kreye yon chanjman fondamantal nan edikasyon ak jesyon salklas. Pwogram nan sèvi ak motivasyon, itilite, rezoud pwoblèm ak koneksyon pou sipòte tou de salklas ak lakay pitit ou a. Pou aprann sou Disiplin Konsyan, tanpri vizite sitwèb GRATIS sa a. <https://consciousdiscipline.com/>

Paran yo p ap wè pwofesè k ap itilize "time out" nan salklas nou yo. Nou bay yon "espas pou kont ou" nan chak salklas pou pèmèt timoun yo kalme epi ede yo reglemante pwòp konpòtman yo ak emosyon yo. Redireksyon, vèbal ak siyal vizyèl yo itilize pi souvan pou anpeche oswa detounen konpòtman difisil yo.

Timoun yo pale nan langaj konpòtman yo menm jan ak mo yo. Gen konpòtman komen ke timoun yo ka itilize pou kominike, ki gen ladan, men ki pa limite a mòde, anmède, rele yo nan non yo, akroche, meprise gran moun, tés limit, diskisyon, refize kolabore, agresyon, tanperaman dwòl. Lè prevansyon pa posib, pwofesè a entèvni byen vit lè timoun yo agresif fizikman youn ak lòt. Pwofesè yo pral sèvi ak gid ki pozitif epi ki konsistan ki baze sou oryantasyon ak bezwen devlopman endividyièl timoun nan. Paran yo, pwofesè yo ak estrikti nan anvirònman fizik la kreye yon sistèm pou sipòte chak timoun pandan y ap devlope pwòp ladrès sou règleman yo.

Nan okenn moman timoun yo pap sibi pinisyon kòporèl, imilyasyon, oswa abi sou nenpòt fòm. Timoun pa pral pini paske yo sal, mouye, oswa yo pa itilize twalet la. Yo pap kite okenn timoun pou kont li, san sipèvizon oswa izole sosyalman. Timoun yo pa dwe sibi okenn abi verbal oswa fizik, negligans oswa tretman abi. Langaj ironik oswa mokri sou timoun nan oswa fanmi timoun lan pap tolere. Anplwaye yo pa pral anpeche timoun yo manje oswa ti goute, oswa fòse timoun manje oswa otreman itilize pinisyon pou fè yo manje oswa rekonzans. Aktivite fizik oswa lè deyò pa ka itilize kòm yon fòm pinisyon oswa rekonzans. Depatman Edikasyon ak Swen pou timoun piti pa pèmèt pwogram gadri ki gen lisans yo itilize teknik ak disiplin ki mande itilize nenpòt kontrent fizik.

Si konpòtman timoun nan se yon menas kontinyèl pou tèt li, oubyen pou lòt timoun, ak anplwaye ki pa ka soulaje nan oryantasyon pozitif, teknik jesyon konpòtman, ak akomodasyon rezonab nan salklas yo, pwogram lan pral enfòme fanmi yo epi diskite sou estrateji ki ta ka enkòpore nan kay nan lekòl. Pwogram lan pral pouswiv opsyon pou sèvis sipò nan pwogram nan, ki gen ladan konsiltasyon ak fòmasyon edikatè Modifikasyon rezonab nan anviwònman salklas yo ak amelyorasyon teknik sou konpòtman yo pral devlope ak aplike. Si posib, lot anploye ka asiyen pou ede timoun an patikilye. Si modifikasyon sa yo pa kapab asire sekirite tout timoun ak anplwaye yo, yo pral fè yon lòt reyinyon ak fanmi an pou kòmanse pwosesis rekòmandasyon an. Reyinyon sa a pral diskite sou opsyon pou sèvis sipò nan pwogram lan ki gen ladan fòmasyon edikasyon. Chak sitiyasyon yo pral trete sou baz endividyièl timoun yo sou bezwen yo ak fanmi an. Pwogram nan bay anpil opòtinite pou rankontre avèk paran/gadyen yo pou diskite sou opsyon pou siksè timoun nan. Lòt opsyon pwogram tankou sèvis ki baze nan kay oswa lòt orè ki pral ede pou fè pou evite sispanson oswa revokasyon yo pral diskite. Si timoun nan pa reyisi apre

yon orè altènatif oswa opsyon, ki gen ladan yon mòd konpòtman ki mete an danje pwòp sekirite yo oswa sekirite lòt timoun, yo ka fè yon referans ekstèn nan yon lòt pwogram pou pi byen satisfè bezwen timoun nan. *Tanpri gade nan seksyon Andikap ak Sèvis Sante Mantal nan dokiman sa a pou plis enfòmasyon.*

## Jwèt ki soti lakay la

Tanpri, pa kite pitit ou a pote jwèt oswa aparèy teknoloji lakay ou an nan lekol la. Nenpòt bagay ki sòti lakay pote nan etablisman an pral gade an sekirite san danje jiskaske yo vinn chache timoun nan. Si yo voye bagay ki gen valè oswa jwèt lekòl ak pitit ou, moun kap travay la ap metel yon kote pou timoun nan pa ka jwen li, men nou pa responsab pou jwèt pèdi oswa kase. Sepandan, timoun yo ka pote yon ti jwèt boure yo ka itilise nan tan poz, ti dòmi oswa konsole yon timoun nan moman detrè s oswa tristès. Règleman sekirite yo dwe swiv ak tout materyel ak ekipman timoun yo itilize nan salklas nou yo. Nou bezwen anpeche potansyèl risk pou yon jwèt ki pa te dezenfekte oswa gen ti pati ki ka lakòz yon danje.

## Kòd abiman

Timoun yo bezwen prepare pou angaje yo nan anpil aktivite timoun piti ki gen ladan aktivite sal ak mouvman aktif ki pa gen okenn limit oswa restriksyon sekirite akòz rad oswa soulye. Nou ankorage Timoun yo pou yo mete rad konfotab, san danje, ak apwopriye pou move tan pandan lekòl la. Soulye yo obligatwa pou tout timoun. Pa gen moun ki kap mache pye atè nan lekòl la. Yo dwe mete kalson ki apwopriye pou devlopman (kouchèt, pull-ups oswa kilòt) tout tan.

Rad timoun yo pa ta dwe pi bon rad yo nan ka yap patisipe nan aktivite sal ak lekòl, dlo penti, kòl elatriye. Timoun ki gen laj lekòl matènel yo ta dwe kapab jere rad yo tèt yo pou twalèt. Soulye yo ta dwe byen ajiste nan pye yo kou sapat oswa tenis ki pa gen okenn ouvèti pou sab oswa payi (paille) antre nan soulye yo. Timoun yo pa gen dwa mete sandal fant zòtey, soulye pou zòtèy yo deyò, oswa bagay ki anpeche yo kouri san danje. sote ak k ap grenpe, sa ki nesesè pou bon motè brit devlopman. Bijou ak Pwodwi pou cheve pa ta dwe sou yo, yo ka yon danje oswa pyèj.

Si pwofesè pitit ou a santi pitit ou a pa byen abiye, li ka retire nenpòt sa ki poze danje imedyat epi few ou konnen pouli pa vini ak rad sa-a lekol la oubyen si ou bezwen pote rad ranplasman. Si w bezwen resous konsènan jwenn rad oswa soulye pou pitit ou/fanmi w, tanpri pale ak Espesyalis Angajman Fanmi w la.

Si pitit ou a wè nenpòt likid ki sòti nan kò imen oswa sekresyon sou rad li, yo pral chanje imedyatman epi yo pral metel nan sak ki gen rad sal yo nan yon sache pou pote lakay yo pou yo ka lave. Paran/respondab dwe bay lekòl la youn oubyen de rad anplis. Y ap kite rad sa a nan lekòl la epi y ap itilize si rad pitit ou a ta sal. Si w bezwen èd pou w jwenn rad ki ka rete nan pwogram nan, tanpri pale ak FES ou a pou jwenn resous.

## Selebrasyon Anivèsè ak jou fèt yo

Tout manje yo ofri bay timoun pandan ke yo nan Triumph, Inc dwe prepare ak apwouve pa manadjè sekirite sanitè pediyatrik. **Manje ki pa fè pati sèvis manje pwogram yo entèdi nan salklas yo.** Tanpri pa voye pitit ou lekòl ak manje ki fèt lakay. Triumph konprann ke jou ferye yo, aktivite reliye ak anivèsè nesans yo **se** yon pati enpòtan nan lavi fanmi an. Sepandan, Triumph sèvi yon popilasyon trè divès ak anpil orijin diferan aktradisyon. Pou ke okenn timoun oswa fanmi pa santi ke kilti yo oswa tradisyon yo mwens enpòtan pase nenpòt lòt moun, Triumph pa ka obsève jou ferye oswa reliye ou kiltirel nan sal klas, reyinyon paran/gadyen oswa Gwoup pandan yap sosyalize yo. Anplis de sa, kèk fanmi ka pa gen resous pou fè fèt anivèsè nesans pou pitit yo. Si nou ta fè sa nan sal klas la, sa ka fè kèk timoun pa kontan oswa lamily yo. An konsekans, Triumph pa pral fè fèt oswa selebrasyon pou timoun ki nan lekol, men sa pa anpeche ke: fèt jou ferye, fèt amourèz (Valentine), fèt Halloween (fèt dè mò), echanj kado, oswa fèt anivèsè nesans. Olye de sa, nou pral selebre chanjman an sezon ki fèt pandan ane a. Aktivite jou ferye ak selebrasyon timoun yo ka pran plas nan visit adomisil ak Head Start ak anplwaye preznan, si se paran an ki pran desisyon an. Lè timoun yo kòmanse diskisyon oswa lè timoun yo dirije aktivite yo pwofesè yo ak anplwaye yo ap swiv plan timoun yo.

**Kouchèt ak twalèt:** Triumph , Inc bay kouchèt jetab ak ti sèvyèt pou ti bebe, timoun piti ak preskolè ki poko resevwa fòmasyon nan pwogram nou pou ale nan twalèt pou kont yo. Nap chanje kouchèt sou Ptit ou a nan entèval regilye pandan tout jounen an ak lè sa nesesè. Ti sèvyèt san parfen yo itilize lè w ap chanje pitit ou. Triumph asire ke sifas chanje nou an lis, pwop ak entak, netwaye anvan chak itilizasyon. Sifas chanje nou an pwoteje ak yon kouvèti ki kouvri sifas la pou pitit ou a pa fè kontak ak sifas la. Edikatè lave pitit ou a ak men yo avèk savon ak dlo apre chak chanje. Y ap di paran/responsab ki kalite kouchèt ak ti sèvyèt ki disponib atravè Triumph. Si paran/gadyen an itilize oswa prefere yon mak diferan pase sa pwogram nan bay, paran yo dwe bay li. Si pitit ou gen yon reyakson alèjik avek kouchèt yo bay yo, ou ta dwe pote tou kouchèt ki soti lakay ou. Akòz sanitasyon kouchèt twal yo pa pèmèt.

Si pitit ou a bezwen kouchèt krèm, paran yo dwe bay li epi make li ak non timoun nan, ansanm ak fòm pèmisyon pou administre krèm nan. Nou pa itilize poud ti bebe oswa nenpòt sibstans ki sou poud sou nenpòt timoun.

Paran/gadyen yo responsab pou kouchèt nan EHS ak aktivite vizit adomisil yo. Nou gen yon espas nan biling Banum nan ki rezève pou chanje kouchèt pou pwogram sa yo.

**Edikasyon twalèt:** timoun piti ki montre siy preparasyon pou twalèt ap gen yon plan pou ede ak fòmasyon twalet. Plan sa a yo pral fèt ak paran/gadyen ansanm ak pitit ou a, pou plan an ka konsistan e kontinye lakay ak nan sant nou yo. Triumph santi I fòtman ke timoun yo bezwen pare fizikman, mantalman ak pou yo kòmanse plan pou edikasyon twalet la, se pou rezon sa-a ki fè nou pa fòmèlman kòmanse yon plan edikasyon twalet jouk timoun nan 24 mwa ki montre siyn nan 3 domèn sa-a yo: Fizik, emosyonel, mantalman . Nou ankouraje paran ak pwofesè yo pou kominike lè yon timoun kòmanse montre siyn ke yo prè, pou ale nan twalet, kiryoziye pou konnen twalet yo ak sou vètman yo, timoun dew di lè yo bezwen twalet oswa pipi oubyen yo ka fè jès pou di yo bezwen twalet. Si kouchèt yo sal yo dwe montre ke yo pa alèz, di sa oswa fè siyn pou di sa. Yo pap eskli okenn timoun nan nenpòt pwogram konsènan preparasyon pou twalèt. Timoun yo dwe mete kalson ki awopriye pou devlopman (kouchèt, pull ups oswa kilòt) tout tan pandan pwosesis edikasyon twalèt la (antrènman potty).

**Dòmi:** Triumph, Inc swiv règleman DEEC yo sou gadri ki mande yon peryòd pwolonje pou timoun yo dòmi oswa pou yo repose, aktivite silansye yo dwe bay pou timoun ke yap pran swen yo plis pase kat èdtan. Timoun ki chwazi pa dòmi oswa reveye bonè yo dwe rete nan aktivite silansye pou rès tan nan peryòd dòmi an. Menm jan aduts itilize penti, lekti, elatriye pou repo ak detant, aktivite silansye yo pral sipòte kwasans ak devlopman timoun yo menm jan ke bezwen repo ak detant, epi yo pral anpeche timoun yo wè tan repo kòm "pinisyon." Yo pral mete espas ant kabann ak bèso an akò ak règleman EEC ak Head Start.

Tibebe ki dòmi selon pwòp orè yo. Si yon tibebe dòmi pandan yon moun kenbe li, yap mete li nan bèso poul yo kontinye dòmi, yo va mete Timoun piti yo sou do pou yo dòmi. yo bay bon jan matla ak bèso ki satisfè estanda sekirite aktyèl yo. Pap gen zorye, dòmi dous, dra, eponj, jwèt oswa lòt pwodwi yo gonfle yo nan bèso an. De (2) timoun pa janm pataje yon bèso an menm tan. Paran oswa gadyen ka bay yon sak dòmi. Kòm pitit ou a ap grandi lè sa nesesè nou ankouraje poul gen yon kabann poul dòmi. Sa ap ede pitit ou nan transisyon soti nan chanm tibebe pou ale nan chanm timoun piti. Pandan timoun piti ap dòmi sou kabann, Timoun piti ak timoun lekòl matènèl yo ap gen yon peryòd repo 45 minit men yo pa dwe depase 2 èdtan. Tout kabann pou tibebe ak timoun piti yo va lave nan sant la. Tout sa timoun yo itilize pou dòmi va lave yon fwa chak semèn oswa jan sa nesesè. Se kabann ki

nan salklas lekòl matènèl yo voye lakay chak vandredi pou yo lave yo epi retounen lekòl nan Lendi. Lè malady yo frekan, rad yo lave pi souvan. Aprè chak chanjman dra. bèsò yo oswa matla dezenfekte. Gen yon machin pou lave ak seche rad nan chak sant. Jwet mou Ti bebe yo kapab lave otan ke sa nesesè pou anpeche pwopagasyon mikwòb yo.

**Sison:** Triumph (Triumph), Inc sipòt developman sosyal ak emosyonèl epi konprann ke kèk timoun bezwen sipò ekstèn pou yo dòmi oswa rete kalm. Timoun yo pral gen sison. Tout sison bezwen yo dwe estoke nan yon vesò ki fèmen epi dezenfekte ki make ak non timoun nan. Triumph, Inc pa bay sison paran yo responsab pou founi yon vesò ki apwopriye ki make.

**Pa mete Soulye nan anviwònman Chanm Tibebe yo:** avek tibebe souvan sou planche a, Triumph , Inc vle bay yon anviwònman pwòp, san danje epi an sante nan chanm tibebe nou yo. Nou pratike yon politik "pye atè" nan chanm sa yo. Nou mande pou tout moun granmoun kap antre nan sal la tanpri kouvri soulye yo. Nou pran aksyon sa a pou anpeche bagay kap soti deyò pa kontaminan sal la, ak gaye sou planche a

**Mòde:** Mòde nan chanm timoun piti sa pa nouvo se yon etap nòmal nan developman timoun. Sa lakkòz plis santiman fache pase nenpòt lòt konpòtman nan sant nou yo. Pwofesè yo ak paran yo vle ke tout move konpòtman an fini byen vit ke posib. Timoun jiska laj de (2) ane aprann nan bouch moun kek objè. Lè yon timoun mòde yon lòt, nou pran sa oserye epi nou eseye pou elimine konpòtman sa-a osi vit ke posib nan ede timoun nan develop ladrès pozitif ak sosyal. Konfidansyalite tout timoun toujou konsève ke se swa se pitit ou ki mòde yon lot osinon se yon lot ki mòde pitit ou a. Nap fè Paran yo konnen jan sa ye epi ki timoun ki enplike.

**Tan Deyò:** Depi tanperati a bon timoun ale deyò chak jou. Jwe nan lapli a ak nan nèj se yon opòtinite pou pitit ou a aprann.. e se jis yon plezi! Pandan sezon prentan an ak ete pwogram lan bay Krèm pwotej kont soley nap aplike avèk pèmisyon paran yo sou timoun 6 mwa oswa plis. Nou itilize glisad, balon, bisiklèt elatriye pou kenbe pitit ou aktif. Tanpri gade seksyon kòd abiman nou an (pi wo a) pou plis enfòmasyon sou fason pou prepare ou timoun yo pou yo jwe deyò. Si endis chalè a plis pase 90, kalite lè a jije pòv oswa nan sezon fredi a lè tanperati bay van-fredi ki anba 32 degré nou pa pral ale deyò. Paran yo **pa ka** mande pitit yo pou yo rete andedan pandan rès gwoup la deyò. Tout pwofesè Triumph yo dwe mete eksperyans deyò pandan tout sezon yo.

**Pwomnad:** Kourikoulòm (pwogram) yo nan salklas nou yo enplike nan itilize resous kominotè tankou magazen, libreri, pak, fèm yo, lakou rekreyasyon, elatriye si gen bon tan, klas yo ale deyò chak jou yo jwe, mache, oswa ale vizite katye a. Si pitit ou a kite teren lekòl la pou youn nan aktivite sa yo, pwofesè salklas ou a ap fè paran yo konnen sa alekri davans. Yon paran oswa gadyen legal ap siyen yon fich pèmisyon pou tout vwayaj oswa pwomnad ki bezwen transpò pou tounen oswa timoun nan pa ka patisipe. Gen anpil akey pou Gadyen yo ki vle patisipe (Tanpri al gade dosye chèk background)

Pou pwomnad ki baze lakay ou, yon paran oswa yon gadyen dwe ale epi sipèvize pwòp pitit yo toutan.

#### **Tès Depistaj e Referans yo:**

Nan 45 jou apre timoun nan antre nan pwogram nan, tès depistaj ak konpòtman yo fini pou detèmine si pitit ou a ap devlope nan yon vitès ki apwopriye ak laj li. Avèk konsantman paran, konpòtman developman, entelijans, langaj. yo pral evalye ladrès sosyal, mantal, ak emosyonèl. Triumph pral itilize youn oswa plis rechèch ki baze sou developman zouti tès depistaj ak ofisyèl pou konplete tès depistaj la. Pwogram nan pral rannmase enfòmasyon nan men manm fanmi yo, pwofesè yo, ak anplwaye ki konnen konpòtman tipik timoun nan kòm yon pati nan pwosesis tès depistaj la. Pou timoun ki pa pale anglè, zouti tès depistaj yo pral administre nan lang matènel timoun nan si sa apwopriye.

Triumph , Inc pral jwenn dosye nan biwo doktè yo lè yo disponib epi pèsonèl apwopriye oswa anploye lasante yo ap fè nan anviwònman salklas la. Depistaj yo fèt sèlman avèk pèmisyon ekri paran an epi rezulta yo Va pataje ak paran yo. Tout bagay sa-a yo va fèt pa moun ki kalifye e ki recsevwa fòmasyon ak pwofesyonèl sètifye.

Vizyon: vizyon ekran SPOT la

Tande: Odyo tès la fèt

Devlopman: Yon evalyasyon sou etap devlopman yon timoun preskolè, ASQAESI

Konpòtman: ASQ SE fini chak ane

Tansyon: 3 zan e plis

Anplis de sa, Triumph ka rankontre ak paran si gen kek enkyetid pou prezante kek lide adisyonèl nan ranmase plis enfòmasyon si sa nesesè.

Apre tès yo fini, yo diskite avèk paran yo. Si yo estime ke timoun nan bezwen atansyon imedyat, nou dwe jwen pèmisyon paran yo nan pwosesis tankou yon referans nan Entèvansyon DPH (EI), lokal lekòl publik la oswa youn nan plizyè resous pou sante mantal timoun piti (gade politik sèvis sante mantal). Si nou bezwen gen plis enfòmasyon, Espesyalis nan Devlopman Timoun oswa konsyltan Sante Mantal ap fè yon obsèvasyon sou pitit ou a, pou ranmase enfòmasyon nan men pwofesè visit adomisil la. Baze sou enfòmasyon sa, yap pran detèminasyon pou fè yon referans nan youn oswa plis nan resous ki endike anwo a epi ofri sipò nan kontèks pwogram nan. Nou pral kontinye siveye pwogrè pitit ou a, pou konkli si yo ta dwe bay yon rekòmandasyon nan yon tan pita.

## **Andikap ak Sèvis Sante Mantal**

### **Andikap**

Yon premye developman tès depistaj sou chak timoun nan pwogram lan fèt nan premye 45 jou apre dat yo te kòmanse a. Depistaj sa a sèvi kòm yon "kout je rapid nan devlopman timoun nan, nan domèn langaj, rezònman mantal ak ladrès pou ede tèt ou. Nou pale sou bezwen endividyle chak timoun nan eksperyans natirèl yo pandan yap jwe an deyò oswa andedan salklas la. Si gen enkyetid, oswa plis evalyasyon ki nesesè, yon manm nan anplwaye nou yo ap rankontre ak paran pou diskite sou yon referans nan Entèvansyon Early oswa entèvansyon sistèm lekòl lokal la. (gade tès depistaj ak referans, pi wo a)

Triumph , Inc gen akò (kontra) travay ak sistèm lekòl piblik yo (Taunton ak Bridgewater/Raynham) osi byen ke Pwogram Entèvansyon lokal Early a ki evalye an pwofondè idantite ak sèvis timoun ki gen andikap yo. Relasyon kolaborasyon sa yo ede Triumph ak fanmi yo detèmine anviwònman ki pi apwopriye ak mwens restriksyon pou timoun ki gen yon andikap dyagnostike oswa bezwen sante mantal konplèks. Timoun yo ap bezwen espesyal souvan bezwen sipò inik nan pwogram nan. Anplwaye Triumph, byenke yo pa pwofesè edikasyon espesyal, ap resevwa fòmasyon debaz pou bay pitit ou asistans pou fasilitate patisipasyon konplè nan pwogram nan. Nou rezève 10% nan plas enskripsyon federal nou yo finanse pou timoun ki gen andikap yo.

### **Sante mantal**

Kòm sibvansyon Head Start ak Early Head Start, Triumph oblige bay yon pakèt sèvis sante mantal yo. Sèvis sa-a yo gen ladan tès sante mantal, pwomosyon, prevansyon, idantifikasiyon byen bonè nan pwoblèm sante mantal, referans pou tretmam timoun ak fanmi. Triumph va travay an kolaborasyon avek fanmi yo pou identife e gen aksè nan sèvis ak resous yo. Triumph anboche yon pwofesyonèl sante mantal pou ankouraje sèvis sante mantal timoun ansanm ak fanmi yo. se pa sa sèlman, bay konsiltasyon sou sante mantal, desine pwogram pratik pou ankouraje devlopman emosyonèl sosyal, efektivman adrese (gade) konpòtman difisil, ak bay edikasyon sou pwoblèm sante mantal. Sèvis sa yo pral satisfè bezwen pifò timoun ak fanmi ki enskri nan Triumph. Sepandan, nan kèk ka, yo pral fè yon referans pou sèvis deyò nan patenarya ak fanmi yo. Yon fwa yo bay referans lan, moun ki travay nan pwogram lan ap kontinye bay sipò pandan tout pwosesis la pou chak timoun ka resevwa sèvis ki pi byen satisfè bezwen timoun yo ak fanmi yo. Ou ka gen aksè nan kek lòt sèvis ke nou pa bay nan Triumph jan sa dekri pi ba a.

**Konsiltan sante mantal sou plas.** Triumph gen chans pou gen kontra avèk yon konsiltan sante mantal. ak yon espesyalis nan sikoloji timoun. Konsiltan an disponib pou travay avèk anplwaye, timoun ak fanmi nan devlope estrateji pou sipòt devlopman sosyal-emosyonèl. Sa a ka fèt nan yon varyete fason, ki gen ladan men pa limite a, obsèvasyon, revize dosye timoun nan, reyinyon ak anplwaye Triumph, fòmasyon paran ak anplwaye, founisè sèvis edikasyon espesyal ak paran/gadyen oswa konsiltasyon ak founisè deyò. Si yo konsidere sa nesesè, konsiltan an tou fè referans bay ajans deyò (wa wè yo nan lis anba a) si yon timoun bezwen sipò espesyalize an patenarya ak paran/gadyen timoun nan ak anplwaye Triumph.

**Terapi pou pasyan ekstèn.** Ka enkli terapi endividyle, fanmi ak gwooup. Terapi pou pasyan ekstèn fèt nan biwo moun kap bay swen an, anjeneral yon sèl fwa pa semèn. Terapi pou pasyan ekstèn se yon bon kote pou kòmanse resevwa konsèy ak pi bon konpreyansyon bezwen pitit ou a. Pafwa, moun kap bay swen an ka fè terapi sa yo nan youn nan fasilitate Triumph yo

**Terapi adomisil.** Gen sèvis fleksib ki pèmèt founisè a bay swen terapi entansif pou famly bay timoun yo lakay yo. anviwònman timoun piti / lekòl oswa lòt anviwònman kominote a

**Kowòdinasyon Swen Entansif** - ICC se yon pwosesis entansif, swen planifikasyon endividyle ak jesyon swen pou timoun yo ak twoub emosyonèl grav. ICC kapab yon bon sèvis pou yon timoun ki bezwen oswa resevwa sèvis nan men plizyè moun kap bay swen yo ak lekòl yo paske li asire ke entèvansyon ak sèvis yo efikas ak kowòdone.

**Entèvansyon Kriz Mobil (MCI)** -MassHealth bay sèvis ijans sou konpòtman sante yo rele Entèvansyon Kriz Mobil (MCI Sa a se yon 24 èdtan, 7 jou nan yon semèn sèvis tretman kout tèm, ekip MCI etabli ak rezoud pwoblèm nan sityasyon kriz diminye risk imeda ak danje pou timoun oswa lòt moun. Ekip la vwayaje kote ki gen ijans lan. Malgre ke li pa tipik pou ekip MCI pou mande moun kap bay swen nan gadri. Ramam, Triumph ka itilize sèvis sa a. Triumph va kontakte yon paran oswa gadyen legal anvan li mande sèvis MCI. Paran an ta dwe prepare pou yo vini nan sant la imedyatman, sepandan, si nan lespas 60 minit depi yo te rele li. Si paran oswa gadyen pa présente, nou pral kontinye rele lòt moun sou lis ijans lan pou fè yo konnen ke MCI te rele. (Tanpri, li tou "Plan Swen Sante Ijans")

**Egzanp doktè ki bay swen sante mantal pou timoun piti:** Sèvis konsiltasyon sante mantal pou tibebe, Asosyasyon Massachusetts pou Sante Mantal Tibebe: Pwogram Konsiltasyon Rejyonal-sa a se pa yon lis long.

## **SANTE AK SEKIRITE**

### **Rapòte Abi Ak Negleksyon Sou Timoun**

Lwa Federal ak Leta a mande tout responsab gadri yo gen règleman ak pwosedi anplas pou rapòte abi sou timoun ak neglijans. Triumph (Triumph), Inc. pral respekte DEFINISYON sa yo DAPRÈ LWA MASSACHUSETTS AK RÈGLEMAN DCF:

**Abi sou Timoun** defini kòm yon aksyon ki pa yon aksidan yon moun kap okipe yon timoun ki poko gen 18 an, lakòz oswa kreye gwo risk pou blesi fizik oswa emosyonèl grav oswa konstitye yon ofans seksyèl dapre Iwa Commonwealth yo.

**Neglijans timoun yo defini kòm:** echèk yon moun kap okipe l, swa fè espre oswa akoz neglijans oswa enkapasite, pou l pran aksyon nesesè pou bay manje, sekirite, rad, abri, swen medikal, sipèvizon, estabilite emosyonèl ak kwasans oswa lòt swen esansyèl, sepandan depi enkapasite sa a se pa sèlman akòz ensifizans resous ekonomik oswa nan egzistans yon kondisyon andikape.

**Vyolans Domestik** se yon kondisyon ki dwe rapòte dapre definisyon sa a. Abi sibstans ka mennen oswa rive ak pwoblèm vyolans domestik. Abi sibstans se yon pwoblèm ki dwe rapòte bay DCF epi yo ka depoze yon 51A ak Depatman Timoun ak Fanmi yo.

**DCF** (Depatman Timoun ak Fanmi) se ajans leta ki responsab pou pran ak mennen ankèt sou plent yo swadizan abi ak neglijans epi bay timoun ak fanmi yo sèvis swivi ki nesesè.

**51A** se yon rapò swadizan abi oswa neglijans sou timoun yo te fè bay Depatman Timoun ak Fanmi. Rapò a nòmalman fèt premyèman pa telefòn imedyatman oswa nan lespas 24 èdtan epi yo dwe swiv pa yon rapò alekri nan 48 èdtan.

**Repòtè obligatwa:** Tout anplwaye pwogram yo se repòtè obligatwa dapre M.G.L. c. 119 ak 51A epi yo dwe fè yon rapò bay Depatman Timoun ak Fanmi yo chak fwa li gen rezon valab, fè kwè yon timoun nan pwogram nan ap

soufri soti nan blesi fizik oswa emosyonèl grav ki soti nan abi enflije sou timoun nan, ki gen ladan men pa limite ak abi seksyèl, oswa soti nan neglijans, ki gen ladan men pa limite a mal manje, kèlkeswa kote abi oswa neglijans la te rive ak ki moun li te enflije. Tout anplwaye kap travay nan Triumph satisfè definisyon sa a.

#### **Pwosedi pou Rapòte sispèk abi ak neglijans sou timoun:**

Anplwaye/Volontè/entèn/Elèv/Konsiltan ki te obsève, ki te enfòme, oswa sispèk pou posib abi seksyel fizik , oswa emosyonèl oswa neglijans sou yon timoun dwe imedyatman notifye reprezantan Triumph, Inc.

Se yon pratik jeneral nan Triumph, Inc. pou enfòme paran yo anvan yo ranpli yon rapò 51A ak Depatman Timoun ak Fanmi yo. Manadjè Sèvis Timoun ak Fanmi, Manadjè Sèvis adimisil, ak manadjè sèvis Kominotè a, ap ofri konsèy, sijesyon, ak asistans pou ede FES oswa visitè adomisil oswa anplwaye yo sipòte fanmi sa a. Si pa posib pou kontakte paran responsab oswa fè yon vizit, oswa notifikasyon pa nan pi bon enterè timoun nan Direktè Egzekitif la oswa reprezantan li ka pran desizyon pou anile notifikasyon davans paran yo. Yo bay Règleman sa a epi diskite ak tout fanmi yo nan konsiltasyon vizit lakay. FES oswa visitè adomisil an konsiltasyon ak sipèviziè yo responsab pou swivi ak DCF ansanm ak fanmi an.

**Desizyon pou ranpli:** Espesyalis Angajman Fanmi (FES) oswa Manadjè oswa Manadjè Programmasyon nan Lakay ak Kominote ap enfòme Manadjè Sèvis Timoun ak Fanmi oswa Direktè Egzekitif sou kondisyon ki dwe rapòte ak desizyon pou depoze. FES oswa Manadjè/Kowòdonatè a pral sipòte RAPÒ ÔD LA ak rapò oral yo dwe fè DCF pa apèl nan telefòn dabò nan 24 èdtan, apre sa yon **rapò 51A alekri** bay DCF nan 48 èdtan. Tout enfòmasyon ki anwo yo dwe dokimante nan dosye timoun nan.

Diskisyon oswa vizit lakay ak fanmi an ta dwe gen ladan sa ki annapre yo:

1. Enfòmasyon espesifik sou enkyetid pwogram yo.
2. Opòtinite pou paran an reponn ak akizasyon yo.
3. Eksplikasyon sou wòl nou kòm repòtè obligatwa yo.
4. Eksplikasyon sou pwoesis envestigasyon 51A ak DCF.
5. Diskite sou emosyon/reyakson paran yo ak potansyèl kòlè/reprezay sou timoun nan.
6. Ofri sipò pandan tout pwoesis la

**Desizyon pou pa ranpli:** Si ajans la pran yon desizyon poul pa ranpli, sa pa entèdi yon repòtè obligatwa ranpli yon 51A sou non timoun nan. Lè yon repòtè obligatwa santi tout bon ke yon sitiyasyon bezwen ranpli, repòtè a dwe pale ouvètman sou enkyetid yo epi yo dwe respekte enkyetid repòtè yo epi sipòte pa yon moun ki reprezante ajans lan.

**Garanti Ajans Kolateral:** Si Triumph , Inc. resevwa yon notifikasyon yon lòt ajans avèti konsènan entansyon pou fè yon 51A sou yon fanmi nan pwogram lan, Triumph, Inc. pral onore règleman lòt ajans lan konsènan enfòme paran an sou entansyon pou ranpli dosye sa-a. Pa gen Anplwaye/volontè/entèn/elèv/konsiltan nan Triumph, Inc. ki ta dwe asime ke yon lòt ajans te enfòme yon fanmi sou yon Rapò 51A, ni moun sa a ta dwe asime oswa konfime idantite repòtè a. Lè fanmi an okouran rapò a Triumph, Inc. pral ofri sèvis sipò pou fanmi an.

Demann DCF pou entèvyou ak timoun ki sou plas: Triumph, Inc. kolabore ak lwa federal, leta ak lokal yo ak Depatman Timoun ak Fanmi yo konsènan envestigasyon 51A/B. DCF ka mande pou fè entèvyou ak yon timoun nan Triumph, Inc. Si DCF mande pou fè entèvyou ak yon timoun sou plas nan Triumph, Inc., yo pral onore demann lan. Nan piò ka, DCF te enfòme fanmi an sou entansyon yo. Lè DCF panse yon timoun ka gen plis risk si paran yo avize, DCF ka mande pou fè entèvyou ak yon timoun nan Triumph, Inc. san pèmisyon paran yo. Nan sikorans sa yo, Triumph, Inc. ap respekte demann sa a.

**Rapò DCF: 1-800-792-5200**

**Biwo Lokal: 508-821-7000**

**Liyn direk pou paran 1-800-632-8188**

## **Sispèk abi oswa Neglijans sou Timoun pa yon ANPLWAYE TRIUMPH OSWA VOLONT**

Yo dwe kontakte Direktè Egzekitif la imedyatman e dirèkteman lè moun ki temwen abi a fè yon akizasyon sou timoun oswa neglijans ki enplike yon anplwaye Triumph, yon volontè, yon estajyè, yon etidyan oswa yon konsiltan.  
**Si Direktè Egzekitif la pa disponib, kontakte MANAGER ki pi pre w la.**

**Lè yo fè akizasyon sou abi oswa neglijans sou timoun ki enplike yon anplwaye Triumph, volontè, estajyè, etidyan, oswa konsiltan Triumph, Inc. dwe aplike etap sa yo:**

- Moun nan ap bay Direktè Egzekitif la yon rapò ekri ak oral
- Si yon Paran/moun ki bay swen pote akizasyon abi sa a bay Espesyalis Angajman Fanmi yo oswa lòt anplwaye yo, manm pèsònèl la dwe ede paran an kontakte Direktè Egzekitif la imedyatman.
- Si yon timoun ta an danje, anplwaye yo dwe entèvni imedyatman pou asire sekirite timoun nan answit rapòte bay Direktè Egzekitif la.
- Nenpòt anplwaye ki enplike nan yon swadizan ensidan dwe imedyatman sispan travay ak timoun yo an akò ak règ EEC 7.05(3). Y ap toujou kenbe rapò EEC ki apwopriye yo. Edikatè yo responsab pou abi ak neglijans si: edikatè a admèt li lakòz abi a oswa edikatè a kondane pou abi oswa neglijans nan yon pwosedi kriminèl.
- Direktè Egzekitif la, ansanm ak sipèvèzè estaf la lè sa posib, pral rankontre ak manm ekip sal klas timoun nan, enkli nenpòt lòt moun ki gen konesans sou ensidan an pou evalye faktè entèn ki te kontribye nan sitiyasyon an epi rasanble ase enfòmasyon pou bay yon kont egzat pou DCF ak EEC pou yo ka pran desizyon apwopriye konsènan aksyon pèsònèl yo.
- Tout anplwaye ki enplike oswa ki gen konesans sou ensidan an pral soumèt yon kont alekri ak tout detay ki posib nan 24 èdtan bay Direktè Egzekitif la.
- Direktè Egkzekitif la oswa reprezantan li va pral kontakte paran timoun ki enplike yo jan sa apwopriye.
- Direktè Egzekitif la pral kòmanse aksyon pèsònèl (yo) an akò ak Règleman Depatman Edikasyon ak Swen Bonè 7.05(3) ak Règleman Triumph, Inc. Pèsònèl ak Abi ak Neglijans sou Timoun. Youn nan aksyon sa-a yo dwe antame imedyatman:
  - 1) Yo pral plase anplwaye a sou konje administrative/sispansyon pou ankèt avèk oswa san peye.
  - 2) oubyen metel nan lòt posisyon ki pa enplike kontak dirèk ak timoun annatant rezulta envestigasyon an.
  - 3) oubyen Si yo merite revokasyon imedyat, y ap enfòme Konsèy Politik la ak Konsèy Administrasyon an
- Direktè Egkzekitif la oswa reprezantan li va rele nan telefon depatman timoun ak fanmi yo pou ranpli dosye rapò 51A epi enfòme depatman an ke yon akizasyon abi oswa neglijans egziste e ki te fèt pandan timoun nan te nan swen nou. Sa dwe fèt nan espas 24 èdtan epi yo dwe voye yon rapo ekri nan biwo DCF nan 48 èdtan.
- Direktè Egkzekitif la oswa reprezantan li va mete yon rapò nan "LEAD PORTAL" Depatman Edikasyon ak Swen Bonè an pou rapòt ensidan an bay lisansye nou an, evalye lisansye a sou aksyon pèsònèl yo pran, ak estati anplwaye a. Sa a dwe ranpli ak 24 èdtan nan rapò a bay Direktè Egzekitif la
- Direktè Egzekitif la pral konsilte Biwo Rejyonal la nan ACF pou detèmine si yon rapò ofisyèl dwe fèt nan lespas 7 jou apre depoze a.
- Lè yo fenn fè rapò a, anplwaye pa gendwa retounen travay nan pwogram nan jiskaske DCF analize rapò a epi ansanm avèk EEC yo va Mennen tout envestigasyon yo, e ajans lan va recevwa yon not vèbal ak ekri sou tout konklisyon ke yo fè. EEC detèmine dapre envestigasyon li oswa yon ankèt DCF fè apre yon rapò ki depoze anba 51A ak 51B ke gen yon kòz rezonab pou kwè ke edikatè a oswa nenpòt lòt moun ki te lakòz abi oswa neglijans pandan timoun yo te nan swen nou. Direktè Egzekitif la, ak/oswa Kowòdonatè Resous Imèn yo pral kontinye enfòme anplwaye yo konsènan pwogrè ak delè yo prevwa nan ankèt la ak fèmti sa a.
- Si yon akizasyon pou abi oswa neglijans dwe pwouve apre envestigasyon DCF/EEC , yo bay konsèy Administrasyon an yon rapò pou ede detèmine aksyon pwogram ak pèsònèl yo.
- Direktè Egzekitif la pral enfòme Prezidan Konsèy Administrasyon Triumph, Inc., Prezidan Konsèy Règleman an ak/oswa Espesyalis Pwogram Administrasyon Timoun ak Fanmi yo konsènan nenpòt akizasyon DCF sipòte abi oswa neglijans enstitisyonèl dapre Nòm Pèfòmans yo.

**Kontakte Karen Ennis - Direktè Egzekitif: 508-822-5388 x 107**  
**100 Onorab Gordon Owen Riverway, Taunton**

## Anviwoman San Fimen Ni Abiz Sibstans

### Fimen

Lwa sou espas travay entèdi moun fimen nan tout plas travay la, enkli lekòl publik ak lekòl prive yo. Anplis de sa, Massachusetts mande pou tout lekòl publik ak tout lekòl segondè yo ke okenn moun pa dwe fimen sou teren lekòl yo, nan otobis lekòl yo, ak nan aktivite lekòl yo. Siksè prinsip sa a pral chita sou konsiderasyon ak koperasyon moun ki fimen ak moun ki pa fimen yo. Anplwaye yo dwe pataje responsabilite pou respekte ak aplike prinsip sa-a. Paren oswa gadyen ki nan pwogram nan e ki fimen ki ta renmen patisipe nan pwogram pou sispann fimen ta dwe kontakte manadjè Sante ak Sekrite Pedatrik la.

Fimen entèdi nan tout biling, otobis, kamyon ak nenpòt machin lot konpayi nenpòt lè oswa pandan w ap vizite kay la. Règleman sa a gen ladan tou nenpòt sal klas, biwo, kwizin, twalèt pou paran yo ak sal reyinyon anplwaye yo (utilize nan aswè oubyen lajounen) koulwa, espas pou jwe deyò ak machin yo utilize pou transpòte timoun yo. Règleman sa a aplike tou, ak tout anplwaye, paran/gadyen, kontraktè, volontè ak vizitè. Anplwaye ki vle fimen nan machin prive yo dwe pake yon kote apa kote timoun yo pap wè yo. E yo pa dwe rete nan lokal Triumph, Inc. enkli pakin/lari.

Anplwaye yo pa dwe fimen nan visit (adomisil) visit lakay yo, oubyen nan voyaj, oswa nan nenpòt lòt kote paran ak oswa timoun yo prezan. Nou rekòmande ke paran/gadyen yo evite fimen pandan peryòd sa yo tou. Sa gen ladann sigarèt elektwonik oswa lòt pwodui tabak.

Y ap afiche siy ki make “No Smoking” (pa fimen) nan tout antre biling lan ak nan tout biling lan.

### Abi Sibstans

Moun pa dwe utilize “okenn sibstans” nan Tout lokal Triumph, Inc yo. Triumph, Inc, pral ankouraje estrateji pozitif pou fè sa. Nou pap lage pitit ou bay moun ke nou konsidere ki pa gen bon konpotman e ki pa an sekirite ke se swa paran oubyen moun ki represante paran an. Pou nou pa mete lavi pitit ou an danje. Sa ka rive siw bwè alkol, siw pran dwòg oswa medikaman doktè preskri ou oswa lot sibstans ankò. Règleman sa a aplike kèlkeswa kondisyon medikal oswa emosyonèl. Triumph gen yon akò bon ak yon konpayi taksi lokal pou transpò ijans.

Etap sa-a yo pral ekszekite pa yon anplwaye Triumph nan sant lan:

- Yap raple gramoun yo règleman sa a.
- Yap di adilt la ke yo lòt moun ki sou kat ijans la ka vinn chèche pitit ou a.
- Direktè a oswa manadjè pwogram nan pral enfòme imedyatman.
- Yo ka ranpli 51A nan Depatman Sèvis Timoun ak Fanmi. Tout anplwaye yo se repòtè obligatwa. Tout manm estaf yo gen obligasyon e yo responsab pou asire sekirite tout timoun ki enskri nan pwogram nan.
- Yo pral refere w bay Espesyalis Angajman Fanmi w pou adrese enkyetid ou yo yon fason pou baw sipò.
- moun ki gen pwoblèm ki pa swiv règleman sa a epi ki vin agresif nan nenpòt fason, nou dwe rele lapolis lokal.

Si yon manm pèsonèl la rive nan yon vizit lakay swa ki te pwograme oswa ki pat pwograme epi manm pèsonèl la detekte ke moun kap recevwa swen an ta montre ke konpòtman-l fenn bon, yo konsidere-l pa an sekirite oswa ki ta mete pitit li a an danje. epitou yo te enfòme sou aktivite dwòg ki fèt nan anviwònman sa a. Men sa ki pral rive:

- Anplwaye a pral detèmine si timoun nan an sekirite epi yo pral sipèvize pa yon moun ki konpetan
- Anplwaye a pral deplase epi kontakte direktè pwogram lan oswa yon manadjè imedyatman.
- Yo va rele lapolis oswa lòt sèvis ijans si w estime nesesè.
- Yo ka depoze 51A nan Depatman Sèvis Timoun ak Fanmi. Tout anplwaye yo se repòtè obligatwa. Tout manm estaf ak responsab yo dwe asire sekirite tout timoun ki enskri nan pwogram nan.
- Yap refere w bay Espesyalis angajeman Fanmi w pou w explike pwoblèm ou yo nan yon fason pou yo ka sipòtew.

### Règ sou espas travay san zam

Pou asire ke Triumph kenbe yon espas travay san danje epi san vvolans pou tout anplwaye ak patisipan yo, konpayi an entèdi posesyon oswa itilize zam danjere sou pwopriyete konpayi an.

Tout anplwaye Triumph yo sijè a dispozisyon sa a, enkli travayè kontra ak anplwaye tanporè ansanm ak vizitè ak kliyan sou pwopriyete konpayi an. Yon lisans pou pote zam la sou pwopriyete konpayi an pa ranplase politik konpayi an.

"Pwopriyete konpayi an" defini kòm tout biling ki posede oswa lwe pa konpayi an avek zòn ki antoure tankou twotwa, pasaj pyeton, ale ak pakin ki anba pwopriyetè oswa kontwòl konpayi an. Règleman sa a aplike a tout machin ki posede oswa lwe konpayi ak tout machin ki antre nan pwopriyete konpayi an.

"Zam danjere" gen ladann zam afe, eksplozif, kouto ak lòt zam ki ta ka konsidere kòm danjere oswa ki ka lakòz domaj. Anplwaye yo responsab pou asire ke nenpòt atik ke anplwaye a posede pa entèdi pa règleman sa a.

### **Rechèch nan Pwopriyete Pèsonèl**

Triumph rezève dwa a nenpòt ki lè ak nan diskresyon li pou fouye tout machin ki posede oswa lwe pa konpayi an, plis pakè, resipyen, valiz, valiz, kazyé, biwo, patiraj ak moun ki antre nan pwopriyete li, nan bi pou detèmine si nenpòt zam oswa sibstans ilegal yo te, oswa yo te pote sou pwopriyete oswa lokal li an vyolasyon règleman sa yo. Yon manm ekip jesyon Triumph la pral rele otorite polis lokal la pou ede yo nan rechèch la. Anplwaye (oswa paran) ki echwe oswa refize pèmèt yon rechèch san pèdi tan dapre règleman sa a pral sijè a disiplin jiska e enkli esklizyon nan pwogram oswa revokasyon nan travay.

### **Règleman: Pou tcheke dosye background yo (BRC)**

Tout anplwaye aktyèl ak potansyèl Triumph , Inc. oswa lòt moun kap bay swen gadri, oswa sèvis sipò regilyèman (volunteers/intems) ki gen possiblité pou fè kontak ti moun nan pwogram nan san sipèvizon dwe ranpli yon fòm konsantman sou règleman enfòmasyon dosye yo (BRC) ki gen ladann Enfòmasyon sou Dosye Criminal ak Ofans (CORI) fè yon tchèk sou enfòmasyon dosye nan Depatman ttimoun ak fanmi (DCF) verifikasyon sou enfòmasyon dosye sa-a yo dwe fèt sou sipèvizon depatman Edikasyon ak and swen (EEC). Yo dwe fè chèk dosye enfòmasyon (BRC) sou tout potansyèl anplwaye pou pozisyon nan pwogram nan anvan yo konfime òf travay la.

BRC yo, fèt sèlman pa lisansye EEC ki apwouve ak evalyatè Triumph, Inc. Yon lisansye revizyon se yon moun ki otorize pou resevwa, revize, epi diskite sou rezulta BRC lòt anplwaye potansyèl yo, volontè regilye, oswa entèn nan pwogram nan. Triumph pral asire pou EEC konnen lè yon evalyatè apwouve kite travay la. Anplis de sa, Triumph pral asire ke nouvo anploye BRC yo ak chak manm pèsonèl ak volontè regilye ki gen potansyèl pou fè kontak san sipèvizon ak timoun nan pwogram nan dwe renoukle lisans yo pou pi piti chak de (2) zan.

Triumph pral konplete tou yon nouvo revizyon BRC pou yon anplwaye oswa volontè oswa intèn nenpòt lè pwogram nan resevwa enfòmasyon ki ka endike ke yon nouvo revizyon nan tchèk sou dosye yo apwopriye (pa egzanp, notifikasyon ke yo te arete yon anplwaye oswa yo te nonmen non yon moun ki responsab abi ak neglijans sou yon timoun).

Chanjman nan lejislasyon Massachusetts yo te adopte nan dat 3 septanm 2013, kounye a egzije Enfòmasyon sou Rejis Delenkans Seksyèl yo (SORI). tchèk ak anprent ki baze sou baz done istwa kriminèl nasyonal ak eta a anplis ofans kriminèl. Dosye Enfòmasyon (CORI) ak Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) tchèk dosye SORI yo dwe revize pa EEC epi yo konplete an menm tan ak chèk dosye CORI ak DCF.

Lè chèk CORI, DCF, ak SORI yo te apwouve. EEC ap enfòme Triumph pou-l mande kandida a pou-l enskri yon eskanè anprent. Enskripsyon fèt sou entènèt oswa pa telefon pou fè aranjman pou yon randevou nan youn nan local yo ki deziyen na zòn nan. Randevou a pral pran apeprè 5 a 10 minit. Aplikan yo pral resevwa yon resi kòm prèv ke yo te pran anprent dwèt, yo dwe retounen nan Triumph. Gen yon frè pwosesis \$35.00 yo ka peye pa kat kredi oswa debi nan moman enskripsyon an oswa pa chèk labank oswa money order nan moman anprent dijital la. (chèk pèsonèl ak lajan kach pap aksepte). Anplwaye aktyèl yo anplis de potansyèl anplwaye yo dwe peye pri a.

Tout moun dwe bay Triumph resi pèman an kòm prèv eskanè. Anplwaye aktyèl yo elijib pou ranbousman frè pwosesis la sepandan, yo dwe tann rezulta yo nan eskanè anprend yo san yo pa diskalifye enfòmasyon, pou yo ka kalifye pou ranbousman.

Triumph, Inc. ka anboche nouvo anplwaye apre CORI, DCF, ak SORI fin tchèke ranpli ak apwouve. Anbochaj sa yo pral kondisyonèl jiskaske tchèk baz done anprend yo revize ak apwouve pa EEC. Pwosesis apwobasyon EEC ka mande 4-6 semen anvan yo notifye Triumph sou rezulta yo. Kandida pou travay "Apwouve Pwovizwaman" yo ka kòmanse travay, men yo pa ka gen kontak san siveyans ak timoun jiskaske anplwaye a deziyen "Apwopriye" nan sistèm dosye BRC a.

Si aplikan an gen yon estati annatant, epi EEC mande plis dokiman oswa enfòmasyon pou trete demann lan, se responsabilite anplwaye a oswa potansyèl anplwaye, volontè oswa estajyè pou bay EEC enfòmasyon sa yo san pèdi tan. Lè yo retounen rezulta eskanè anprend yo nan EEC, EEC pral fè aplikan an ak Triumph, Inc. pou fe yo konnen dènye desisyon final anbochaj la. Lwa federal entèdi EEC pataje rezulta tchèk baz done ki baze sou anprend dirèkteman ak anplwayè yo. Tchèck CORI, DCF, ak SORI pa gen limit sa yo

Si EEC dezapwouve yon kandida oswa yon anplwaye aktyèl, intèn, oswa volontè, dapre rezulta yon tchèk ki baze sou anprend kont baz istwa kriminèl leta a ak nasyonal la, òf travay la pou kandida a, opòtinité pou estajyè oswa volontè pral anile. Si yo fè detèminasyon sa a pou yon anplwaye aktyèl, yon estajyè oswa yon volontè, Ajans la dwe imedyatman sispann oswa sispann travay oswa plasman.

### **GID JENERAL POU SANTE TIMOUN**

Pratik sante nan Tryonf (Triumph), Inc pral aplike dapre Performans Head Start, Depatman Edikasyon Massachussets, Edikasyon ak Swen timoun piti nou yo. Baz, regleman QRIS ak NAEYC.

### **Kondisyon Sante ak Dokimantasyon**

Pou kenbe yon anviwonman an sekirite ak an sante pou tout timoun ak anplwaye, tryonf (Triumph) Inc. mande paran yo bay dokimantasyon sou swen sante preventif kontinyèl dapre orè EPSDT Massachusetts. Li obligatwa pou fè yon egzamen fisik chak lane pou timoun preskolè ak pi souvan pou tibebe ak pou timoun piti yo. Dokimantasyon sou vaksinasyon yo ajou, tès depistaj ak rezulta ematokrit ak emogobin yo nesesè kòm yon pati nan tchèk timoun oswa egzamen fizik yon timoun. Espesyalis Sante yo pral kontinyèlman swiv swen sante preventif kontinyèl pou tout timoun epi travay kole kole ak fanmi yo pou asire randevou yo pwograme, dokimantasyon egzamen ak swivi tretman nan dosye yo.

Anplwaye pwogram yo pral travay an patenarya ak fanmi yo, lè yo pa resevwa dokiman medikal pwogram nan mande yo. Triumph pral swiv Iwa Asistans pou Sanzabri McKinney-Vento pou tout fanmi ki gen kay pou yo rete, asire ke fanmi yo pa refize fanmi yo aksè nan sèvis yo ofri nan pwogram nan.

### **Vaksinasyon**

Yo revize dosye vaksinasyon yo selon vaksinasyon aktyèl ki apwopriye pou laj yo, eta a pwograme vaksen pou timoun ki enskri ak pou timoun ki deja nan pwogram nan pa yon Espesyalis Sante, oswa Manadjè Sante ak Sekirite Pedyat. Dosye vaksen ki pa konplè yo revize avèk doktè prensipal timoun nan ak paran/gadyen pou detèmine si gen yon orè pou ratrapaj. Fanmi ki chwazi pou yo pa fe vaksinasyon pou pitit yo ka gen pèmisyon ka pa ka epi yo dwe pale ak Manadjè Sante a pou plis konsèy. Triumph, Inc. pral konsilte Konsèy Sante local la, ak Konsiltan Swen Sante lokal la, lè yo aprann gen vaksen pou maladi ki ka evite. Mezi tanporè apwopriye so eksklisyon ta dwe aplike pou asire sekirite timoun nou yo ak anplwaye nou yo. Peryòd enkibasyon apwopriye yo pral detèmine nan kolaborasyon ak Konsèy sante a, ak konsiltan swen sante a, ansanm ak doktè principal timoun nan. Pa estanda pèfòmans Head Start, Head Start oblige paran ki gen timoun ki enskri oswa ki pa enskri men ki pokò vaksinen akòz laj timoun yo, yo va enfòme si oubyen kilè timoun ki nan gadri ki pokò pran vaksen routine yo akòz egzanpsyón. Timoun kap fè eksperyans sanzabri jan sa defini nan Iwa McKinney-Vento Act, ap resevwa sèvis Triumph, Inc. pandan paran yo ap pran aksyon ki nesesè pou respekte vaksen yo mande yo. Yon orè oswa yon plan ratrapaj pral entegre lè enskripsiyon an epi yo dwe ranpli pi vit posib. Espesyalis Sante a pral kontinye swiv pwogrè vaksinasyon yo ak sipòte paran yo responsab si gen bezwen. Si w pa jwenn vaksen ki apwopriye pou laj yo nenpòt lè pandan enskripsiyon an, sa ka lakòz esklizyon tanporè jiskaske yo bay pwogram nan dokiman sou vaksen aktyèl yo. Early Head Star/Head Start kapab bay yo sèvis kay la pandan tan sa a.

## **Swen Sante Oral** (swen pou bouch)

Tout timoun ki gen laj 12 mwa oswa plis dwe bay dokiman ki montre yon egzamen dantè (nan dènye ane a). nan lespas 90 jou apre enskripsyon an. Triumph fè patenarya ak Commonwealth Mobile Oral Health Services pou bay 2 konsiltasyon klinik dantè sou plas pandan ane lekòl la pou tout timoun, avèk konsantman paran ki pa resevwa swen dantè regilye lakay dantis. Timoun yo pral patisipe nan pratik swen sante bouch yo nan salklas yo pandan jounen lekòl. Triumph ap bay bwòs dan ak pat dantifris fliyò pou tout timoun epi bwose dan yo enkli nan orè chak jou nan salklas yo. Espesyalis Sante yo pral kontinyèlman swiv swen sante bouch prevantif kontinyèl pou tout timoun epi travay kole sante avèk Fanmi yo pou asire randevou yo pwograme, asiste ak dokimante egzamen yo ak tretman swivi dosye a.

## **Lave men ak Ijyèn**

Nou kwè fòtman nan ansèyman ak modèl pratik ijyèn pou ankouraje bon sante. Lave men yo se youn nan pi bon fason pou anpeche transmisyon mikwòb yo. Tout anplwaye Triumph, Inc. nan tout salklas yo suiv teknik apwopriye pou lave men yo pandan tout jounen an, dapre direktiv CDC rekòmande yo. Sa gen ladann men se pa sa sèlman: anvan ou antre nan salklas la, anvan ak apre ou fin manyen manje oswa medikaman, anvan ak apre ou fin manje yon timoun, anvan ak apre ou fin mete yon kouchèt oswa pote yon timoun nan twalèt, apre ou fin bay premye swen. Timoun yo angaje nan lave men yo souvan pandan tout jounen an, epi yo pral byen siveye pou teknik apwopriye. Yo te ajoute lavabo nan lakou rekreyasyon yo pou asire timoun yo ka lave men yo tout tan pandan jounen lekòl la. Anplwaye yo pral ede timoun yo kenbe ak pratike bon ijyèn nan lekòl la. Tout timoun ki enskri nan pwogram nou an dwe gen ase rad rezèv ki apwopriye pou mete tan an nan ka yo ta dwe chanje rad yo pandan jounen lekòl la. Enstriksyon CDC pou lave men yo, nan plizyè lang, yo afiche nan chak lavabo ak nan tout sant la. Yo ka itilize dezenfektan pou men yo pafwa si lave men yo pa disponib jan sa apwopriye pou laj timoun yo epi sèlman avèk pèmisyon ekri paran yo. Y ap ankouraje timoun yo pou evite manyen je, nen ak bouch. Pwofesè yo pral montre fason pou yo byen kouvri estènye epi suiv abitid ki an sante.

## **Egzamen fizik oswa tès depistaj ki pa ijan.**

An jeneral, Tryonf (Triumph), Inc. pa pral fè egzamen fizik yon elèv san konsantman paran yo, oswa dapre lòd tribinal. sòf si sante oswa sekirite elèv la oswa lòt moun an kesyon ta an danje. Paran yo gen dwa pou yo retire ptit yo nan nenpòt egzamen fizik ki pa ijan, egzamen fisik pwogrese oswa tès depistaj ki (1) obligatwa kòm yon kondisyon prezans, (2) administre pa lekòl la ak pwogram pa lekòl la davans epi (3) pa nesesè pou pwoteje sante imeda a ak sekirite elèv la, oswa lòt elèv yo. Yap enfòme paran yo nan kòmansman ane lekòl la. dat apwoksimatif lè yo pral fè nenpòt egzamen fizik ki pa ijan, Yon egzamen fizik anvayisan oswa tès depistaj. Ak tes vizyon nan kòmansman ane lekòl la. Paran yo pral resevwa dat apwoksimatif odyans. Yap pataje rezulta tès sa yo ak paran yo san pèdi tan apre tès depistaj yo fini.

## Règleman Swen Sante pou Timoun

### Enfòmasyon sou kontak

<b>Konsiltan Swen Sante</b> Jennifer Sharland, RN (tanpri gade youn nan enfimyè yo pou enfòmasyon kontak si sa nesesè)	<b>Moun pou kontakte si gen ijans</b> Kathleen Mateson Manadjè Sante ak Sekirite Pedyat 508-822-5388
<b>Kote ki otorize pou bay sewn sante</b> Taunton Konsèy Sante 45 School St 508-821-1400	<b>Anbilans</b> <b>Ijans - 911</b>
<b>Depatman Ponpye Taunton</b> <b>Ijans – 911</b>  Ki pa Peye-Ijans 508-824-4024	<b>Depatman Lapolis Taunton</b> <b>Ijans-911</b>  Ki pa Peye-Ijans 508-824-7522
<b>Sant kontwòl pwazon</b> <b>1-800-222-1222</b>	<b>Depatman Ijans Lopital Morton</b> <b>508-828-7100</b>

### Enfòmasyon pou Ijans

Paran yo oblige ranpli yon Fèy kontak lè yo enskri nan pwogram nan. Se responsabilite paran an pou kenbe tout enfòmasyon ajou ak egzat. Nou ankourage paran yo pou yo kontakte Espesyalis Engagman fanmi pou enfòme yo sou nenpòt chanjman nan enfòmasyon kontak yo. Li se yon enpératif pou sante ak sekirite tout timoun pou nou kapab pran kontak ak paran yo nenpòt ki lè.

Nou dwe kolekte enfòmasyon sa-a yo :

- Enfòmasyon timoun nan
- Enfòmasyon sou Doktè Swen Prensipal ak Dantis
- Enfòmasyon sante ki enpòtan; asirans sante, istwa medikal enpòtan, alèji, medikaman, rejim espesyal
- Enfòmasyon sou gadyen
- Kontak Ijans

Yo kolekte konsantman sa yo:

- Otorizasyon paran pou transpò ijans nan lopital ki pi pre a
- Pèmisyon pou bay premye swen/CPR
- Pèmisyon pou transpòte nan machin ajans yo
- Pèmisyon pou transpòte nan machin prive
- Pèmisyon pou fè foto/kasèt video
- Pèmisyon pou aplike krèm pwotèj kont solèy ak pwodui pou touye pinèz
- Pèmisyon pou sèvi ak sanitayzè pou men

Fèy kontak paran ak konsantman pou tout timoun yo rete nan liv prezans nan salklas la tout tan pandan tout jounen an, enkli pwomnad. Yo kenbe yon kopi nan dosye endividyle chak timoun. enfòmasyon Ijans yo antre nan baz done elektwonik Triumph la pou anplwaye ki pa nan salklas la kapab jwenn aksè.

Se zòn Health Content ki kenbe lis lis alèji ak aranjman pou repa epi yo bay tout sal klas yo. Lis yo bay pwofesè ak anplwaye yo gen enfòmasyon konsènan alèji manje endividyle, entolerans, oswa manje ke yo pa konsome akòz kwayans reliye oswa kiltirèl ak akomodasyon ki apwopriye yo dwe bay kòm yon ranplasman. Lis sa yo mete ajou jan sa nesesè oswa nan yon minimum chak mwa. Nou pataje enfòmasyon sou fason repa yo distribiye. Nou pataje enfòmasyon ak konpayi restoration ak tout ranplasman apwopriye yo fè. Anplwaye nitrisyon Triumph a bay akomodasyon ki nesesè pou manje ak ti goute pou satisfè bezwen dyetetik tout timoun yo. Anplwaye nitrisyon yo

se moun ki recevwa fòmasyon pou sa (ServSafe) yo sètifye epi yo te konplete fòmasyon nan Massachusetts Allergen Awareness (Konsyantizasyon Alèjèn).

Espesyalis Sante yo kenbe lis Plan Swen Sante Endividylè akli medikaman yo epi yo bay nan tout salklas. Lis sa yo bay pwofesè yo ak anplwaye yo enfòmasyon konsènan Plan Swen Sante Endividylè, medikaman sou preskripsyon ak medikaman sou preskripsyon pou timoun nan ak medikaman ki pa preskri. Yo itilize lis sa yo kòm referans pou idantifye timoun ki gen plan swen sante ak tretman ki asosye ak kondisyon medikal kwonik yo. Tout medikaman ki sou preskripsyon ak medikaman ki pa nan preskripsyon yo ki nan lis ak yon eksplikasyon tou kout sou tan ki apwopriye pou administre medikaman sa yo. Tout ofisyèl IHCP ak Medikaman yo, dokiman yo kenbe nan salklas la ak timoun nan e ki disponib pou pwofesè yo revize an detay.

### Blesi

Triumph fè efò pou kreye epi kenbe anviwònman ki an sante ak sekirite pou tout timoun, anplwaye yo ak fanmi yo. Espesyalis Sante yo kenbe yon envantè adekwat pou premye swen nesesè nan tout sant Triumph yo. Sal klas yo ekipe ak premye sak èd ki akonpaye sal klas yo tout tan. Malerezman, ka gen fwa ke gen blesi. Tout blesi yo dokimante sou fòm Depatman Edikasyon Bonè ak Swen Blesi nan fòmilè a. Rapò aksidan yo ranpli pa Triumph anplwaye ki te prezan nan moman aksidan an te pataje ak paran yo ak Espesyalis Sante yo. Siyati ou obligatwa pou endike ou te resevwa enfòmasyon sou aksidan an. Espesyalis Sante yo kenbe dosye kontinyèl sou blesi nan sant yo, pou nou ka idantifye nenpòt tandans. Tout anplwaye nan salklas yo resevwa fòmasyon regilye sou CPR ak Premye Swen an konfòmite avèk Depatman Edikasyon Bonè ak Règleman Swen.

Yo pral swiv etap sa yo lè yon timoun blese:

1. Anplwaye Triumph pral evalye aksidan an.
2. Anplwaye kalifye ap detèmine e administre premye swen apwopriye.
3. Anplwaye yo pral ranpli yon Rapò aksidan pou bay paran yo.
4. Si yo estime ke nati aksidan an a mande pou yo avise paran timoun yo anvan jounen an fini, yo va sèvi avèk enfòmasyon kontak prensipal yo te bay sou Fèy Kontakt Paran an. Si yo pa kapab kontakte paran an, yo pral rele kontak ijans lan.
5. Si blesi an mande tretman medikal ijans, nou va rele 911.
6. Yap kontakte paran yo imedyatman apre apèl nan 911 la. Yap rele kontak ijans lan si yo pa kapab kontakte paran an.
7. Yon manm estaf Triumph pral akonpaye timoun nan, nan anbilans la nan lopital ki pi pre a epi rete avèk timoun lan jiskaske paran an rive.
8. Triumph pral rapòt tout blesi grav yo bay nan Depatman Edikasyon ak Swen timoun piti an akò ak politik rapò sou aksidan. Yap mande paran yo pou yo bay dokiman ki swiv nenpòt tretman medikal timoun nan resevwa akòz aksidan an, ak yon papye pou retounen lekòl la si sa aplikab. Triumph pral mete dokiman sa a nan rapò a, ak nan dosye timoun nan.

Yo pral swiv pwosedi ki anwo a pandan tout pwomnad yo. Premye swen timoun ak medikaman ijans, yo dwe aksesib tout tan

Kreye ak kenbe anviwònman an sekirite enpòtan anpil pou minimize sikontans blesi yo. Obsèvasyon ak sekirite chak jou tout etablisman yo va fet pa enstalasyon yo ak anplwaye nan salklas yo. Tout sibstans toksik, objè byen file ak lòt objè danjere yo estoke deyò kote timoun pap jwen yo.

### Maladi

Timoun yo souvan vin malad pandan premye eksperyans lekòl yo paske kò yo ap aprann goumen ak nouvo jèm ak viris yo ekspoze a. se pa entansyon nou pou pèmèt timoun ki vrèman malad yo rete nan sant la, men tou se pa entansyon nou pou ekskli timoun ki sèlman santi yo pa byen. Triumph konte sou paran yo pou fe bon desizyon konsènan sante timoun yo, epi lè li nesesè pou kenbe pitit yo lakay akòz maladi pou yo pa pwopajebay lòt timoun ak anplwaye yo. Espesyalis Sante oswa rezantant li pral kontakte paran yo lè yo jwenn yon timoun twò malad pou rete lekòl. Si yo pa ka jwenn paran yo, Espesyalis Sante yo oswa rezantant li pral kontake kontak ijans yo. Yap tann paran yo, pou vinn chèche pitit yo byen vit epi nan yon delè rezonab jan espesyalis Sante oswa rezantant li mande pou sa fèt. Timoun ki absan pou 3 jou oswa plis akòz de maladi dwe pote yon nòt doktè

anvan li retounen nan pwogramme nan. Si yon timoun montre sentòm ki mande swen medikal ijans, anplwaye yo pral swiv blesi a aekk etap 1-8 anwo a.

Sa ki anba la a se yon gid jeneral pou detèmine eksklizyon tanporè akòz maladi:

1. Pwofesè yo dwe kontakte Espesyalis Sante yo pou fè yo konnen lè yon timoun malad. Si espesyalis sante yo pa ta la, yo ka kontakte Manadjè Sante Pedyat ak Salety oswa yon Kowòdonatè Edikasyon.
2. Espesyalis Sante oswa reprezantan li pral evalye chak ka endividiyèl.
3. Espesyalis Sante a oswa moun li deziyen an ap detèmine si yo bezwen voye timoun nan lakay li epi lap enfòme paran an si yon evalyasyon medikal nesesè pou retounen nan pwogram nan.
4. Timoun yo kapab rete nan swen si yo montre sèlman yon ti sentòm modere ki pa nan lis restriksyon anba a.

### Restriksyon Sante

Pwogram nan pral detèmine eksklizyon maladi tanporè dapre ka sa yo:

- **Mank patisipasyon-** timoun yo dwe kapab patisipe alèz nan tout aktivite chak jou san yo pa gen yon pi gwo bezwen pou swen pase sa anplwaye a ka bay san yo pa konpwomèt sante ak sekirite lot timoun yo.
- **Lafyèv** - Yap voye tibebe ki gen laj kat mwa oswa pi piti lakay yo epi yo, epi pral ankouraje yo pou yo wè pedyat li pou yo pran tanperati kò a, si li 100.4 degré oswa pi wo. Yap voye timoun ki gen plis pase kat mwa lakay yo lè tanperati kò yo rive nan 101 degré oswa pi wo. Timoun yo pa ka retounen nan pwogram nan jiskaske tanperati kò a te retounen nan nòmal pou omwen 24 èdtan san yo pa itilize medikaman pou diminye lafyèv.
- **Dyare-** yo Defini dyare lè yon moun ap poupou dlo san li pa fè chanjman nan rejim li. Timoun yo pral eskli nan pwogram nan si poupou yo pi lach pase nòmal, ak si timoun nan ta poupou lach plis pase de fwa nan yon jounen. Timoun yo ka retounen nan pwogram nan apre poupou yo tounen nòmal epi yo pa gen sentòm pou 24 èdtan san yo pa pran medikaman.
- **Vomi-** Timoun yo pral ekskli si yo vomi plis pase de fwa. Si yon timoun ap vomi epi li gen lot sentòm ankò sa pral lakòz eksklizyon. Timoun yo ka retounen nan pwogram nan lè vomisman an sispan epi yo pa gen sentòm pou 24 èdtan san yo pa pran medikaman.
- **Gratèl ki akonpaye pa lafyèv oswa chanjman konpòtman-** Timoun yo pral eskli jiskaske yon pwofesyonèl swen sante detèmine ke sentòm yo pa endike se yon maladi kontajye.
- **Pou vivan nan tèt-** Timoun yo pral eskli lè yo jwenn pou vivan nan tèt yo. Timoun yo ka pa retounen jiskaske yo fè tretman pou yo epi yo gen prèv ke yo pa wè pou vivan nan tèt yo ankò.
- **Pwosedi Chirijikal--Planifye oswa san lanifye** -Timoun yo dwe resevwa otorizasyon medikal anvan yo retounen lekòl oswa pwogramasyon.

Maladi kontajye sa yo mande pou fè yon dyagnostik nan men yon pwofesyonèl swen sante epi yo pral lakòz eksklizyon tanporè nan pwogram nan. Lis sa a pa konplè sou tout kalite maladi kontajye men pito se lis maladi ki pi komen ke nou we nan lekòl. Timoun yo pa ka retounen nan pwogram nan jiskaske kritè eksklizyon yo te genyen an rezoud jan yon pwofesyonèl swen sante detèmine. Yon nòt doktè ki pèmèt timoun nan retounen lekòl la kapab obligatwa.

- Konjonktivit
- Gòj fè mal (strep)/Lafyèv wouj (scarlet)
- Varisèl
- Enpètigo
- RSV
- Kwoup
- Grip
- Enfeksyon (staph)/MRSA
- KOVID-19 an akò ak règleman mitigasyon KOVID

Chak fwa yon timoun gen oswa ka gen yon kondisyon kontajye paran yo dwe notifye pwogram nan pi vit posib. Notifikasyon/avi sa a pral bay enfòmasyon enpòtan epi pèmèt pwogram nan kominike ak lòt paran yo. Yo pral voye lèt bay paran yo lakay yo pou yo enfòme yo sou ka malady kontajye ak gidans si pitit yo ta vinn malade.

## **Jesyon Maladi Enfektye ak Kontwòl Enfeksyon**

Triumph respekte règleman ak pratik esklizyon ki anwo yo pou tout maladi grav, maladi kontajye, ak maladi rapòte ke tout moun ka pran, selon règleman ak rekòmandasyon Divizyon Kontwòl Maladi Kontajye yo ansanm ak Depatman Sante Biblik. Ajans la swiv rekòmandasyon Depatman Sante Biblik konsènan itilizasyon pwodui pou repouse ensèk epi kenbe yon plan Jesyon entegre nan eta Massachusetts an konfòmite ak Lwa sou Pwoteksyon Timoun ak Fanmi yo ki rele Children and Families Protection Act. Politik Triumph pou Rediksyon COVID la disponib sou sitwèb nou an oswa alekri sou demann.

Sal klas yo pwopte e dezenfekte mèb yo pandan tout jounen an ak savon avek dlo, ak klowòks, e avek lòt solisyon kòm Règleman Depatman Edikasyon ak Swen mande. Yo netwaye jwèt yo e dezenfekte yo regilyèman, epi tout jwèt ke yon timoun mete nan bouch yo retire imedyatman jiskaske yo byen netwaye. Anplwaye pwogram yo netwaye tout bilding yo chak jou. Devwa gadyen an se pou li netwaye salklas yo chak jou: tankou pase aspiratè (vakyòm) pase mop ak netwaye twalèt yo a dwe fêt pandan timoun yo pa prezan nan salklas la. Tout chann tibebe yo se anviwònman san soulye. Kouvèti soulye yo disponib pou anplwaye yo, paran yo, ak vizitè yo pou kenbe planche a pwòp ke posib. Tout anplwaye dwe pran prekosyon pou evite kontak ak likid kòporèl. Prekosyon inivèsèl ak estanda enplike itilizasyon ekipman pou pwoteksyon pèsonèl, tankou gan, ròb ak plak pou pwotèj figi ansanm ak bon pratik lave men pou evite kontak ak materyèl ki te ka potansyèlman enfektye.

**Enfestasyon pinèz** kapab yon sitiyasyon difisil pou kèk fanmi. Timoun yo pap ekscli nan pwogram nan lè yo ta sisèk oswa konfime ke yon timoun gen pinez lakay li. Triumph, Inc pap fèmen sant li yo paske yo jwen pinez, sof si nou dwe fèmen pou yon ti tan tou kout pou nou ka pèmet yon konpayi kontwòl ensèk nuizib fè yon tretman.

## **Administrasyon Medikaman**

Medikaman ak preskripsyon e san preskripsiyo yo pral administre nan sant Triumph, Inc. lè sa nesesè epi sèlman lè paran an, doktè preskripsiyo an ak Espesyalis Sante yo te konpile tout dokiman otorizasyon ki nesesè yo. Espesyalis Sante oswa Manadjè Sante ak Sekirite Pedyat la pral revize tout demann oswa administrasyon medikaman an pou detèmine si li apwopriye pou ajans lan administre. Nou ankouraje paran ak founisè swen prensipal yo ranje yon orè dòz ki pa enplike lè timoun nan nan sant la chak fwa sa posib. Fòmilè otorizasyon Medikaman yo valab pou yon ane sóf si kantite dòz yo chanje.

Tout medikaman yo dwe bay paran an epi yo dwe nan resipyen orijinal la ki gen etikèt sou preskripsiyo orijinal la. Se sèlman medikaman ki gen dokiman otorizasyon ki apwouve yo aksepte. Paran yo dwe evite pou yo pa voye okenn medikaman pou ale lekòl ak pitit yo nan sakado pitit yo.

Medikaman dwe delivre bay anplwaye pa paran an. Medikaman yo pral estoke kòmsadwa pou asire asenisman, prezèvasyon, ak sekirite. Tout medikaman ijans dwe disponib imedyatman pou itilize kòm bezwen.

Tout medikaman kontwole yo pral estoke nan biwo Espesyalis Sante yo. Sèl anplwaye ki otorize pou administre yon Medikaman kontwole dwe resevwa fòmasyon endividylè pa Espesyalis Sante a. Medikaman kontwole yo konte chak jou pa de anplwaye nan yo. Paran yo dwe konte medikaman yo ak Espesyalis Sante a lè yo bay pwovizyon an epi dokimante konte a sou yo dosye administrasyon an.

Anplwaye Triumph pa pral administre okenn medikaman kontrèman ak enstriksyon ki sou vesò orijinal la, sof si doktè a ta otorize fè sa. Premye dòz tout medikaman yo dwe administre lakay pa paran an. Anplwaye yo ap note chak fwa yo bay yon timoun yon medikaman sou fòm Administrasyon Medikaman an. Chak timoun ki pran medikaman sou plas ap gen yon dosye endividylè pou swiv tout lè yo bay yo medikaman an. Nenpòt erè ki fèt pandan y ap administre medikaman yo pral dokimante sou fòm Administrasyon Medikaman an ansanm ak nan dosye timoun nan. Yap kontakte paran yo pou enfòme yo sou erè medikaman an oswa si timoun nan refize pran medikaman an. Nenpòt anplwaye otorize pou administre medikaman yo dwe ranpli Depatman Early Education e Fòmasyon sou senk Dwa Administrasyon de Medikaman.

Tout medikaman ki pa itilize oswa ki ekspire yo pral retounen bay paran an pou yo jete yo. Tout medikaman retounen yo pral dokimante nan dosye timoun nan. Si retounen bay paran an pa posib, ajans lan ap jete medikaman sa yo.

**Tablo ki anba a espesifye tout egzijans konsantman ak dokimantasyon daprè Depatman Early Edikasyon ak Swen.**

Kalite Medikaman	Paran an dwe bay Konsantman-l pa ekri	Otorizasyon yon profesyonel sante li obligatwa	Enregistrement obligatoire
Tout preskripsyon	wi	Wi, dwe nan yon vesos original, ak etikèt oriinal la ki gen non timoun nan ekri sou li	Wi, non timoun nan,dòz, dat, lè, siyati anplwaye a; Si yo ta manke yon dòz yo ta dwe note sa tou epi fok nou di tou poukisa (rezon yo) dòz la te manke
Oral ki pa Preskripsyon	Wi, renouvre chak semèn ak dòz, lè, jou ak objektif	Wi, dwe nan yon vesos original, ak etikèt oriinal la ki gen non timoun nan ekri sou li	Wi, non timoun nan,dòz, dat, lè, siyati anplwaye a; Si yo ta manke yon dòz yo ta dwe note sa tou epi fok nou di tou poukisa (rezon yo) dòz la te manke
San Preskripsyon pou sentòm modere san prevwa (legzanp:asetaminofèn, ibipwofèn,antihistamin)	Wi renouvre chak ane	Wi, dwe nan yon vesos original, ak etikèt oriinal la ki gen non timoun nan ekri sou li	Wi, Non timoun nan, dòz, dat, lè, siyati anplwaye.
Aktualite, san Preskripsyon (lè aplike pou blesi oswa po kase)	Wi renouvre chak ane	Wi, dwe nan yon vesos original, ak etikèt oriinal la ki gen non timoun nan ekri sou li	Wi, Non timoun nan, dòz, dat, lè, siyati anplwaye
Aktualite, san Preskripsyon (lè li pa aplike pou blesi oswa po kase)	Wi renouvre chak ane	Non. Atik ki pa aplike Pou louvri blesi oswa Po, ka apwovizyone pa pwogram nan epi avize paran yo. oswa paran yo ka voye al pran mak yo pi pito mak yo vle nan atik sa yo pou pwòp pitit yo	Non, pou atik yo itilize sèlman pou prevansyon, tankou krèm pwotèj kont soleyn, repouse ensèk ak

## **Plan Endividiyèl Swen Sante**

Sant yo pral kenbe yon Plan Endividiyèl Swen Sante (IHCP) pou tout timoun ki gen yon kondisyon medikal kwonik kòm dyagnostik pa doktè prensipal yo oswa espesyalis yo. IHCP kreye epi kenbe an kolaborasyon ak paran yo, doktè ki bay preskripsiyan ak Espesyalis Sante pou asire ke bezwen swen sante endividiyèl yo satisfè. Medikaman ijans yo preskri kòm yon pati nan plan endidiviyèl swen sante yon timoun IHCP dwe konseve sou plas pou asire ke li disponib fasilman. Medikaman ijans dwe bay nan pakè orijinal la ak etikèt preskripsiyan an atache anvan pwogram nan kòmanse. Medikaman ki ekspire oswa siw pa bay kantite nesesè pandan tout ane lekòl la, sa ka bay kòm resulta yon esklizyon tanporè jiskaske sa nesesè yo bay pwogram nan medikaman. Yon pwovizyon adisyonèl nan medikaman an ijans ka nesesè pou timoun yo ki resevwa sèvis transpò nou yo. Espesyalis sante yo pral bay fòmasyon sou plan swen sante endividiyèl yo. paran tout timoun ki nan pwogram nan va gen randevou ak founisè swen sante regilyèman. Tout anplwaye salklas yo resevwa The Five Rights of Medication Administration (5 dwa nan administrasyon medecin) bay pa Depatman Edikasyon ak Swen Early start Education e Care lè yo anboche epi chak ane apre sa. Yo mete Plan Swen Sante Endividiyèl ajou chak ane, oswa pi bonè si kondisyon tretman yo chanje

## **Nitrisyon Timoun**

Bon jan nitrisyon se yon pati enpòtan nan yon vi ki an sante. Manje an sante bay fanm ansent ak timoun yo eleman nitritif esansyèl ak vitamin yo bezwen pou yo rete an sante, fò ak aktif. Tryonf, inc (Trumph, In ) ankouraje estil sante lè nou ofri yon varyete manje ak ti goute nourisan pou tout timoun yo. Nou angaje nou pou bay bon kalite manje ki sèvi nan yon anviwònman dekontrakte ki ankouraje endepandans.

## **Enfòmasyon sou Nitrisyon**

Yo mande paran yo pou ranpli yon fòmilè Enfòmasyon sou Nitrisyon pou pitit yo nan enskripsiyan an epi chak ane apre sa. Fòm sa a kolekte enfòmasyon sou manje ki bay alèji, tradisyon sou zafè manje ak pratik kiltirèl epi yo revize pa yon espesyalis nitrisyon ak sèvis manje epi yo rasable lòt enfòmasyon adisyonèl, tankou pwa, wotè ak tès san nan dosye timoun nan pou evalye si timoun nan gen yon pwa ki an sante epi bay paran yo resous pou yo sipòte timoun ki kategorize ki pa gen anpil pwa oswa ki twò gwo dapre pou santaj BM yo oswa wotè yo Sèvis edikasyon sou nitrisyon disponib pou tout fanmi yo sou demann.

## **Sipò nitrisyonèl prenatal**

Fanm ki enskri nan pwogram fanm ansint nou an resevwa konsèy sou zafè nitrisyon pou ede yo sipòte manman an ak ti bebe kap grandi nan vant li. Anplwaye yo pral diskite sou benefis ki genyen nan bay tete epi ofri enfòmasyon resous ekstèn ki ka ede sipòte manman an pandan tout tan lap bay tete lè timoun nan fèt. Fanm ansint lan dwe ranpli yon fòm ki gen enfòmasyon sou nitrisyon pou asire ke li ap kenbe yon rejim alimantè ki an sante ak resevwa vitamin ki awopriye yo ak eleman nitritif ki esansyèl nan devlopman fetis la.

## **Repa ak ti goute**

Tout timoun resevwa repa nourisan pandan jounen lekòl la ak swen alimentè pou timoun ak Gramoun nan pwogram (CACFP) Pou asire ke manje ak ti goute ke yo bay yo respekte tout rekòmandasyon dyetetik ki awopriye pou laj yo.

Nou bay manje ki gen anpil vitamin, mineral ak fib epi ki pa gen anpil sik, grès ak sodyòm. Tibebe ak timoun piti yo resevwa manje maten, ti goute, manje midi ak ti goute apremidi chak jou. Timoun preskolè resevwa manje maten ak manje midi. Timoun preskolè ki enskri nan pwogram jounen konplè a resevwa yon ti goute anplis manje maten ak manje midi. Timoun ki enskri nan pwogram ki baze sou vizit lakay yo pral resevwa yon ti goute pandan yap sosyalize yo. Nou toujou ankouraje Timoun yo pou eseye tout manje men pa janm fòse yo manje.

Lè repa se yon pati enpòtan nan jounen chak timoun. Timoun yo ak anplwaye yo chita pou manje ansanm menm jan sa fèt nan fanmi. Yo ankouraje timoun yo sèvi tèt yo pou ede devlope nouvo konpetans epi pratike bonn manyè nan manje sou tab. Yo prezante timoun yo yon varyete nouvo manje ki an sante pandan ane lekòl la. Pwofesè yo ofri opòtinite pou diskisyon pandan lè manje midi pou sipòte eksperyans nan lè repa pou chak timoun. Yo souvan diskite gwosè pòsyon, fason yo (manyè), gou manje yo, teksti ak fason yo prepare manje a.

## **Sekirite alimantè ak Sanitasyon**

Triumph , Inc. prepare e sèvi repa dapre direktiv Pwogram Swen alimantè pou Timoun ak granmoun nan pwogram (CACFP). Manje yo prepare nan bon kondisyon sanitè ak pèsonèl ki resevwa fòmasyon sou sekirite alimantè ak sanitasyon. Pou asire ke manje yo bon prepare nan bon kondisyon ijyèn ak sanitè, konfòme ak règleman CACFP epi satisfè bezwen nitrisyonèl alimantè ki sot nan kay se entèdi. Pou sekirite tout timoun, Triumph, Inc. se yon anviwònman ki an sekirite epi tout manje yo sèvi pou timoun yo pa gen okenn nwa.

### **Akomodasyon Repa**

Nou pran oserye manje ki bay alèji epi nou bay repa altènatif ak ti goute pou tout timoun ki gen yon papye ki di yo fè alèji, manje yo pa dijere (entolerans), oswa preferans reliye. Li nesesè pou doktè baw yon ki di tout sa entolerans, oswa alèji anvan enskripsyon an chak ane apre sa. Timoun ki devlope alèji oswa entolerans manje pandan ane lekòl la tou oblige ba nou yon deklarasyon medikal pou asire yo fè aranjman ki awopriye yo. Manje espesyal akomodasyon yo fèt pou fanmi ki pratike vejetaryen, veganis ak lòt pratik nitrisyon menm jan an.

### **Tibebe yo**

Nou ankouraje e sipòte bay tete kòm pi bon manje pou tibebe w la men nou respekte ke ou ka chwazi pou bay bebe a lèt (fòmila). Nou bay fòmila pou tout tibebe ki nan sant ki enskri nan pwogram nou an. Mak fòmila sa-a jeneralman se menm sa yo bay nan WIC pou ede fanmi yo kenbe konsistans. Yon nòt doktè obligatwa si yo ta rekomandew pou bay pitit ou a yon lèt ke nou pa gen nan pwogram nou an. Nou asepte lèt manman nan boutèy pwòp ki gen yon etiket ak non timoun nan ekri sou li avek dat yo te tire lèt la epi yo estoke nan frijidè salklas yo. Pou sekirite pitit ou a, se pou chofe lèt fòmila ak lèt manman an avèk dlo cho ki sot nan tiyo sèlman. Se pou jete tout rès lèt ki rete nan bibon an apre chak repa depi lè a depase.

Tibebe yo manje sou demann. Yo gen yon ensten natirèl ki di nou ki lè ak kantite yo vle manje. Nou pa kontwole konsomasyon yo. Yo kenbe ti bebe yo epi yo pale avek yo pandan y ap manje epi yo pa janm bay ti bebe yo bibon nan bèsyo. Tibebe yo ka kòmanse manje sereyal ak lòt manje solid, pwogram nan bay nan laj 6 mwa osi lontan ke paran an te kòmanse prezante manje nan kay la. Yon fwa tibebe w la kòmanse manje manje solid ou pral ranpli entwidiksyon nou nan Fòm alimantè. Li enpòtan pou w kontinye kominike ak pwofesè pitit ou a konsènan devlopman ak bezwen nitrisyonèl yo. Tibebe yo ap kòmanse tranzisyon nan lèt likid nan laj 12 mwa. Nou kòmanse bat tibebe yo bwè nan gode nan laj 5 mwa epi nou ankouraje w fè menm bagay la lakay ou. Yo bay tout ti bebe yo istansil (kiyè asyèt) pou yo ka manje, manje ki solid epi ankouraje yo pou yo ka manje pou kont yo.

### **Jesyon Ijans**

Triumph, Inc. fè efò pou kreye epi kenbe yon anviwònman an sekirite pou tout timoun, fanmi ak anplwaye yo. Tout sant Triumph yo gen yon Plan Preparasyon pou Ijans konplè. Anplwaye ak volontè yo resevwa fòmasyon nan evakyasyon ijans ak pwosedi respons ak egzèsis evakyasyon pratik chak mwa. Plan evakyasyon yo afiche nan tout salklas yo epi yo bay yo anplwaye yon wout prensipal ak segondè pou sove soti nan salklas la. Yo pratike lòt egzèsis respons pou ijans pandan tout ane lekòl la pou ede timoun yo ak anplwaye yo prepare yo, pou yo reponn san danje nan ijans yo.

## Kalite Repons

Repous pou Ijans				
Evakyasyon	Abri Anplas	Lòk	Sekirize Epi Kenbe	Kòd Jòn
<p>Lè yo detèmine ke yon menas entèn fè li pi an sekirite deyò biling lan ke andedan.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Pran liv prezans, iPad, ak sak premye swen</li> <li>Soti nan sal klas ou oswa biwo ou san pèdi tan epi pran wout prensipal oswa segondè dezigne ou an</li> <li>Lè yo fin evakye nan yon kote deyò a, fè yon konte non-a-fas pou asire ke tout timoun/anplwaye yo te konte. Fè yon moun nan jesyon konnen si gen yon moun ki manke.</li> </ul>	<p>Lè yo wè yon menas ki gen rapò ak move tan nan zòn ki antoure lekòla.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Kontinye ak biznis nòmal nan tout salklas ak biwo yo</li> <li>Koute enstriksyon repos yo si yo jije ke demenajman andedan biling lan nesesè</li> </ul>	<p>Lè yon menas vyalans iminan ka mete an danje sekirite timoun yo ak anplwaye yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Si menas la ekstèn, asire w ke pa gen pèsonn nan koulwa yo ak lakou rekreyasyon yo epi retounen nan salklas ou a oswa biwo w</li> <li>Si menas la se entèn, asire w pa gen pèsonn nan koulwa yo epi retounen nan salklas ou a oswa nan biwo ou. Sal klas deyò sou lakou rekreyasyon yo dwe evakye lokal la</li> <li>Fèmen e klete tout pòt yo, fèmen limyè yo, epi kouvri tout fenet ke posib</li> <li>Deplase tout timoun ak anplwaye yo lwen pòt la epi rete trankil epi pa fè okenn son</li> <li>Rete fèmen jiskaske jesyon oswa pèsonèl ijans di ou sispann</li> <li>Ka mennen w nan evakyasyon</li> </ul>	<p>Lè yon menas ki pa iminan ap fêt andedan oswa toupre biling lan.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Kontinye ak aktivite nòmal nan salklas yo ak biwo yo</li> <li>Pa ale deyò epi pa sèvi ak lakou rekreyasyon yo</li> <li>Kontinye fè yon poz mouvman andeyò salklas yo ak biwo yo jiskaske yo di w sispann oswa yo bay plis enstriksyon</li> </ul>	<p>Lè yon timoun kite yon salklas poukont li oswa lè gen yon timoun ki manke</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Anplwaye sal klas yo pral difize epi anonse "kòd jòn" epi idantifye nimewo salklas yo</li> <li>Sal klas yo dwe rete nan rapò</li> <li>Tout anplwaye biwo yo dwe bloke pòt biwo ak pòt pou sòti yo</li> <li>Anplwaye biwo ak sal klas ki disponib yo pral chèche timoun nan epi retounen yo nan salklas yo dezigne an</li> <li>Si yo pa ka jwenn timoun nan kontakte 911</li> </ul>

## Prevansyon dife

- Yo pratike egzèsis chak mwa nan divès lè nan jounen an ak nan diferan kondisyon metewolojik.
- Yo enspekte aparèy pou etenn dife yo regilyèman. Yo mete yo toupatou nan tout biling yo epi yo disponib fasilman pou lè yo bezwen yo.
- Kote pou sòti yo make byen klè epi yo pa gen okenn obstak pou ampeche moun sòti.

- Nimewo telefòn ijans yo afiche akote salklas ak biwo yo.
- Enspeksyon aparèy pou etenn dife yo fèt chak trimès, e sistèm alam dife yo fèt pa yon konpayi pwofesyonèl
- Tout anplwaye yo resevwa fòmasyon pou rekonèt ak adrese danje potansyèl yo.
- Vil Taunton fè enspeksyon batiman yo ak aparèy pou etenn dife yo dife chak ane
- Pèson pa gen dwa fimen nan batiman yo oswa nan lakou a.

### **Reyinifikasiyon ak paran yo**

Gen kèk ijans ki ka mande w pou w vinn chèche pitit ou a nan yon kote altenatif. Anplwaye Triumph ap bay paran ak gadyen yo enstriksyon reyinifikasiyon ak pozisyon atravè mesaje lekòl la ki rele School Reach. Direktè Egzekitif la ak biwo

Jesyon pral kolabore ak Pèsonèl Ijans jan sa nesesè pou detèmine fason ki pi apwopriye anvan yo kontakte paran yo. Anplwaye Triumph pral kenbe epi swiv règleman pou relache timoun yo pou asire sekirite tout timoun yo.

Kote prensipal nap evakye timoun an deyò sit lan se jan sa-a:

Sant	Sit Evakyasyon
Riverway	Taunton High school
Quinn center	Boston Globe
Barnum	Riverway Center

Sizoka sit evakyasyon sa yo pa ta disponib lidèchip Triumph pral kontakte pèsonèl ijans lokal yo pou detèmine yon lokal segondè. Y ap fè paran yo konnen lè yo konnen

**Fèmen alontèm akòz pandemi oswa lòt ijans:** Si yo mande yon fèmen alontèm an repons a yon ijans sante oswa yon lòt katastwòf, Triumph pral etabli yon platfòm aprantisaj vityèl ak opsyon tankou ZOOM, Dojo, YouTube, Facebook (live) oswa yon lòt ki menm jan an, si sa posib. Direktè Egzekitif la oswa reprezantan li pral bay paran yo mizajou regilye sou chanjman nan pwogram nan atravè School Reach oswa youn nan platfòm sa yo. Triumph ap fè tout efò posiblite pou bay pwovizyon esansyèl pou fè aktivite nan lakay yo.

### **Patenarya Kominotè ak Volontè**

**Angajman Kowòdone Fanmi ak Kominote (CFCE)** se yon pwogram sibvansyon leta finanse ke Triumph Inc, te fè. Kominote ak Manadjè Programmasyon Lakay. Enfòmasyon sou Edikasyon timoun piti ak opsyon Swen ak resous pou fanmi yo pataje ak paran responsab yo ak founisè swen timoun nan tout kominote a sou alfabetizasyon ak lòt sijè devlopman. Pwogram nan bay jwèt gratis ki baze sou alfabetizasyon, tès depistaj ak sipò paran atravè Taunton, Raynham ak Bridgewater.

### **Bibliyotèk Resous Kominotè**

Bibliyotèk Resous Kominotè ki sitiye nan sit Barmum nou an, se kordonatè fanmi Triumph lan ki jerel ak Sibvansyon Angajman Kominotè (CFCE). Paran/gadyen nou yo ak kominote a kapab jwenn aksè nan liv sou yon pakèt domèn ak yon seri sijè. Anplis de sa, gen yon estasyon òdinatè sou Entènèt ak aksè entènèt, komite resous kominotè ak yon zòn prive pou manman ki bay tete. Tanpri kontakte nimewo prensipal la pou pwogramme aksè nan òdinatè a.

**Paran timoun+** Pwogram ki rele paran timoun+ Triumph, Inc. nan pote bon jan kalite pwogram ki baze sou alfabetizasyon ak jwèt lakay ou pou timoun ki gen laj 16 mwa jiska yo rive nan jandandanfan. Yo pral vizite tout fanmi yo de fwa pa semèn pou 30 minit chak vizit. Pandan vizit sa yo, ou menm ak pitit ou a pral pran anpil plezi nan jwe! Vizitè lakay ou ap ba ou liv gratis ak jwèt pou sipòte w nan moman an. Tanpri kontakte Manadjè Pwogram nan Lakay ak Kominote nan 508-822-5388 pou plis enfòmasyon oswa pou aplike pou pwogram gratis sa a.

**Granparan adoptif/gadyen** - Gen kèk salklas yo bay yon granparan foster ki fè pati ekip salklas la. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Citizens for Citizens nan 508.679.0041. Moun sa yo resevwa fòmasyon nan men

anplwaye kalifye nou yo. Pitit ou a pral benefisyé de relasyon yon granmoun aje ki gen lanmou. Granparan adoptif patisipe nan anpil aktivite epi ede asire ke chak timoun resevwa atansyon youn a youn.

**Volontè yo:** Yo bay tout volontè regilye yo yon bon jan oryantasyon anvan yo kapab kòmanse travay kòm volontè kòm ranpli yon chèk anprent CORI/SORI si gen posiblite pou volontè a gen kontak san siveyans ak lòt timoun.

**Volontè Lekòl Segondè ak Kolèj** Nou gen anpil chans pou nou gen volontè ki sot nan lekòl segondè lokal yo ak kolèj nan zòn nan pou vin jwenn nou nan salklas nou yo pandan tout ane lekòl la. Elèv yo recevwa gidans nan men anplwaye salklas nou yo ak sipèvizon kontinyèl nan men yon manm pèsonèl nan lekòl respektif yo.

**Estajye nan lekòl segondè ak kolèj** Triumph, Inc. sèvi kòm yon sit plasman pou lekòl segondè teknik ak kolèj yo. Tout entèn yo sipèvize pa ekip jesyon nou an. Nou benefisyé anpil lè nou gen adilt ki gen talan adisyonèl sou plas epi elèv sa yo benefisyé nan opòtinite pou pase tan nan pwogram bon kalite siperyè nou yo pandan yap aprann sou levasyon Edikasyon pou timoun pití, Travay Sosyal ak Enfimyè oswa lòt sijè ki enpòtan.

**Volontè Patnè Kominotè:** Pafwa, Triumph ka sèvi ak volontè nan youn nan anpil patnè kominotè nou yo pou fè yon fòmasyon pou anplwaye yo oswa paran yo, ede nan travay antretyen alantou biling lan, oswa ede Ajans la nan yon lòt fason. Nou asire w ke volontè sa yo gen yon anplwaye ki akonpaye yo tout tan.

## Paj Siyati - Tanpri retire epi retounen bay Espesyalis Angajman Fanmi an

\_\_\_\_\_, Paran/gadyen =  
verifye mwen te resevwa Manyèl paran/gadyen Triumph, Inc. epi mwen konprann se responsabilite mwen pou m li  
epi suiv règleman yo ak pwosedi yo pandan yap enskri pitit mwen an nan pwogram Triumph, Inc.

Siyati paran/gadyen: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_